12+

# МАХ ДУГ

80

3
2014


Elsie Ferguson.



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2014

# МАХ ДУГ

**3**

**2014**

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ



**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал



Дзæуджыхъæу, 2014

## НОМЫРЫ ИС:

**Сылгоймаг, уарзондзинад, фидауц** 6

*САНАТЫ Уари.* **Тугвæндаг.** Кæрон 13

*ДАУЫРÆ, ÆЛБОРТЫ Беллæ, БУТАТЫ Ритæ, ДЖУСОЙТЫ Майæ, КОКОЙТЫ Эльзæ, КУЫМÆРИДТАТЫ Ирмæ, ХУЫДЖЕТЫ Азæ, ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ.* ***Æмдзæвгæтæ*** 52

*ГУЫЦМÆЗТЫ Миланæ.* **Бурдым мæргъты æмбырд.** *Новеллæ* 70

*ГУСАЛТЫ Замирæт.* **Сырдты æлдар.** *Æмбисонд* 71

*ТЫЛАТТАТЫ Бексолтан.* **Дыууæ радзырды** 73

**ФАРНХÆСДЖЫТÆ**

*АБАЙТЫ Арбилянæ.* **Йæ фыды фæндиаг чызг** 82

**Ирон дзырды сæрвæлтау** 89

*Ольгæ РЕЗНИК.* **Амонддзын бинонтæ** 91

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 99

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*ХÆМЫЦАТЫ Фузæ.* **Растфыссынадыл кусыны мадзæлттæ** 111

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

**Анонимон уацтæ** 117

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*МАМСЫРАТЫ Дæбе.* **Радзырдтæ** 122

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*



*Франсуа Дабойы конд ныв.*

# СЫЛГОЙМАГ, УАРЗОНДЗИНАД, ФИДАУЦ

## ÆНА

Иу саби, дам, мæнæ ныр райгуырдзæни, зæгъгæ, афтæ мады гуыбынæй Хуыцаумæ дзуры:

– Æрыхъуыстон, Зæхмæ, дам мæ æрвитдзынæ, фæлæ æнахъомæй, æнæ искæй æххуысæй куыд цæрдзынæн?

Хуыцау ын дзуапп радта:

– Зæдты ‘хсæн дын фæцагуырдтон æмæ ссардтон, чи дæ хъахъхъæна, ахæм.

– О, фæлæ ма мын зæгъ, ам, арвыл ницы кусын, æрмæст зарын æмæ худын, цæвиттон, амондджын дæн, уæд ма мæ Зæхмæ цæмæн æрвитыс? – йæ фидæны уавæрыл тыхсгæйæ, Хуыцауæн дзырдта сывæллон.

– Дæ зæд дæ зæрдæмæ фæцæудзæн. Йæ мидбылты дæм худдзæн алы бон дæр, йæ уарзондзинад дæ самондджын кæндзæн.

– Æмæ адæм цы дзурынц, уый та куыд базондзынæн, се ‘взаг сын куы не ‘мбарын, уæд? – ногæй та бафарста саби.

– Дæ зæд дын кæндзæни æппæты адджындæр, буцдæр ныхæстæ, æмæ уый фæрцы базондзынæ дзурын дæр.

– Æмæ мæ демæ дзурын куы бафæнда, уæд та цы ми кæндзынæн?

– Дæ зæд дын дæ гуккытæ æддæгуæлæ æрæвæрдзæн æмæ дын бацамондзæни кувын.

– Ærыхъуыстон, Зæххыл, дам, æвзæр адæм бирæ ис. Чи мæ бахъахъхъæндзæн уыдонæй?

– Дæу бахъахъхъæныны тыххæй дæ зæд йæ цард дæр нæ бавгъау кæндзæни.

– Дæу нал фендзынæн æмæ æнæ дæу æнкъард кæндзынæн, Хуыцау.

– Дæ зæд дын æдзухдæр мæн тыххæй дзурдзæни, стæй дын мæнмæ фæндаг бацамондзæн. Уæвгæ та æз æдзухдæр дæ фарсмæ уыдзынæн.

Раст уыцы сахат арв дæр фегуыппæг, сыбыртт дзы нал хъуысти. Уыйхыгъд зæххæй хъуысын байдыдтой адæмы хъæлæстæ. Æмæ ма саби тыхстхуызæй афарста:

– О Цытджын Хуыцау, иугæр дæ цурæй цæуын, уæд ма мын йæ ном уæддæр зæгъ. Мæ зæды ном цы хуыйны?

Æмæ йын Хуыцау дзуапп радта:

– Цы уæлдай дын у, йæ ном куыд у, уый? Ды йæ хондзынæ «æна».

## СЫЛГОЙМАГ ÆМÆ ДОМБАЙ

Эфиопийы иу æрыгон лæгæн йæ ус амард, æмæ сфæнд кодта, идæдзæй чи баззад, иу ахæм сылгоймагимæ йæ цард баиу кæнын. Кæрæдзи бауарзтой æмæ иумæ цæрын байдыдтой. Фæлæ лæгæн йæ фыццаг усæй лæппу баззад – йæ мады бирæ чи уарзта, ахæм. Лæппу хорз цæстæй нæ касти фыдыусмæ. Ус та архайдта лæппуйæн хи мадау лæггад кæныныл, хæринаджы дзæбæхтæ йын-иу йæ разы авæрдта, буц æй дардта, зылдис æм алы хуызы дæр. Фæлæ уыдæттæ лæппумæ нæ хъардтой, суанг дзургæ дæр никуы скодта фыдыусмæ.

Ус дæснымæ ацыд æмæ йæ бафарста:

– Цы саразон, цæмæй мæм лæппу зул цæстæй мауал кæса, уымæн?

– Æз дын баххуыс кæндзынæн, фæлæ уал мын раздæр домбайы рихитæй æртæ хъисы æрбахæсс.

Ус ацыди. Сагъæсы аныгъуылди, цы мадзалæй самал кæнон домбайы æртæ хъисы, зæгъгæ. Бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ уæддæр сфæнд кодта хъæдмæ ацæуын. Иу ран ауыдта домбайы. Хæстæг бацæуын æм нæ уæндыд, ай-гъай, фæлæ цас хъуамæ кастаид æнхъæлмæ? Æмæ уæд йæ сæр æрцахста: ацы

тугдзых сырды исты холыйæ асайон. Домбаймæ æвваxсдæр бацыд æмæ йын зæххыл дзидзайы кæрдих æрæвæрдта, йæхæдæг йæхи иуварс айста. Афтæ йын алы бон дæр хæринаг хаста. Домбай дæр ыл сахуыр, уæдæ цы уыдаид.

Иуахæмы домбай йæ холы бахордта æмæ бафынæй. Ус æм бахъуызыд æмæ йын йæ рихитæй æртæ хъисы ратыдта. Дæснымæ куы фæцæйцыд, уæд бамбæрста: фæразон уæвынæй ахсджиагдæр ницы ис а дунейыл. Домбаймæ куыд арæхсгæ бацыд, афтæ архайын хъуыди лæппуимæ дæр, сабыргай, тагъд нæ кæнгæйæ. Хъуамæ лæппуйы уавæр рагацау бамбæрстаид æмæ йын йæ зæрдæмæ фæндаг ссардтаид – хиуылхæцгæйæ, уæзданæй, уымæн æмæ, фыдæлты загъдау, гæдзæйы бон сой ис.

## ДЫ ХУЫЦАУЫ УС ДÆ?

Иу дæс азы кæуыл цыдаид, ахæм лæппу бæгъæввадæй лæууыди уынджы, фыруазалæй гæртт-гæртт кодта, афтæмæй касти, дуканийы рудзынгæй æддæмæ чи зынд, уыцы батинкæтæм. Иу сылгоймаг йæ цурмæ бацыд æмæ йæ бафарста:

– Мæнæ дзæбæх лæппу, уагæр цы диссаг федтай дуканийы, афтæ цымыдисæй цæмæ кæсыс?

– Хуыцауæй курын, цæмæй мын батинкæтæ радта, – загъта лæппу.

Сылгоймаг ын йæ къухыл æрхæцыд, æмæ иумæ бацыдысты дуканимæ. Дуканигæсæн загъта, æхсæз фæлысты, дам мын сывæллоны цъындатæ рахæсс, стæй уæм кæд тас, сыгъдæг дон æмæ къæхтæсæрфæн разына, уæд уыдон дæр. Дуканийы кусæг рахаста, сылгоймаг цы куырдта, уыдон. Ус лæппуйы мидæггаг хатæнмæ акодта, йæ къæхтæ йын ныхсадта æмæ йын сæ къæхтæсæрфæнæй ныссæрфта. Уæдмæ уæйгæнæг цъындатæ рахаста. Ус сабийы къæхтыл цъындатæ скодта, ноджы йын йæ аккаг батинкæтæ балхæдта. Цъындатæй ма цы фондз фæлысты баззад, уыдон дзæкъулы сæвæрдта æмæ сæ сывæллонмæ радта. Йæ сæр ын армæй æрлæгъз кодта æмæ загъта:

– Ныр хъуамæ дæ къæхтæ мауал сийой.

Уый фæстæ лæппуйæн хæрзбон загъта æмæ рацæйцыди дуканийæ.

Лæппу йæ раййæфта, йæ къухмæ йын бавнæлдта æмæ, йæ цæстысыгтæ æргæр-гæр кодтой, афтæмæй афарста:

– Ды Хуыцауы ус дæ?

# ХÆДÆФСАРМ СЫЛГОЙМАГ

Иу дæлимон сфæнд кодта сыгъдæгзæрдæ сылгоймаджы асайын. Йæхиуыл моладзаны пæлæз æрбакодта æмæ, боннымайæнтимæ архайгæйæ, бахызти сылгоймаджы халагъудмæ. Ус ын хорз фысым разынди, бахæрын ын кодта, стæй йын афтæ, ныр, дам, мæ фарсмæ æрбад æмæ Хуыцаумæ скувæм. Дæлимонæн цæмæй йæ фæнд йæ къухы бафтыдаид, уый тыххæй æххæст кодта, ус ын цыдæриддæр дзырдта, уыдон. Кувын райдыдтой. Уый фæстæ та сылгоймаг уазæгæй куры, цæмæй йын сыгъдæгудты хабæрттæ ракæна. Æмæ та дæлимон, цыма дины кусæг уыд, уыйау биноныгæй райдыдта сыгъдæгудты царды хабæрттæ кæнын. Сылгоймаг уыцы койтæм бынтондæр сцымыдис, аргъуыд дон райста æмæ дзы халагъуд дæр æмæ дæлимоны дæр бапырх кодта. Стæй йын загъта, ныр та, дам, пранаямæмæ* рахизæм. Усмæ, фæлварæнтæ кæнгæйæ, уыйбæрц тых æрæмбырд, æмæ дæлимонæн йæ бон халагъудæй рахизын нал бацис, удвидар, хæдæгъдау сылгоймагæн лæггадгæнæг ссис, кувын дæр иттæг хорз базыдта.

Иуафон иу Риши** халагъуды рæзты фæцæйцыд æмæ мидæмæ бакасти. Ус æмæ йæ уазæджы кувгæ куы ауыдта, уæд уый дæр сæ фарсмæ æрбадт æмæ кувынмæ фæци. Афтæ къонайы алыварс бадтысты æртæйæ æмæ табу кодтой Хуыцауæн. Хуымæтæджы фæллойгæнæг ус йæ сыгъдæг зæрдæ, хæдæфсармы руаджы фæтых дæлимоныл дæр æмæ Ришийыл дæр. Уæларв Цæрджытæм уый хъыг нæ фæкасти – æрмæст сæ мидбылты худтысты зæрдæбынæй.

# РÆСУГЪДТÆ ÆНАМОНД ЦÆМÆН СТЫ?

Иухатт успаддзах Шримала Ахуыргæнæджы бафарста:

– Рæсугъд сылгоймæгтæ æнамонд цæмæн сты?

Ахуыргæнæг ын дзуапп радта:

– Бакастæй бæгуыдæр сты рæсугъд. Уый сæхæдæг дæр фембарынц æмæ иудадзыг ууыл хъуыды кæнынц. Фæлæ арæх сæ рæсугъддзинад зынаргъдæрыл ауæй кæнынмæ фæхъавынц, цыма сын базайраг у. Уымæ гæсгæ сын алцыдæр хыгъд у, хæлоф кæныны монцæй сæ зæрдætæ байдзаг вæййынц æмæ сæм хорз миниуджытæн бынат нал баззайы. Амонд та дидинæгæй уæлдай нæу – цауд мæры нæ зайы!

* Пранаямæ – рæстмæ улæфыны фæлварæнтæ индуизмы, кæнынц сæ, адæймаг цæмæй гармонион уавæрмæ æрцæуа, уый тыххæй.

** Риши – уæларвон цæрджытæм æввахс адæймаг.

– Уæд хъæздгуытæ та арæх сахъат цæмæн вæййынц? – бафарста та сылгоймаг.

– Сахъат адæймæгтæ фæразондæр сты, фæтырнынц сæ сахъæттæ истæмæй баххæст кæнынмæ, – дзуапп радта Ахуыргæнæг. – Гъемæ сын æнтысгæ дæр бакæны, ай-гъай, исбон дæр сæ къухы бафты. Уæвгæ уыцы исбонæй алчи раст пайда кæнын нæ базоны. Фæлæ мæ уыдæттæй цæмæн фæрсыс? Дæ зæрдæйы Хуыцау цæрæд, адæмæн хæрзгæнæг у. Уæд амондæй дæр æмæ исбонæй дæр хайджын уыдзынæ.

## ФÆРАЗОН МАД

Царди-уыди иу дингæнæг сылгоймаг, йæ ном Умм Абдаллах. Иуахæмы йе 'стдæсаздзыд лæппу фæрынчын æмæ амард.

Сылгоймагæн зын куыннæ уыд уыцы хабар, фæлæ йæ ноджы стырдæр катайы баппæрста æндæр мæт: изæры йæ сæрыхицау тынг куыствæлладæй куы 'рбацæуа, уæд ын куыд радзурдзæни, цы стыр бæллæх сыл æрцыд, уый? Лæг куы 'рбацыд, уæд усы фæрсы, куыд у лæппу, зæгъгæ. Ус ын дзуапп радта: «Фынæй у, ма йæ райхъал кæн». Стæй лæгæн æхсæвæр æрæвæрдта. Уый фæстæ хæдзары хицау мæсджытмæ ацыди. Куы 'рбаздæхт, уæд æнцад-æнцойæ бафынæй йæ цардæмбалы фарсмæ. Райсомæй йын ус загъта: «Знон æнахуыр диссаг федтон: нæ сыхæгтæм иу лæг цыдæр хæзнатæ æрбахаста, уæхимæ, дам мын сæ бафснайут, зæгъгæ, стæй сæм чысыл фæстæдæр уыцы лæг ногæй фæзынд æмæ йæ дзауматæ бацагуырдта. Сыхæгтæ кæуын байдыдтой, загъд самадтой, цæуылнæ ныл æуууæндыс, зæгъгæ». «Ныр уыдон æдылытæ не сты, – загъта лæг йæ усæн. – Хъуамæ сын æхсызгон уыдаид, сæ бæрны сын цы бакодтой, уымæй кæй фервæзтысты, уый». Уый фæстæ ус йæ лæгæн радзырдта, сæ лæппу кæй амард, уый. Хæдзары хицау йæ цардæмбалы фæразондзинадыл тынг фæдис кодта, æмæ йæхæдæг дæр фæныфсджындæр.

## ХÆТÆГХУАГ ÆМÆ ПАДДЗАХЫ ЧЫЗГ

Паддзахы чызг ахæм рæсугъд уыд, æмæ йæ цæсгомæй хуртæ æмæ мæйтæ кастысты. Чи-иу æй федта, уый-иу æвиппайды йæ

уацары бахауд. Иухатт иу хæтæгхуаг, исты комдзаг акæнон, зæгъгæ йæ дзыхмæ дзулы кæрдих схаста. Æмæ дын раст уыцы сахат паддзахы чызджы куы ауынид. Цæй комдзаг æмæ ма цæй цыдæр! Йæ къæбæр йæ къухæй æрхауд, йæ цæстæнгас чызгæй нал иста. Чызг æй ауыдта æмæ йæм мидбылты бахудти. Мæгуыр лæгæн ма æнцой кæм уыдис, фыруарзтæй феррайау, уынг ын цæрæнуат ысси, дзæгъæлдзу куыйтæ та – сыхæгтæ. Паддзахы чызг дзы тыхсын байдыдта, æмæ йæ хъахъхъæнджытæ сфæнд кодтой хæтæгхуаджы амарын. Уæд чызг хæтæгхуагмæ басидти æмæ йын загъта:

– Мæнæ лæг, дæхи æвæстиатæй сахарæй айс, цалынмæ дæ мæ хъахъхъæнджытæ нæ амардтой, уæдмæ.

Уæд ын æнамонд уарзæг уд ахæм дзуапп радта:

– Цы бон дæ федтон, уыцы бонæй фæстæмæ мын мæ цард ад нал кæны. Дæ хъахъхъæнджытæ æнаххос адæймаджы туг никкалдзысты. Фæлæ цалынмæ нæ амардтæн, уæдмæ уал ма мын, дæ хорзæхæй, мæ иу фарстæн дзуапп ратт. Мæ фæстаг курдиат мын сæххæст кæн, Хуыцауы хатырæй, уымæн æмæ мæ мæлæт дæу аххосæй æрцæудзæн. Зæгъ-ма мын, уыцы бон мæм дæ мидбылты цæмæн бахудтæ?

– Æдылы! – загъта паддзахы чызг. – Цы худæджы уавæры уыдтæ, уый куы ауыдтон, уæд дын фæтæригъæд кодтон æмæ дæм бахудтæн. Æндæр мын ницы ‘фсон уыд...

***Аттар***

## УАРЗÆТТЫ ХУЫЗДÆР БЫНАТ

Иу саурæсугъд дын йæ уарзоны куы бафæрсид:

– Ды хæтæг лæг уыдтæ, бирæ бæстæтæ федтай. Зæгъ-ма, цы бæстæты уыдтæ, уыдонæй æппæты хуыздæр кæцы у.

– Æз æмæ ды цы ран стæм, уымæй хуыздæр бынат нæ зонын, мæ дунейы рухс, æмæ суанг уæлмæрдты куы февзæрæм, ингæнты астæу, уæддæр мын зынаргъ уыдзæнис ингæны къæй. Хорз Иосифы ахæстоны куы бакодтой, уæд йæ уарзон чызгмæ уыцы талынг æмæ æнуд къуым дæр дзæнæт куы касти. Уæдæ дыууæ дунейæ дæр æз равзарин, иумæ кæцыйы уæм, уый!

***Руми***

## ФЕМБÆЛД

*(Катри Валайæ)*

Мæ мусонгæн йæ хæд рæзты æрдæбон
æнахуыр барæг урс пиллонау ратахт,
æхсгæ каст мæм æрбакодта æрмæст –
йæ цæстытæй мæм сау цæхæр æрбакалд,
æмæ сæццæйæ аззадтæн...
Æнамæ
куыд баздæхон? –
йæ дурынты дзæбæхдæр
æрхауд мæ къухæй, дурдзæндыл ныддæрæн.
Йæ сæстæгтæм кæсын
æмæ кæуын...

## ФИНАГ ПОЭТЫ МОТИВЫЛ

Дæ фынты фарсмæ райхъал дæн:
О, Амонд...
Дæ хъарм улæфт зæды бандзæвдау раст.
У ацы Амонд Стыр Хуыцауæй амынд –
мæ галиу зæрдæ а райсом ысраст.
О, курын, кувын: ма мæ ныууадз, Амонд,
цæмæй мæ уарзтыл ма фæтых уа маст.

*САНАТЫ Уари*

# ТУГВÆНДАГ

*(Сафирæты таурæгъ)**

* * *

Уыдис изæрдалынгтæ. Кæд гыццылгай сæлфынæг кодта, уæддæр къуылых мæйрухс уыди. Фидараты Æхсары хæдзарæй уынæр цыди, фæлæ дзы бæлвырд ныхас нæ хъуысти. Сæ куыдз мæнг рæйдтытæ кодта. Иукъорд чидæртæ дуарæй фæмидæг сты, фæлæ сын равзарæн нæ уыд, æрмæст зындысты сæ сау æндæргтæ. Сæ уынæр гыццыл фæтыхджындæр. Райхъуысти дзы ахæм ныхас:

– Цы æрцæуинаг уа, уымæ кæсын нæ хъæуы, йæ размæ цæуын хъæуы. Хъуыддаг æргъæвын хорздзинад нæ хæссы. Æмбисондæн куы баззад: «Саг æмгъуыдмæ кæсгæйæ æнæ къæдзилæй баззад».

Иучысыл афæстиаты фæстæ сæ ныхас карздæрæй цæуын байдыдта:

– Уæдæ кæд саг æмгъуыдмæ кæсгæйæ æнæ къæдзилæй баззад, уæд махæн дæр цæмæй нæ хъуыддаг æнæ къæдзилæй ма баззайа, уый тыххæй нын æй дарддæр мауал æргъæв, йæ сахат æрхæццæ. Цы зæгъут, не 'фсымæртæ?

Иукъордæй сдзурынц:

– Йæ рæстæг у ныр, нæ хъысмæт цы скæрда, уый фæуæд.

– Батырадз, раст зæгъыс. Æз абон Аминæты федтон, æмæ мын уый бамбарын

* Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 2 номыры.

кодта хабæрттæ. Райсом, сабаты – йæ хуын, сомæхсæв та йæ хæсгæ кæндзысты. Æмæ уæд уæ сагыл къæдзил нæ, фæлæ хъустæ дæр нал уыдзæн. Лæугæ нын нал у. Нæ хъул цы абада, уый абадæд, – загъта Хаджумар. – Мах тынг раст кæнæм. Хæс йæ фидынæй рæсугъд у. Джетæгъæз Æхсарæн цы «лæвар» ракодта, уый йын фæстæмæ фидын хъæуы.

– Ацы фæстаг бонты Æзо дзырдкъахæн кæны, – сдзырдта Темыр. – Зæххыстæн, цы хъæвы – нæ йæ æмбарын. Ракъахын мæ йæ зæрды ис, æвæццæгæн. Цæй, уыцы ныхæстæ ныууадзæм, æхсæв махмæ нæ кæсы. Алы минут дæр зынаргъ у!..

Афтæмæй иу иннæйы фæдыл рацыдысты Æхсары хæдзарæй. Цæсгомæй сын равзарæн нæ уыд, æрмæст зындысты сæ сау æндæргтæ. Сæлфынæг тынгæй-тынгдæр кодта, мæйæн йæ рухс фæмынæгдæр. Хъæу уыдис æнцад-æгомыг, цыма исты хъуыддагмæ æрцæуын æнхъæлмæ касти, уый хуызæн...

Сафирæт йæ уаты мидæг къуымтæ змæнты, цыдæр агуры, тыхсы. Æвиппайды цыма йæ зæрдыл цыдæр æрбалæууы, уыйау æнæ дзургæйæ фесты æмæ тыргъы дуар фегом кæны, зæхмæ æрхизы æмæ сæ зæронд ердойы уæлхъус алæууы. Фæстагмæ ныдджих вæййы.

Иуцыбыр рæстæджы фæстæ рудзынгмæ спичкæйы рухс фæзынди. Цыма йæ уыцы спичкæйы рухсы стъæлфæнтæ зынгау асыгътой, уыйау цæхгæр йæ мидбынаты цъилау ныззылди чызг. Йæ уаты мидæг куы иу дзаумамæ февналы, куы иннæмæ. Йæ кæлмæрзæн фелвасы æмæ йæ фехсы. Стæй та фелвасы йæ мады кæлмæрзæн, ахъæбыс ын кæны сывæллонау æмæ йæ йæ сæрыл æркæны. Кæуæгау сдзуры: «Уæ, мæ зынаргъ ныййарæг, де 'хсыры хъуыртт мын хæрам ма скæн. Дæ хъарм хъæбысы бæсты мæхи дæ кæлмæрзæны тухын».

Йæ цæсгом уыди тарстхуыз, йæ цæстытæй уæрæх касти. Февнæлдта цырагъмæ æмæ рудзынгæй рухс нал цыд. Иучысыл сагъдауæй алæууы, стæй фæзилы фæрсаджырдæм, фегом æй кæны æмæ зæхмæ æрхизы. Иукъорд къахдзæфы акæнгæйæ йæ хъустыл хæдзарæй æрцæуы хъæлдзæг ныхас. Йæ сæрæй йæ фæндтæ атæхынц, цыма йæ тарф фынæйæ фехъал. Йе 'фсымæр Буцæ æмæ Æзойы ныхас дзæбæх æмбæрста. Йæ сæрæй йæ къæхты бынмæ ныррызт æмæ хинымæр йæхи фæрсы: «Фыны дæн æви æргомæй кæнын ацы ми? Цы архайын æмæ цæмæ цæттæ кæнын мæхи? Мæ хъару куы басаст, мæ зонд куы сдзæгъæл,

уæд цы кусын? Ме ‘фсымæртæ, мæ хæстæджытæ æнхъæлмæ кæсынц Дзылатæй уазджытæм. Цы архайын уæд æз та? Цы сын аразын сæ цины бонæн? Фæдис?.. Топпы гæрæхтæ?!.

Джихæй алæууы, стæй та сабыргай сдзуры: «Цымæ мæ уд ирвæзын кæнын, æви, уарзондзинад, ацы хъуыддæгтæ иууылдæр дæуыл баст сты? Мæ бон куы нæ у мæ зæрдæйæ мæ хуры хайы стонын».

Чызг иннæрдæм фездæхынмæ куыд хъавыд, афтæ цæмæдæр фемдзаст, йæхи фæурæдта, йæ цæстытæ къухæй асæрфта, стæй йæ дзыккутæ фæстæрдæм алæгъз кодта, цыма йыл ног тыхтæ бафтыд, уыйау йе уæнгтыл схæцыд æмæ комкоммæ ныккаст, хæстæгæй-хæстæгдæр æм цы сау æндæрг кодта, уымæ. Зæрдæйы ныфс æваст сабухта. «Æз ницæмæй тæрсын, цæттæ дæн цыфæнды хъизæмарæй амæлынмæ дæр, уæддæр ме ‘фсымæр Буцæйы фæнд нæ уыдзæн, мæхи нæ бауадздзынæн фосы æмсæр ауæй кæнын!» – фæзæгъы уый йæхинымæр. Фæлæ та ног йæ хъустыл ауайынц топпы гæрæхтæ, йæ цæстытыл ауайынц адæймаджы мæрдтæ æмæ йе ‘фсымæртæ тугамæстæй.

Уыцы судзгæ сагъæстæй йæ зонд фæцæуæгау кæны, хъару асæтты, йæ фарсмæ стыр къæйдурыл банцой кæны, сæр ныттилы, зæрдæ æрбауынгæг вæййы æмæ хинымæр ныккатай кæны: «Цы кусын, цы аразын мæхицæн дæр æмæ æртæ мыггагæн дæр? Цытæ цæудзæн мæн тыххæй мæ фæстæ? Цы чындæуа, мæ зонд куы цæуы бынтондæр... Нæ, нæ! Æрра дæр нæ кæнын æмæ мæ зонд дæр нæ фæцыд!» Цыма йæ тарф фынæйæ фесхъиудта, уыйау æвиппайды фæзылд. Сау æндæрг æм æрбахæццæ. Сафирæт сагъдауæй аззад. Йæ разы æрбалæууыд бæрзонд, саурихи, хæрзконд нæлгоймаг. Гæрзифтонг, йæ сæрыл – цъæх мыстхъуын худ, йæ уæлæ – цухъхъа, нымæт. Чызгмæ сабырæй сдзуры:

– Цæй, нæ фембæлд сгуыхт æмæ æвæсмон уæд, Сафирæт!

Арв ферттивы, уарын тыхджындæр кæны. Сафирæты дзыхæй уддзæф дæр не схауы. Раст цыма ацы хабæрттæ фыны уыны кæнæ йæ цæстытыл уайынц, уыйау æнæдзургæйæ араст вæййы лæппуйы фæдыл.

Доны был стыр æхсынцъы бæласы бын цæттæйæ лæууынц скъæфджытæ. Сæ иу бæхтыл хæцы, иннæ чысыл æддæдæр рацыд æмæ се ‘мбалы æрбацыдмæ æнхъæлмæ кæсы. Сафирæтмæ хъуысын байдыдта бæхты къæхты хъæр, сæ хуырргыттытæ, се

згъæллаггæмтты зыланг. Хаджумар хъæлдзæгхуызæй хæстæг æрбалæууы Сафирæты фарсмæ. Йæ къух ын райсы, йæ нымæт фелвасы, чызджы дзы æрбатухы æмæ йæ Æрфæныл авæры. Иууылдæр арæвдз сты. Уæд Темыр бадзуры:

– Гъæйтт, Уастырджи, рæствæндагыл нæ бафтау!..

* * *

Кæд Хабæтæ æмæ хъæубæстæ тыхджын фæдис сысты æмæ алы къуыпп, алы дзыхъхъ, алы тигъ дæр сгæрстой, уæддæр дзы ницы зæрдæлæууæн ардтой. Æппынфæстаг, донмæ хæстæг бæхты къахвæдыл бафтыдысты. Фæлæ уым дæр бæлвырд цæуыл æрлæууыдаиккой, уый нæ ардтой.

Дзылатыл сæ арв æрхаудта, хæхтæ сыл рафæлдæхтысты. Чииу загъта, быдырырдæм æй ахастой, чи та дзырдта, хохырдæм æй аскъæфтой, зæгъгæ.

Ахæм ныхæстæ дæр цыдис:

– Арсæн йæхи уыдтой, афтæмæй ма йын йæ фæд агуырдтой. Цом Фидаратæм æмæ сын сæ чызджытæ æмæ сæ лæгты дæр рахæссæм. Йе йæ мадырвадæлтæм уыдзæнис æмбæхст, йе та – сæхимæ.

Æзо тынг зæрдиагæй архайдга, арт æндзæрста. Йæ дзыхыдзаг хъæр кодта:

– Сафирæт, кæм дæ? Æз Æзо дæн!..

Ахæм уавæры бахаудтой, æмæ, чи кæмæ лæбурдта, чи цы кодта, уый нал æмбæрстой. Иргъæвæгæй, ардауæгæй, лæбурæгæй – иууылдæр сæмхæццæ сты. Фæлæ сын хъæр æмæ æртхъирæнтæ йеддæмæ ницы æнтысти.

Ныхасы бадынц дыууæ зæронд лæджы: Астемыр æмæ Хасæхъо. Хасæхъо йæ лулæ асхъаугæйæ, цæстмæ æхсидав бахæссæгау, сдзуры:

– Нæ Хуыцау ныл рахаттис, Астемыр. Æфсарм æмæ æгъдау нал и. Куыд у уый?! Искæйы куырд усы аскъæф! Уый хæдзарæй Сафайы рæхыс рахæссæгау куы у.

– Гъе, Хасæхъо, раст зæгъыс! Цытæ ма фендзыстæм дарддæр та!

– Хорзæй ницыуал, Астемыр, уый тыххæй æмæ, кæсыс, гъер мæнæ Æхсармæ цы ныфс æрцыдис!.. Йæ бонтæ Дзылатæм æххуырстæй куы арвыста. Уыдоны сылытæй æмæ къæбæртæй куы схъомыл ис. Уыдоны фосы фæстæ ратæх-батæхæй йæ зæвæттæ куы схаудтой.

Астемыр иучысил асагъæсхуыз, хъуыдыты ацыди, стæй цыма йæ зæрдыл исты æрбалæууыд, уыйау дзурын райдыдта:

– О, Хуыцау дын хорз ракæна, Хасæхъо! Мæ зæрдыл мын сæ куы æрлæууын кодтай. Æхсар мулкæй цыбыркъух у, фæлæ удыхъæдæй Джетæгъæзæй фæстæдæр нæ ралæудзæн. Хъуыды ма кæныс, Хасæхъо, уæлæ сын зымæджы сæ фос куы тардтой, уый? Джетæгъæз æдгæрзтæ куы ралыгъди. Æхсар та сæ фæстейы асырдта, къæрныхтæй дыууæйы амардта æмæ сын сæ фос раздæхта. Дыккагæй та уый, æмæ йын йæ мыздыл ракæ-бакæ куы кодтой, уæд сын Æхсар афтæ куы загъта: «Сымах бирæ хъæуы æмæ уын хæлар уæнт». Кæд æмæ Дзылатæ пихылæйттæ хæссынц, уæддæр лæгдзинады арт мулк нæ хуыссын кæны.

– Раст нæ дæ ды, Астемыр. Дæ мызд дын куы нæ бафидон, уæд мын мæ куырд усы хæссынмæ хъавыс? Фыдæлты æгъдæуттæ сæрты хизыс? Куыд кæсын, афтæмæй, Астемыр, ды дæр уыдонæй дæ.

– Хасæхъо, дæ рын бахæрон, байхъус-ма чысыл. Ам ды дæхæдæг раст нæ дæ. Мæгуыры дæхимæ бакæн æмæ йын фæкусын кæ, стæй дын дæ фос абырджытæ тæрæнт, æмæ уый дæ бæсты адзалмæ бацæуæд, йæхи студжджын кæнæд, дæ фос дын æрыздахæд, стæй йын йе рагъ ныххой, цæугæ дæ хæдзармæ, зæгъгæ. Гъе, Хасæхъо, мæ хур, Æхсар уыцы фосыл нæ тох кодта, фæлæ сæры кадыл хæцыдис. Дыккаг та уый у, Хуыцау дын хорз ракæна, Хасæхъо, æмæ Æхсары Сафирæтæй зæрдæ куы нæ уыдаид, уæд æм уыцы ныфс не 'рцыдаид. Куыд зæгъынц, афтæмæй Æхсар чызджы æфсымæр Бибоимæ фидыд уыд. Иуныхасæй, куырд ын уыди, куырд. Уый Дзылатæ дæр зыдтой æмæ æфсымæртæ дæр. Æмæ кæд афтæ у, уæд Æхсар ахаста йæ куырд усы. Æндæр дзы диссагæй ницы æрцыд!

– Астемыр, Фидаратæн тæрхонылæг куы фæуис, уæд Дзылаты базылын кæнис. Гъе, дæ хуызæттæ сты ардауджытæ дæр æмæ æгъдаухалджытæ дæр. Ай сыл сæ арв хаугæ æркодта, ды та Æхсарыл къæм абадын дæр нæ уадзыс.

– Омæ йыл, Хасæхъо, цæуыл тæвд кæныс æмæ фидистæм цы фæдæ? Æз дзурын фылдæр уыцы ныхæстæ, æмæ адæмæй кæй хъусын. Æз æмæ дæу ныхæстæ аразгæ дæр ницы скæндзысты æмæ уромгæ дæр ницы бакæндзысты.

– Уый афтæ фæуæд, Астемыр, фæлæ ды цы зоныс, кæд цы федтай? Æз Хасæхъо дæн, уый зоныс æви нæ? Уæззау туджы

тæрхæттæ куы лыг кодтон. Дыууадæс хъæуæн хицау куы уыдтæн, ме ‘вастæй цъиу куы нæ атахтаид, уæд кæимæ дзурыс?!

– Гъе, Хасæхъо, раджы Æрыдоны дон хъæбынтæ ласта, нып та дзы хуыртæ дæр нал ис. Фæлæ æфхæрæн ныхас кæй кæныс, уый дын куы нæ батайа, мыййаг... Уæздандзинад дæм рагæй дæр нæй, фæлæ кæддæры хъæуыхицау кæй нал дæ, уый дæ зæрдыл куы дарис, уæд дын хуыздæр уаид...

Дыууæ зæронды мæстджынæй сæ хæдзæрттæм ацыдысты.

* * *

Фæдис стыхджын. Раст адæм дыууæ мыггаджы æхсæн бацыдысты æмæ сæ иргъæвынц. Фидаратæ дæр сæ хæстæджытæ æмæ хæлæрттимæ сæхи æрцæттæ кодтой. Фæлæ Дзылаты бынтон бауромын адæмы бон не сси: Æхсары мадырвад Саулохы-фырт, æнæ исты зонгæйæ, фæдисæттыл хæрхæмбæлд фæци. Цы ма хъуыдис расыг, мæсты Дзылаты? Чи дæ, зæгъгæ, дæр æй нал бафарстой. Гæрах фæцыди. Мæлæтдзаг цæф фæци Джетæгъæз. Гæрæхтæ стынг сты. Чи кæй æхста, уый бæрæг нал уыд. Иуæй уыдис талынг, иннæмæй та сæ уагæн ницыуал бæрæг хатыдтой. Фæлæ раст адæмы фарнæй фыдбылызы арт чысыл фæсабырдæр. Мард дзы фæци Саулохы-фырт, уæззау цæф фæци Джетæгъæз. Æзо дæр фæмард, фæлæ кæй къухæй, уый не сбæрæг.

Дзылатæ гыццыл сæхиуыл фæхæцыдысты. Фидаратæ та сæхи уæндондæр фæкодтой. Арт йæ судзынæй чысыл фæхъус и. Дзылатæ æмæ Хабæтæ чызг агурыныл сысты, фæлæ йын бæлвырд йæ фæд нæ ардтой.

Арв уыди æлхынцъæрфыг, сагъæсхуыз, цыма истæуыл арф хъуыдытæ кодта. Æхсæв бонырдæм фæкъул ис, уæддæр ма бартæ уыдысты мæйдары къухы. Мигъты æхсæн сæуæхсиды тугвæд-уадздзæгтæ разындысты. Æхсæвы сабырдзинад хæлын райдыдта. Уасджытæ уасын систой, цыма истæуыл фæдис хъæр кодтой, уыйау. Хъæугæронæй хъуысти куыйты рæйын. Уымæл дымгæ уынгты симдта. Авд хойы фæлурсæй мигъы скъуыдæй ферттывтой. Урс æврæгъты къуымбилтæ базмæлыдысты хæхты хъæбысы, цыма боны рухс хатын байдыдтой æмæ сæхи балцмæ цæттæ кæнынц, уыйау. Хъæугæронæй æрбайхъуысти бæхты къæхты хъæр. Цас хæстæгдæр кодта, уыйас куыйты рæйын æмæ уасджыты фæдис уаст фæтынгдæр. Уыцы уынæр фехæлдта æрдзы сабырдзинад.

Цымæ æнафоны ацы барджытæ кæдæм тагъд кæнынц? Сæ цинæй æви сæ тыхстæй?

Уынджы тигъыл цæхгæр фæзилгæйæ æвиппайды бæхты къæхты хъæр фенцад, æмæ райхъуысти, кæйдæр ехсы бырынкъ кулдуар хъавгæ куыд бахоста, уый. Галуанæй райхъуысти лæджы ныхас:

– Кæцы дæ уый?

– Уазæгæн фысым фæуыдзынæ æви нæ?

– Уазæг Хуыцауы уазæг, табуафси!

Фысым дуæрттæ уæрæх байгом кодта. Уый уыди Тохты Мæхæмæты галуан. Кæд барджытæ бирæ уыдысты, уæддæр дзы кæртмæ дыууæ йеддæмæ нæ бацыд. Иннæтæ архайдтой, цæмæй сын сæ цæсгæмттæ мачи фена, ууыл. Иуæй сæ сæртыл басылыхъхъытæ тыхт, иннæмæй талынг, æмæ сын сæхи æнцон æфснайæн уыди. Кæрты ныхас куы ссыди, уæд Мæхæмæты æфсымæртæ иу иннæйы фæдыл сæ уæлхъус æрбалæууыдысты. Сылгоймæгтæ уайтагъд уæттæ афснайдтой æмæ уазджыты размæ рауадысты. Æхсар сын бамбарын кодта, цы æрцыди, уый. Мæхæмæт сындæг бавналы Сафирæты къухмæ æмæ хъæрæй сдзуры:

– Ды абонæй фæстæмæ мæнæн дæ мæ чызг, ме 'фсымæртæн та – сæ хо.

Чызджытæ æмæ устытæ бауадысты, амбырд ыл сты æмæ йæ сæ хъæбысты кæнгæ уæттæй иуы фæмидæг кодтой. Хаджумар ма чысыл афæстиат æмæ цæуыныл ныллæууыд, кæд æй фысымтæ нæ уагътой, уæддæр.

– Мæнæн ам баззайгæ нæу, – йæ бæхмæ схизгæйæ ма сдзырдта Хаджумар. Æрфæн йæ фындзыхуынчъытæй сæхситт кодта, цыма афтæ загъта: «Хуыцау, дæуæй бузныг, æгайтма Сафирæт йæ бынатыл дзæбæхæй сæмбæлди».

* * *

Сафирæт бадти сылгоймæгты астæу. Кæд ын цыфæнды хъæлдзæг æмæ рæвдауæн ныхæстæ кодтой, уæддæр сын уый бамбарынæн ницы амал ардта. Цыма фынтæ уыны æмæ йæм исчи дард кæцæйдæр дзуры, уыйау æм кæсы. Йæ рæсугъд цæсгом уыди тарст æмæ сагъæсхуыз. Йæ цæстытыл уадысты йæ уæззау балцы нывтæ. Сæры магъзы алы тар сурæттæ кæрæдзийы ивгæ зилдух систой. Йæ цæстытыл ауад йæ хъæу: æнкъард, йæ уынгты адæм

сагъæсхуызæй тагъд-тагъд кæнынц кæдæмдæр... Мæнæ йæ райгуырæн хæдзар. Йæ алыварс лæууынц адæм. Цæстытыл ауайы йе 'фсымæр Буцæ дæр, йæ цæсгом, йе 'ртхъирæнтæ. Чызг æвиппайды фесхъиудта йæ мидбынаты æмæ йæ сырх уадултыл æрттылди цæссыгтæ. Мæхæмæты чызг Сериффæ йæм фæлмæнхуызæй сдзуры:

– Ма тыхсын кæн дæхи. Дæ алыварсмæ акæс: де 'хсæз æфсымæры æндон къулау куы лæууынц. Æнæхъæн хъæуæн дæр сæ хо æмæ сæ уазæг куы дæ, уæд цæмæй тæрсыс?..

Рæстæг йæ фæндаг кодта. Кæд Дзылатæ æмæ Хабæтæ Сафирæты ссарыныл амалтæ кодтой, уæддæр сæ къухы бæлвырд базонынæн ницы æфтыдис. Бонтæ куыд ивтой, афтæ уавæр дæр ивгæ цыдис. Буцæ кæд цыфæнды зæрдиагæй архайдта, уæддæр ын хъуыддагæн ницы базонын бантысти. «Нæ гæндзæхтæ куы ацæгъдæм мах дæр æмæ Дзылатæ дæр, уæддæр ацы æлхынцъ æнæ Фидаратæ нæ райхалдзыстæм, – хъуыды кодта Буцæ. – Цæй, цы уа, уый уæд. Мæ амонд ма æвзарын Фидаратæн сæ сомыгæнæн æфсымæр Елмæрзайыл...»

Елмæрза уыди Дзодзыккатæй. Амардта Кочынатæй иу лæджы æмæ уазæгуаты балыгъдис Æхсары фыд Фидараты Ладимæ. Йæхи баппæрста Æхсары мады хъæбысмæ æмæ йын йæ дзидзи йæ дзыхы акæнгæйæ загъта:

– Кочынатæй лæг амардтон. Æз уе уазæг...

Канд Æхсары хæдзарæн нæ, фæлæ æгас Фидараты мыггагæн дæр Елмæрза сси зынаргъ æфсымæр æмæ йæ фыдбылызæй хъахъхъæдтой. Суанг ма йын туг дæр бафыстой æмæ йæ бафидауын кодтой йæ туджджынтимæ. Буцæ гъеныр йæхи кæны Елмæрзайы уазæг. Куры дзы, цæмæй йæ бауæндын кæна Фидаратыл.

– Æвæццæгæн, йæ амонд афтæ уыд Æхсарæн, – дзырдта Буцæ. – Ныр кæрæдзийы куы ныццæгъдæм, уæд ма дзы цы рауайдзæн? Æрмæст æгъдауæн йæ хæс у нæ хойы бафæрсын, цы зæгъы æмæ йæ куыд фæнды, уымæй. Гъе, ацы дзуапмæ æнхъæлмæ кæсдзынæн дæумæ, Елмæрза. Дæу йеддæмæ никæуыл æууæндын.

– Буцæ, бузныг дæ дæн, æгайтма мæн равзæрстай. Ацы ран нæ фæрæдыдтæ: Фидаратæ мæныл куыд бауæндой, афтæ сæ кæрæдзиуыл дæр нæ бауæндзысты.

– Елмæрза, æз дæн дæ къухы. Фыдбылызыл мæ æфтауай, амонд мын арын кæнай – бар дæу, – дзырдта Буцæ.

Гъеуыцы бонæй фæстæмæ Дзылатæ дæр æмæ Хабæтæ дæр

сæ куыст Елмæрзайы скодтой, æрхъæцмæ йыл нал хъæцыдысты. Буцæйы козбау ныхæстæ йæ расыг кæнын байдыдтой. Зæрдæ йын цæмæй не ‘вæрдта, ахæм нал уыди: дугъон бæх уа, æхца уа, суанг ма йын йæ хæрæфырт Мæдинæты дæр лæвæрдта. Æмæ Елмæрза дæр æнувыдæй бацыди хъуыддаджы. Æхсæвæй-бонæй уæгъд нал уадзы Фидараты. Уыдон та йæ сæхи ахсджиаг æфсымæрыл куыд нымадтой, уымæ гæсгæ дзы ницы æмбæхстой. Схъæр ын кодтой, Сафирæт Хурыхъæуы кæй ис, уый дæр.

Ныр фондз мæйы рацыдис, Æхсар æмæ Сафирæт Хурыхъæуы куы цæрынц, уымæй. Хъуамæ сæм ныр гуырдз фæзынди. Дзылатæ ма сывæрджынæй сæ чындзы хæссынц?

Хъуыддагæн иу кæрон скæнын хъæуы. Уымæн йæ хос сты адæм. Фæнды абон уа, фæнды райсом, уæддæр æй адæмы тæрхоны къухмæ хъæуы. Кæрон ын уыдон скæндзысты.

Елмæрзайæн йæ хъуыдытæ тынг дардыл аивылдысты. Быцæугæнгæ цæуынц: иуырдыгæй адæймагдзинад æмæ Фидараты æфсымæрон æууæнк, иннæрдыгæй та Буцæйы курдиат. Кæд Буцæйы Фидараты цур зæдæй æвдыста, уæддæр ыл йæхæдæг дæр тынг не ‘ууæндыдис. Фæлæ йæ зæрдыл куы æрбалæууынц дугъон бæх, æхцатæ, рæсугъд Мæдинæт, уæд та фæджих вæййы. Уыцы хъуыдытæ сæры амхæццæ вæййынц. Ахæм уавæры бахауы, æмæ цыма бæрзонд хохæй рацæйхауы æмæ уæлдæфы цæуыл фæхæца, уый нал фæары. Нæ зоны, куыд бакæна. Нæ йæ зондмæ, нæ йæ зæрдæмæ ницыуал æхсар ары. «Дзæгъæлы у мæ мæт, мæ сагъæс. Æхсар æмæ уал Сафирæты фенон, – фæстагмæ загъта Елмæрза. – Гъе, стæй бæрæг уыдзæн, цы кæнон, уый». Гъе, ацы сагъæстимæ Елмæрза хъуырдухæнгæнгæ цæуы: куы йæ зæрдæ фенкъард вæййы, куы та фæрухс вæййы...

Хурыхъæуы уынгты барæг фæцæуы. Ныхасы зæронд лæгты цурты куы æривгъуыдта, уæд уыдон сæхимидæг дзырдтой:

– Уазæг у, бæрæг у! Цыдæр хæрзæфснайд барæг у...

Уæллаг цæхгæруынгмæ схæццæ. Йæ бæх фæуромы æмæ сдзуры Баймæтаты Ахбердмæ. Уый дæр ын йæ къухæй цыдæртæ амоны.

Фисыныл дуармæ бадынц иукъорд лæджы. Барæг сæм дæрддзæфгомау æрлæууы æмæ салам ратты, стæй бафæрсы:

– Бахатыр кæнут, Мæхæмæт ам цæры?

Ныхасыбадджытæй иу, бæрзондгомау лæг, раздæр ракъахдзæфтæ кæны, рахиз къух уæлæмæ сисгæйæ салам ратты æмæ фæзæгъы:

– Фысым бакæн! Мæхæмæты дæр ссардзыстæм!

Уыцы ныхæстæгæнгæйæ йын йæ бæхы рохтыл æрхæцы, æмæ Елмæрза дæр йæхи æрфистæг кæны.

Уазæджы мидæмæ бахуыдтой, кæрæдзийы хабæрттæй афарстой.

Мæхæмæт нæ архайы уазæджы бæлвырд базоныныл. Уазæг та æнхъæлмæ кæсы фысыммæ.

Уалынмæ уазæджы фынг рахæццæ. Фæйнæ арахъхъы куы анызтой, уæд фæхъæбатырдæр сты. Елмæрза райдыдта дзурын:

– Мæ фысым, иу æмбисонд ахæм ис: «Калм фæндагыл кæд цыфæнды ракъæдз-бакъæдзгæнгæ цæуы, уæддæр хуынчъы куы быры, уæд ын æнæ сраст хос нæй». Уымæ гæсгæ мах цыфæнды куы кæнæм, уæддæр нын æнæ кæрæдзийы базонгæ нæй. Æз дæн Фидараты æрвыст лæг, Елмæрза. Фидаратæ мын бафæдзæхстой: «Хурыхъæуы Мæхæмæтмæ уазæгуаты сты Æхсар æмæ Сафирæт. Дæхæдæг сæ фен æмæ базон, сæ хъуыддаг куыд у, уый».

– Бузныг, уазæг, ды кæд Елмæрза дæ, уæд ды дæ Фидараты ахсджиаг æфсымæр. Мæхæмæт кæй хонынц, уый та æз дæн. Æхсар æмæ Сафирæт мæнмæ не сты. Хъусгæ фæкодтон, ам, Хурыхъæуы фысыммæ кæй сты, уый, фæлæ сæ ссардзыстæм, фендзыстæм сæ...

Стæй уазæджы райдыдта хабæрттæй фæрсын, уавæр куыд у, фалейы цы æрцыд, уыдæттæй. Елмæрза дæр ын сæ æмбарын кæны.

Мæхæмæт æнкъардхуызæй сдзуры:

– Хорз нæ уыдысты, Елмæрза, ацы хъуыддæгтæ, фæлæ цы æрцыди, уымæн гæнæн нал ис. Гъемæ сæ зæрдæйы ахаст куыд у? Ды сæм уæддæр хæстæгдæр дæ.

– Куыд загъдæуа, Мæхæмæт! Тынг зын равзарæн у. Æрцыдис дзы лæджы мæрдтæ æппын æнæ аххосджынтæй, фæлæ уæддæр зæгъæн ис афтæ: адæм тынгдæр азымджын хонынц мах, ома Фидараты.

– Елмæрза, æмæ уымæй зылын не сты адæм, уый тыххæй æмæ куырд ус сымах рахастат. Æмæ афтид ууыл куы уаид, уæддæр ма иу у, фæлæ ма Æхсарæн фæмард йæ мадыфсымæр. Буцæйæн дæр афтæ. Дзылатæн та иуæй сæ куырд усы ахастат, иннæмæй Джетæгъæзæн йæ зæнг асастат. Тынг зын райхалæн æлхынцъытæ сты уыдон.

Раст зæгъыс, Мæхæмæт, адæм дæр сыл сæ сæр хойынц æмæ сын ницы кæрон арынц.

– Аипп ма уæд, Елмæрза, кæй дæ фæрсын, уый, фæлæ дæ де 'фсымæртæ мæнмæ куы æрвыстой, уæд дын сæ фæдзæхст цы уыди, уый мæ бамбарын фæнды.

– Ме 'рцыд у, Мæхæмæт, мæнæн уый: Буцæйы фæнды фенын ме 'фсымæр æмæ йæ хойы. Бамбарын æй фæнды, тыхдзинад æви фæндондзинад уыди, уый. Æмæ уыцы хъуыддаг базонын мæнæй хæсдæр никæмæн у. Уымæн æмæ Буцæйæ дæр Дзылатæ дзуапп агурынц. Адæмы æхсæнмæ исты дзуапп рахæссын хъæуы.

– Раст сты дæ ныхæстæ, Елмæрза, фæлæ куыд хъусын, афтæмæй цыма Сафирæт æнхъæлцау у...

– Уым, Мæхæмæт, диссагæй ницы ис, æнæхъæн авд мæйы цæрынц лæг æмæ усæй. Амондджын гуырдз æй Хуыцау фæкæнæд!

– Дыккаг хатт дын æй зæгъын, Елмæрза: мæнæ дæ уæлхъус чи лæууы, уыдон фондзæй дæр мæ кæстæр æфсымæртæ сты. Æмæ ссардзысты Æхсары. Сымахæн Æхсар у уе 'фсымæр, фæлæ махæн та у нæ уазæг, æгас Хурыхъæуы дæр. Уазæджы фарн та æфсымæры фарнæй къаддæр нæу. Æхсар æмæ Сафирæты ам бирæ фæагуырдтой, фæлæ ницы ссардтой. Мæ хуры чысыл, Елмæрза, ды Æхсаримæ иу дзидзийæ хаст дæ, æмæ уыцы дзидзийы æхсыры ард дæуæн дæтты фæндаг. Æмæ-иу дæ зæрдыл уый лæууæд.

Уыцы ныхæстæгæнгæйæ Мæхæмæт се 'хсæнæй сыстад æмæ сæ ныууагъта. Уæд æфсымæрты æмæ уазæджы æхсæн ныхас фæтыхджындæр ис. Æфсымæртæ тынгдæр дзырдтой Буцæйы тыххæй.

– Карз лæг æй хонынц, Елмæрза, уыцы Буцæйы. Æвæццæгæн, йæ сабыр кæнынæн бирæ хъуыддæгтæ хъæуы.

Елмæрза дæр хъуыдыхуызæй сдзуры:

– Мæстыйæ лæг истытæ дзурынæй фылдæр цы кæны! «Арв куыд нæры, цæвгæ афтæ нæ кæны».

– Уый раст у, Елмæрза. Фæлæ иуæй-иу хатт арв кæд нæргæ тынг нæ ныккæны, уæддæр цæвгæ тынг æркæны. Уымæй дæр зæрдæ сæвæрæн нæй.

– Нæ быцæу кæнын уемæ, рæстæг зæгъдзæн алцыдæр. Ме 'фсымæры уал куы фенин, уæд хъуыддаг бæрæгдæр кæнид, – фæзæгъы та Елмæрза.

– Уымæн ахсæв нæ къухы ницыуал бафтдзæни, фæлæ дæ райсом мах дæ зынаргъ æфсымæримæ сæмбæлын кæндзыстæм.

* * *

Æхсæв йæ бары бацыди. Бæстæ бынтон ныссабыр.

Гъеуыцы рæстæджы Мæхæмæт, Æхсар, Сафирæт карз ныхас кодтой иннæ уаты. Мæхæмæт дзырдта:

– Æз, Æхсар, де 'фсымæртæм чысыл фæмæсты дæн, сымах кæм стут, уый афтæ бæлвырдæй кæй бацамыдтой Елмæрзайæн, ууыл. Фæлæ мын æрæджиау куы бамбарын кодта, йемæ иу дзидзийæ хаст кæй стут, уый, уæд гыццыл мæхи фæурæдтон. Ныр та æз дæу фæрсын, Æхсар. Чи дын у Елмæрза æмæ йыл æуууæндыс æви нæ?

– Мæхæмæт, Елмæрзайæ æппындæр тас ницæмæй у. Æз иу мадæй кæмæй райгуырдтæн, уыцы æфсымæртæй дæр ууыл тынгдæр æуууæндын.

– Ницыуал зæгъын уæд æз, Æхсар. Уый уын у стыр æрдхорд æфсымæр, фæлæ дæ уæддæр курын: йемæ дæхи æгæр парахат ма скæн. Хъахъхъæнгæ дзуапп дæтт. Уæззау хъуыддаджы кæй дæ, уый ма рох кæн. Йæхи чи хъахъхъæны, Хуыцау дæр уый хъахъхъæны. Афтæмæй уал хæрзæхсæвтæ раут, райсомы хуры тынтæ уын амонд æрбахæссæнт.

Æхсар æмæ Сафирæты бонтæ афтæ æрцахуыр кодтой, æмæ æрсабыр сты. Цыма ницы 'рцыди æмæ афтæ æмбæлы, уый хуызæнæй æрвыстой сæ бонтæ. Фæлæ Елмæрзайы сæмбæлд чи у, уый сын сæ зæрдæйы сабырдзинад бынтондæр раивылын кодта. Уыдысты уыцы уавæры, цыма фынæй сты æмæ сæ фыдфынтæ кæрæдзийæн дзырдтой.

– Куыд æмбарыс, Сафирæт, дæ зæрдæйы уавæр? Фæсмонырдæм дæ æви æвæсмон?

– Æхсар! Фæсмон æмæ фæстæмæ здæхын мæ зæрдыл лæугæ дæр нæ кæны æмæ не 'ркæндзæн. Фæлæ ныр æз та дæу фæрсын, Æхсар: ды та йæм цы цæстæй кæсыс, цы 'рцыдис, уымæ? Ам æмбæхсгæйæ мацыуал уæд.

– О мæ зынаргъ Сафирæт, æз дын мæ зæрдæйы уавæр зæгъдзынæн. «Зынг зæгъынæй ком нæ судзы» – ахæм æмбисонд ис. Дæ ныхас раст у. Æз æмæ ды цард, хъысмæт æмæ фыдæлты æгъдæутты бозитæ нæ къухмæ райстам æмæ царды стыр денджызы цæхгæрмæ цæуæм, ома сæ ныхмæ. Мах лæууæм уыцы ивылд денджызæн йæ тæккæ астæу. Йе нæ аленк кæнын хъæуы, йе та нæ фæстæмæ нæ зонгуытыл æрлæууын хъæуы.

– Куыд, Æхсар, фæстæмæ, цагъардзинадмæ? Цыдæриддæр уæд, арв æрхауæд, хæхтæ афæнык уæнт, дæттæ ссудзæнт, махæн нæ фæндагæй фæзилгæ нал у.

Сафирæт йæ цæстыдзагæй бакæсы Æхсармæ, æнцад, фæлмæн схудгæйæ сдзуры:

– Фыранк фæстæмæ йæ фæд-фæд нæ зилы.

– Тох, хъазуат – нæ ном, нæ кадимæ, кæннод та цагъары бæсты – æргом мæлæт! – хинымæр дзурæгау зæрдæбынæй фæзæгъы уæд Æхсар.

Гъе, афтæ, цыма уыцы бон ард хордтой, уыйау сæ кæрæдзимæ карз фæрстытæ æмæ арф дзуаппытæ лæвæрдтой кæрæдзийы фæлварæгау. Æхсарæн йæ цæсгом иттæг рухс уыди Сафирæты ныхæстæм хъусгæйæ. Хъæлдзæгхуызæй йæ фæлмæн йæ хъæбысы æрбакæны. Сафирæт дæр ыл ныттыхсы æмæ зæгъы:

– О, æхсары фидар гæнах! О, æфсармы æнæцудгæ мæсыг! О, мæ сау боны сыгъдæг цæссыг! Дæ карды тохы цæхæртæ мын мæ зæрдæйы арт куы суагътой. Цы у мæлæт? Мур дæр ницы! Чи бауромдзæн мах? Æппындæр ничи! Ды дæ æнæхъæн æфсад.

– Цард, хъысмæт, кæнут уæ тæрхон, фæлæ мах нæ амондæн йæ кæрон ссардзыстæм! – сдзуры Æхсар дæр. Исдугмæ аджих вæййы, стæй та фæзæгъы: – О зæрдæ, цæй домбай æмæ хъæбатыр дæ! Чи æрлæудзæн дæ размæ? Мæлæт? Фæлæ дæ уый дæр куы нæ фæразы уромын. О уарзондзинад, цæй тыхджын у дæ арт! Денджыз дæр дæ куы нæ фæразы хуыссын кæнын...

* * *

Æрбабон ис. Бæстæ уыди тынг рæсугъд, æрттывтытæ калдта. Елмæрза дæр æрдзыл йæ цæст ахæссы æмæ йæхинымæр сдзуры: «Йа, Уастырджи, хъуыддæгтæ ацы боны хуызæн рæсугъдæй ауадз!»

Æхсар æмæ Сафирæт кæд Мæхæмæты хæдзары уыдысты, уæддæр сарæзтой афтæ, цыма искæцæй æрбацыдысты: кæрты дуар бакæнгæйæ кæртмæ æрбараст сты. Елмæрза æмæ Æхсар кæрæдзийы куы ауынынц, уæд сæ дыууæйæн дæр сæ цæсгомы хуыз аивы, мæрдон фæлурс авæййынц.

Уыдонмæ кæсгæйæ Сафирæт ставд цæссыгæй ныккæуы æмæ къæсæрæй уатмæ бахизы. Мæхæмæт фæхъæр ласы:

– Цы кæныс, нæ уазæг, де 'фсымæры уындæй дæ туг куы фæлыгъди!..

Æхсар Елмæрзайы адджын хъæбыс ныккæны, дыууæйæ дæр ныккæуынц, сæ бон сныхас кæнын нал у. Æхсар йæ цæссыгтæ ныхъуыргæ иу дыууæ скъуыддзаг ныхасы скæны:

– Æвæццæгæн, Елмæрза, мæ райгуырд æлгъыстæн баззайдзæн...

Елмæрза дæр, цыма йæ ныхас тыххæй йæ къухы æфты, уыйау сдзуры:

– Нæй гæнæн, Æхсар, адæймагæн йæ хъысмæт цы скæрда, уымæй ирвæзгæ нæу!

Уæд сæм Мæхæмæт радзуры:

– Цомут-ма мидæмæ. Цы у уый, лæгтæ не стут æви цы? Цардыы мидæг адæймаг хъуамæ æнхъæлмæ кæса алцæмæ дæр. Мидæмæ, уатмæ, Сафирæты цурмæ. Нæ амондджын сæмбæлды хъуамæ цæссыг ма уа!

Уыцы ныхæстæгæнгæйæ Мæхæмæт бахызти уаты къæсæрæй, йæ фæстæ та Елмæрза æмæ Æхсар. Сафирæты стыхсын кодтой цæссыг æмæ кæуын. Ногæй та йæ цæстытыл уадысты йæ хъысмæты цаутæ æмæ фыднывтæ. Мæхæмæт дæр фездæхы Сафирæтырдæм æмæ фæзæгъы:

– Сафирæт, нæ зынаргъ хо, дæхи æгæр ма тыхсын кæн. Дæу аххос нæу, ацы хъуыддæгтæ демæ райгуырдысты, дæ хъысмæты лæвар сты.

Афтæмæй Мæхæмæт дыууæйы дæр æрсабыр кодта.

Иучысыл рæстæджы фæстæ æртæйæ дæр æнæ иу хъыппсыппæй аззадысты. Сæ иу сæ иннæмæ сдзурынмæ æнхъæлмæ касти. Æппынæрæджиау Æхсар уæззауæй, йæ цæстытæ гыццыл доны разилгæйæ, кæуынхъæлæсæй загъта:

– Уæдæ цард цытæ кæны!.. Рухсаг уæнт мæ мадыфсымæр Саулохы-фырт æмæ Сафирæты мадыфсымæр Æзо.

Стæй цыма куыройы нукæн йæ ауазæн систой, уыйау ныхас æнæкъуылымпыйæ цæуын байдыдта. Елмæрза дæр æнцадгай сдзуры:

– Джетæгъæзы амонд дæр ницы хæлæггаг у. Саулохы-фырт мард фæци, уымæн та йæ син ныммур.

Сафирæтæн ногæй йæ зæрдæ æрбауынгæг æмæ ставд цæссыгæй ныккæуы. Æхсар дæр æм ирдхуызæй сдзуры:

– Алкæмæн дæр нæ йæ хъысмæт конд у. Фæлæ, Елмæрза, ныр мах дæумæ хъусæг стæм. Цы уавæры сты адæм, стæй цы цæстæнгасæй кæсынц махмæ?

– Зæгъдзынæн дын æй, Æхсар. Чи уæ ныхмæ у, чи та – уæ фарс, чи – ардауæг, чи та – фыдбылызхæссæг.

– Уыдон иууылдæр хорз, фæлæ Буцæ та цытæ архайы?

– Буцæйæ куы зæгъæм, уæд тынг атæлфтытæ кодта, цæф арсау арыдта, фæлæ ныр фæсабырдæр. Хуыцау æй мæныл бафтыдта.

– Раст у уый, Елмæрза, фæлæ йын дæ бон цы у æмæ дæуæй цы агуры, уый ма мын бамбарын кæн.

– Йæ курдиаты сæйраг у, дæу æмæ йæ хоимæ дзыхæй-дзыхмæ куы аныхас кæнид, уый.

– Дис кæнын, Елмæрза: уымæй уый цы саразддзæн?

– Уымæн дын цы зæгъон, йæхи-иу ын бафæрс. Æрмæст ын фæндаг уыдзæнис æви нæ?

– Фæндаг та йын цæуылнæ уыдзæн? Калм у, хæргæ нæ акæндзæнис? Цы зæгъыс, Сафирæт?

– Æз ницы зæгъын. Æрмæстдæр уый, æмæ ме 'фсымæр, Буцæ, у хивæнд æмæ фыдбылызæй йедзаг...

Бирæ алыхуызон ныхæстæ ма сæм рауадис уыйфæстæ.

Тохты Мæхæмæт тынг сбуц кодта Елмæрзайы. Бамбæрста, Елмæрза цы курæг у, уый. Радта йын фæндаг, цæмæй Буцæ сæмбæлдаид йæ хоимæ. Елмæрза сæ рацыди тынг бузныгæй, Буцæйæн фæндаг кæй радтой, уымæй.

Хетæджы къохы цурты æрцæйцæугæйæ Елмæрза фæстæмæ сдзуры: «Табу дæхицæн, Хетæг, æнхъæлдæн, æмæ дæ кусарт хæсджын кæндзынæн. Буцæйы курдиат тынг рæсугъд сæххæст кодтон. Йæ бон у йæ сиахс æмæ йæ хойы фенын. Уымæй дарддæр цы æрцæуа, уый мæ хъуыддаг нæу». Æмæ асагъæс кæны: «Æнæууæнк дæ ды, Буцæ, ард дын нæй, фæлæ кæд ды рувас дæ, уæд æз та дæ къæдзил. Æз дæр дын афтæ мæхи не 'спарахат кæндзынæн, цалынмæ мын, цы загътай, уыдонæй исты мæ къухы бафта, уæдмæ».

* * *

Елмæрза йæ сагъæстæй афтæ æнæвдæлон уыди, æмæ комгæроны зæридау лæнкмæ, фыййаударæнтæм куыд бахæццæ, уый дæр нæ бамбæрста, цалынмæ йыл фыййæутты куыйтæ срæйдтой, уæдмæ. Дыккагæй та, Айтег йæ фысты уæлхъус лæууыд иуварсырдыгæй æмæ йæм хъæлдзæгхуызæй сдзырдта:

– Уæ, æгас æрцæуай, Елмæрза! Быдырæй цæуæджы хуызæн куы дæ? Мидæмæ, Елмæрза. Нæ изæрхорыл нæхи аирхæфсæм.

– Бузныг, фадат мын нæй, Айтег. Цæй, дæ фос дæр бирæ уæнт æмæ хъæздыг фысым фæу.

Айтег ма йæ иукъорд ныхæстæй уæлбæхмæ афарста:

– Куыд сты быдырырдыгæй та хортæ, нартхæрттæ?

– Тынг бæркад ис быдырырдыгæй ацы аз, Хуыцауæй бузныг.

– Быдыры исты куы уа, уæд дзы мах дæр хайджын уыдзыстæм. Фæндыдис мæ, Елмæрза, нæ изæрхорæй куы сахуыстаис, уый, фæлæ тагъд кæныс æмæ фæндарасг фæу!

Цалынмæ Елмæрза йæ балцæй фæстæмæ здæхтис, уæдмæ Буцæ йæхицæн иу ран бынат нал ардта, минутæй-минутмæ йæ бæрæг кодта.

Уалынмæ йæм хъæубæстæй чидæр хæрзæггурæггаг фæци:

– Æтт, Буцæ, дæ минæвар Елмæрза æрбахæццæ ис!

Буцæ афæлурс ис, йæ мидбынаты бадзой-дзой кодта. Хабархæссæг æм базгъордта, фæхæцыд ыл æмæ йæ бандоныл æрбадын кодта.

Иу минуты бæрцмæ Буцæ æрномыл ис. Фефсæрмы ис уазæгæй æмæ дзы хатыр ракуырдта. Хабархæссæг куы ацыд, уæд Буцæ ногæй йæхи æруагъта бандоныл æмæ сагъæсты аныгъуылд: «Цы мын зæгъдзæн Елмæрза мæ хъуыддагæй?»

Йæ цæстæнгас уыди расыгхуыз. Йæ зæрдæйы тухи йæ цæсгомыл тынг æргомæй зынди. Æппынфæстаг йæ топмæ бавнæлдта, йæ хъатара æрбаста æмæ рараст и...

Елмæрзайы дæр йæ хъуыдытæ иу ран кæм уадзынц! Чысыл ма бахъæуа, йæхæдæг фæраст уа Буцæмæ. Фæлæ та фæзæгъы: «Нæ! Уæд мæхи æгæр аслам кæнын. Бауадзон æй, цымæ цы йæ зæрды ис».

Цалынмæ Елмæрза гъеуыцы сагъæстимæ ракæ-бакæ кодта, уæдмæ кæрты дуары хъæр ссыд, æмæ æнцадгомауæй чидæр бадзырдта:

– Госæма, дæ изæр хорз уа!

– Кæй изæр у, уый хорзæх дæ уæд æмæ нæм æгас цу, Буцæ!

– Куыдтæ стут, Госæма?

– Дзæбæх дæ Хуыцау уадзæд, Буцæ!

– Елмæрза уæхимæ ис?

Елмæрза Буцæйы ныхас куы айхъуыста, уæд рудзынгæй радзырдта:

– Гъей, мидæмæ, уазæг! – Йæхæдæг хæдзары дуар фегом кодта æмæ та йæм дзуры: – Мидæмæ, мидæмæ, Буцæ!

– Алыбон æгас цу, æгайтма хæдзар ссардтай, – йæ къух ын райста Буцæ.

Буцæ кæд йæхи цыфæнды хъæлдзæг дардта, уæддæр йæ цæсгомыл зынди цыдæр уæззау сагъæс. Дыууæйæ дæр къæсæрыл фембæлдысты æмæ кæрæдзийы рафæрс-бафæрс кодтой.

– Мæ зæрдæ дæм хуымæтæджы тынг æхсайдта! Куыд вæййы, цы вæййы, зæгъын...

– Ай-гъай! Ахæм фæндагыл мæ бафтыдтай.

– Хъазын хъазын у, Елмæрза, фæлæ сауджын куадзæны æрцыдмæ афтæ не ‘нхъæлмæ каст, æз де ‘рцыдмæ куыд æнхъæлмæ кастæн. – Йæхæдæг æнад худт бакодта. – Цæй, куыд уыдис дæ балц?

– Бауырнæд дæ, Буцæ, мæ балц уыд, мæнæ цуанон цæф сырды фæдыл сæрсæфæны былтыл куы цæуа, гъеныр кæнæ цъус фæстæдæр хохы тигъæй атæхдзынæн, зæгъгæ, хъуыдытæгæнгæ, раст афтæ уыди мæ балц. Æз ныццыдтæн Хурыхъæумæ. Уæдæ мын дзы зонгæтæ дæр куыд нæ и, уæдæ мын дзы хæстæджытæ дæр ис. Гъе, уæддæр æфсæн къулыл – хæстон, æндæр мын дзы ницы æнтысти. Стыр зынтæй бахаудтæн Тохтæм. Уыдон мæ цалынмæ лыстæг сасирæй балуæрстой, уæдмæ мын нæ уыдис фæндаг Æхсар æмæ дæ хо Сафирæтмæ, уый дæр стыр зынтæй.

Буцæ цыма сонт фæци, уыйау хæрдмæ фесхъиудта æмæ сдзуры:

– Æмæ сæ федтай дæхи цæстытæй Æхсар æмæ Сафирæты?

– Æрра дæ æви цы! Уæдæ сæ искæйы цæстытæй уыдтон? Æз ын мæ тухитæ дзурын, ай та æндæр кæдæмдæр хъусы.

– Гъы, гъы, Елмæрза, дæу куы федтой, уæд цы хуызæн уыдысты?

– Рыстхуыз уыдысты, куыдтой.

– Æмæ дæ уæд мæнæй ницæмæй афарстой?

– Куыннæ мæ афарстой! Мæн куы федтой, уæд фыццаг фарст ды уыдтæ. Цæй, Буцæ, куыд уыдысты æмæ цы уыдысты, уыцы таурæгътæ ныууадзæм. Фæлæ ды мæнæй цы куырдтай æмæ æз цы дзуапп æрбахастон, уыимæ дæ базонгæ кæнон. Æппæт Хурыхъæу дæр æмæ де сиахс, дæ хо дæр дын радтой бар семæ сæмбæлынмæ. Фæндаг дын ис, дæ хорзæхæй. Цы ма мæ агурыс?

– Зæрдиагæй дын арфæ кæнын, Елмæрза, кæд дын цыфæнды зын уыдис, уæддæр сæ кæй сæххæст кодтай, уый тыххæй. Фæлæ æз дæр мæ уды æгасæй мæхи хæсджынæй нæ ныууадздзынæн дæ разы.

Гъеуыцы ныхæстæ кæнгæйæ сисы йе ‘хцадон йæ дзыппæй

æмæ дзы дæс туманы дæтты Елмæрзамæ, адон ницы сты, фæлæ фендзыстæм дарддæр, зæгъгæ.

Елмæрза дæр сæ йæхи нæ исæг скæны, фæлæ сæ Буцæ стъолмæ баппары æмæ сдзуры, æфхæргæ мæ кæныс, Елмæрза, фæлæ дын куы зæгъын, фендзыстæм дарддæр, зæгъгæ.

Гъе, афтæ ма иугыццыл аныхас кодтой Елмæрза æмæ Буцæ æмæ зæрдиагхуызæй кæрæдзийæн хæрзизæр загътой. Буцæйæн сæхимæ цæугæйæ йæ хъуыдытæ раив-баив кодтой кæрæдзийы. Хинымæр ныхæстæ кæны йæхиимæ. «Ацин уал кæн, ацин, Елмæрза, дæ дæс туманыл. Ды сæ бафиддзынæ, иу дзидзи кæимæ бададтай, уыцы Æхсары тугæй. Ныр уал дæхицæн æвæр зæрдæ: мæ мыстрагъыл сбаддзынæ, мæ хæрæфырт Мæдинæ дæ рæвдаудзæни... Нæ, хъæздыг фынтæ уайдзæн, Елмæрза, дæ цæстытыл! Фæлæ – кæм æмæ цы!»

Гъе, афтæ хъуыдытæгæнгæ Буцæ бахæццæ вæййы сæхимæ.

Елмæрзайæн йæ мад Госæма изæрхор куы æрæвæрдта, уæд йæ фыртимæ фынгыл æрбадтысты. Госæма фæрсы Елмæрзайы:

– Дæ хорзæхæй, лæппу, уыцы карз æмæ сусæг ныхас уын цы уыди Буцæимæ?

– Цы куы зæгъай, нана, уæд дын æй зæгъдзынæн. Нал мæ уадзы, Æхсар æмæ нæ Сафирæтимæ дзыхæй-дзыхмæ баиу кæн, зæгъгæ.

– Бабын уай! Дзыллæ кæй нæ фæразынц, уымæн дæ бон цы бауыдзæн?

– Мæ бон ын, нана, сси: æнæхъæн дзыллæ кæм ницы фæрæзтой, уым æз фæндаг сарæзтон.

– Куыд, дæ хорзæхæй, лæппу?

– Буцæ мæ куырдта: «Фидараты мын сразы кæн. Мæ хо æмæ де 'фсымæр Æхсары феныны тыххæй дæуыл бауæнддзысты æмæ дын æй бацамондзысты, кæм ис, уый». Уыдон сты Хурыхъæуы, Тохты хæдзары.

– Мæнæ ме уæнгтæ куыд ныддыз-дыз кодтой, лæппу! Дæ ныхæстæм мæ сæрыхъуын уырдыг сыстадис. Хорз нæ уыдис, æгæр арф дзы кæй бацыдтæ, уый, мæ хъæбул. Буцæйæ адæм сæхи дардмæ куы ласынц æмæ йæ аларды куы хонынц.

– Йæ тæваг йæхирдæм фæуæд, цы нын кæндзæни. Уæвгæ дзы хи хъахъхъæнын хъæуы, уый раст у. Уацилла йæ æрысхойæд, æгас дзыллæты æддæг-мидæг чи ауайын кодта!

Буцæ, сæхимæ бацæугæйæ йæ хъатара мæстыйæ баппары,

йæ топп æрцауындзы æмæ стъолы цур æрбады. Йæ мад æм æнцадгай дзуры:

– Дзылатæ дæ агуырдтой: «Æхсызгон, дам, нæ хъæуы».

Иугыццыл æнæсдзургæйæ абады æмæ йæ мадмæ фидисгæнæгау сдзуры:

– Хæдæгай, дæ хæрзæггурæггаг мæн: дæ буц, дæ кадхæссæг, номдзыд æмæ хорз чызджы дын фендæуыди.

Мад тарстхуызæй бафæрсы:

– Кæмæй зæгъыс?

– Кæд æй дæ чызгæй нал зоныс, уæд та Сафирæты, стæй кæй фæдыл алыгъди, уыцы æнаккаджы дæр. Ноджы иннæ хæрзæггурæггаг: авдæнбæттæн æмæ кæхцмæ бацæттæ кæн дæхи. Хуыцау кæсы æмæ махмæ: хæрæфырт нын, хæрæфырт!.. Гъы, дзæбæх хæрзæггурæггаг дæм нæ фæдæн, дзыцца?! Æз дæуæй куы уаин, уæд иу нуазæн авæрин.

Мадæн йæ рустыл судзгæ цæссыгтæ æрызгъæлдысты æмæ исдугмæ джихæй аззади. Буцæ йæ мады æгæр рыстæй куы федта, уæд æм фæлмæнæй сдзырдта:

– Дæумæ æрвиты, фен, дам, мæ.

– Ой, æлгъыстаг гуырд. Дæ бæсты мын фæлтау калм куы уыдаид, калм, æмæ мын фæлтау мæхи куы бахордтаид!

– Æлгъыстæй ницы уайы, дзыцца, уыдон ныууадзын хъæуы, фæлæ уыцы æнамонды нæхæдæг фенæм, цымæ цы зæгъы. Дзылатæн нæ исты дзуапп дæттын хъæуы. Джетæгъæз домы, мæ куырд усы мын ссарут, кæд, дам ыл цыфæнды бæллæхтæ æрцыд, уæддæр.

– Кæцытæн ма дзы раттæм дзуапп, уый бæрæг куынæуал ис. Тæхуды-тæхуды æмæ сау ингæнмæ чи ныххауы.

– Сау ингæн дæр баййафдзыстæм, кæдæм æм хæлæф кæнæм, дзыцца! Уый нын нæ аирвæздзæн, мах агургæйæ нæу.

Уыцы ныхæстæгæнгæ арахъхъ рауадзы æмæ йæ зыд нозт акæны, стæй фæзæгъы:

– Цымæ мæм цы цæсгом равдисдзысты Æхсар æмæ Сафирæт? Цымæ сæхи цæмæй раст кæндзысты? Тыхджын зæрдæ хъæуы уыдон бауромынæн.

Буцæйыл уæззау хъуыдытимæ æрбабон. Дзылатæ йæ цæмæн агуырдтой, уый дæр æмбæрста. Уыдонæн дæр уыдис æмбæрстгонд, Елмæрза сæ дыууæты æхсæн кæй архайы, уый. Буцæйæ Елмæрзамæ къаддæр æнхъæлмæ нæ кастысты, цы дзуапп æрбахæсдзæн,

уымæ. Æмæ Буцæ Дзылатæм куы бацыди, уæд уыдон иукъордæй йе 'мдзу бакодтой. Уый сын загъта Елмæрзайы дзуапп.

– Буцæ, куыд кæныс, уый мах хъуыддаг нæу. Дæ хо гуыбынджын нæ, фæлæ кæд дæс ныййардта, уæддæр дын Дзылатæ зæгъынц, дæ хæдзармæ цæмæй æрбацæуа, уый. Гъеуый дын мах дзуапп. Уымæй фæстæмæ дæхæдæг куыд арæхсыс – дæ бар дæхи!

– Нæй гæнæн, дзыцца, схъæбатыр кæн дæхи æмæ цом Хурыхъæумæ. Ныццæудзыстæм дæлæ дæ хомæ, – уыдон дæр хъæубæсты астæу мыггаг сты, – æмæ сæ бафæрсдзыстæм зондæй.

Мад тынг зынтæй сразы ис. Фæлæ уæддæр Хурыхъæумæ сæ балц тынг уæззау хъуыдытимæ срæвдз ис.

Елмæрзайæн йæ мад Госæмайы ныхæстæ йæ ныфс асастой: «Исты куы æрцæуа æмæ дзы мæ ном куы разына». Стæй та йæхицæн зæрдæ авæры: «Æмæ хъуамæ цы æрцæуа? Æз цы Æхсары зонын, уый Буцæйыл гыццыл куы фæгуырысхо уа, уæд ын цы хъæуа, уый бакæндзæн. Аннæмæй та Тохты фондз æфсымæры астæу калмы дзыхы йæ къух чи кæны?»

* * *

Æхсæвы кæд мæй нæ касти, уæддæр стъалытæй уыди рухсбын. Мигътæ, цыма сæ фæллад уагътой, уыйау арвы кæрætты дзыгуыртæй лæууыдысты. Дон æнæмæтæй йæ фæндаг дардта æмæ хъæлдзæгæй зарыд, цыма йе сгуыхтыл цин кодта, уыйау.

Диссаг у, цымæ афтæ æнафоны ацы бæлццон кæдæм араст? Уый афтæ хъахъхъæнгæ цыди, æмæ йæхи улæфтæй дæр тыхсти. Йæ цалх-иу дурыл йæхи куы скъуырдта, уæд-иу æй куы апырх кодтаид, уый дæр æй фæндыди.

Цæуджытæм куы фæхæстæгдæр, уæд тагъддæр базмæлын кодта йæ бæхы. Басылыхъхъæй йæ сæр стыхта æмæ йæхи иннæрдæм кæсæг скодта. Цæуджытæ йæ нæ равзæрстой цæсгомæй. Куы фæиртæст сты, уæд фæндаггæттæ кæрæдзимæ сдзырдтой:

– Хуыцауы тыххæй, адон цавæр адæм сты? Сæхицæн цæстдзыдæй тæрсынц, æви нæм дзургæ дæр куы ницы скодтой.

Сæ иу загъта:

– Кæд мæ Хуыцау нæ фæливы, уæд уыцы аласа Хабæты Буцæйы бæхы хуызæн у.

– Омæ уый Буцæ фæуæд, фæлæ йын сылгоймаг та чи у?

Бæлццæттæ уыцы ныхасмæ аздæхтысты Фидараты æмæ Дзылаты коймæ...

Райсом хур куы скаст, уæд Буцæ æрхызт Уыртатæм, йæ мадыхомæ, Хурыхъæуы. Йæ хойы лæппутæ йæм æнкъардхуызæй рауадысты. Буцæйы мад йæ хойы лæпputы куы ауыны, уæд сæ, йæ хъæбысы ныккæнгæйæ, ныккæуы:

– Æй-джиди, æмæ уæм фæлтау мæ бæсты уе 'мхæрæфырт Сафирæты хъæргæнæг куы æрхызтаид.

Фысымтæ архайдтой йæ басабыр кæныныл:

– Гæнæн нæй, дзыцца. Уæларвæй дур куы æрхауы, уæд æй зæххæн æнæ уромгæ нæй. – Сæхæдæг æй, сæ хъæбысы хæссæгау, мидæмæ бакодтой.

Буцæ æмæ йæ мады æрцыд уайтагъд ахæлиу Хурыхъæуыл. Зæронд лæгтæ æмбырд кæнын байдыдтой Уыртаты дуармæ. Уыцы хабармæ Тохтæ дæр базмæлыдысты, Мæхæмæт хъæубæсты зæронд лæгтæм арвыста æмæ сын бамбарын кодта, Сафирæтæн йæ мад æмæ йе 'фсымæр кæй æрбацыдысты, уый. Хъæубæсты дзырддзæугæ лæгтæ хъуыддагхуызæй Мæхæмæты алыварс æмбырд кæнын райдыдтой. Цыбыр рæстæгмæ Тохты дуармæ тынг æрбæзджын сты адæм. Се 'хсæн стыхджын ныхас. Нал ауæрстой, куыд аивдæрæй æмæ цыхуызы æнæрæдыддæр ныхас æрцæуа, ууыл.

Уыртатырдыгæй дæр æнцад не сты. Æппæт Хурыхъæуæн дæр – лæгæй, усæй фæсивæдæй – се 'нгас здæхт у хъуыддагмæ. Алкæйы цæсгомыл дæр дзы зынди сагъæс, хъуыды кодтой, цы уыдзæн, ууыл.

Кæд райсом бон райдзаст уыди, уæддæр ныр арвыл сау мигъы тæгтæ абадти æмæ чысылгай æрбабæзджын сты. Стæй, цыма æрдз адæмы зæрдæ æлхæдта, уыйау гæзæмæ сæлфынæг ракодта.

Уыртаты кæрты стыр цæлхæмбырд сты бирæ адæм. Сæ астæу лæууынц Буцæ æмæ йæ мад. Мадыл ис сау дарæс.

Буцæйæн йе 'мхæрæфырт Ахберд, бæрзонд, даргъзачъе уæнгджын лæг, уæззаугай ныхас кодта хъæубæстимæ, фæлæ йæ ныхас арæзт уыди Буцæ æмæ йæ мадыхомæ.

– Нæ зынаргъ хо Ханысиат, уæззау раны дæ, уый зон. Ис дыл зын бон, фæлæ цы кæнæм? Ацы адæм æмæ дæ мах дæр курæм, уромын фæраз дæхи. Дзæгъæл куыдтытæ, дзæгъæл ныхæстæ, æнæуаг митæ куыд нæ уа, афтæ. Буцæ! Дзурæм дæумæ

дæр. Ды æрра митæ, схъиудтытæ куыннæ кæнай, афтæ. Æмбар дæхи, кæм дæ, уый æмæ дыл цы бон ис, уый дæр. Хъуыддаг канд Хурыхъæуыл нæу, фæлæ дзы ис æфсæрмыйаг дзыллæ.

Гъеуыцы уавæры Уыртаты хæдзарæй рараст сты æнкъард адæм. Æппæт хъæубæстæ дæр ныссабыр сты, суанг æрдз дæр ныхъхъус и. Тохты уынджы тигъмæ куы схæццæ сты, уæд иу уынгæй иннæ уынджы тигъмæ рæнхъ æрлæууыдысты Ахбердитæ. Дыууæтæ дæр æнкъардхуызæй лæууыдысты æмæ марды арфæ ракодтой. Тохты хистæр Сæго размæ ракæны къорд къахдзæфы æмæ æнцадгай ныхас райдайы:

– Рухсаг уæнт Æзо æмæ Саулохы-фырт. Ацы адæм æмæ æппæт Хурыхъæу дæр хъыг кодтой æмæ кæнынц. куыдтой æмæ кæуынц. Фæлæ цы нæ бон у? Æхсар æмæ Сафирæт сты нæ хо æмæ не 'фсымæр. Дæуæн нæхи кæнæм нывонд. Фыдбылызы арт ссудзын кæнынæн бирæ хъуыддæгтæ нæ хъæуы, фæлæ йæ ахуыссынæн та бирæ лæгдзинад, хъæбатырдзинад æмæ фæзминаг хъуыддæгтæ хъæуы...

Ахбердæн йæ цæсгомы бакаст уыдис иттæг фæлмæн, йæ цæстæнгас сагъæсхуыз æмæ хъуыдыхуызæй райдайы дзурын:

– Æфсымæртæ! Нæ хотæ! Æз исты диссагдæртæ радзурдзынæн, уымæй уын ницы зæрдæ æвæрын. Сæгойы ныхæстимæ æз разы дæн, фæлæ ма сыл æфтауын иу дыууæ ныхасы. Мах кувæм Хуыцаумæ, курæм зæдтæй дæр æмæ дзуæрттæй дæр: фыдбылызæй нæ бахъахъхъæнæнт. Фæлæ адæм куыд гуырынц, афтæ фыдбылыз дæр семæ гуыргæ цæуы. Амонддджын уыцы адæмтæ сты, æмæ фыдбылыз дардыл ахæлиу кæнын чи нæ уадзы. Санаты Сем афтæ загъта: «Циу мыггаг! Мыггаг у лæг. Цы у уыцы лæг та? Рæстæгимæ æмдзу чи кæны, уый. Цы у йæ хæс уыцы лæгæн? Йæ кад æмæ йæ фæзмындзинад...»

Размæ рацæуы Мæхæмæт. Йæ ныхæстæ сты иттæг аив. Йæ ракъахдзæф – аив, йæ дзырды – бирæ бæркад. Йæ хъæлæс топпы гæрахау арауы. Адæмыл йæ цæстытæ ахæсгæйæ хъæрæй фæзæгъы:

– Абон махæн у стыр уæззау бон. Не 'хсæн судзы туджы арт. Алырдæм хæссы зынджы стъæлфæнтæ. Уыцы арт тугæй хуыссынгæнгæ нæу, стæй дзы хуысгæ дæр нæ акæндзæн. Уымæй хуыссын кæнынæй нæ фыдæлтæ ницы райгонд фесты. Мах æй хъуамæ ахуысссын кæнæм сыгъдæг æфсымæрон цæстысыгæй...

Мæхæмæт ныхас куы кодта, уæд Сафирæтæн иу дыууæ хатты

йæ зæрдæ бахъарм. Йе 'хсар стæнæг. Зæхх цыма йæ быны ризгæ кодта. Кæд æмæ йæ мады фенынмæ йæ былыцъæрттæ хордта, уæддæр ныртæккæ сразы уаид, зæхх йæ быны куы ныххауид, ууыл.

Кæд æмæ Сафирæт йæ мадимæ цыфæнды уæззау æмбæлд фæкодта, уæддæр алцæмæн дæр вæййы кæрон. Йæ мад æм судзгæ æлгъыстытæ æмæ æртхъирæнтæ систа:

– Адæмы æхсæн нæ æлгъыстаг, фидиссаг æмæ сæрæвæрæн скодтай. Æнусмæ æмбисондхæссæн фестæм!

Сафирæт уæззау цæссыгтæ калгæ сдзуры:

– Мæ райгуырдыл æз дæр цингæнæг нæ дæн, мæ хъысмæтмæ æз дæр кувгæйæ мæ фæдджи нæ бадардтон. Фæлтау мæ куы нæ ныййардтаис, дæу аххостæ сты, дзыцца. Ме 'фсымæр Бибо мæ радта Æхсарæн. Æз æй уарзтон. Сымахæн уе 'ппæтæн дæр зындгонд уыд. Уый мæ йæхицæн бинойнагыл нымадта. Мах мыггагæн дæр æмæ Фидаратæн дæр æмбæрстгонд уыд...

Уыцы ныхæстæм мад йæ цæсгомыл йæ къухтæ авæры:

– Дæдæй, мæнæ мæ хуылфæй цы залиаг калм рацыд!

Буцæ тынг æнцадæй каст йæ мад æмæ йæ хомæ. Йæхинымæр афтæ мæсты кодта, æмæ йæ хойы уыцы сахат хъамайæ куы акъуыхтæ кодтаид, уый дæр æй фæндыд. Стæй йæ къухы æфтгæ дæр бакодтаид, æвæццæгæн, фæлæ йын йæ зæрдæйы уыди карздæр тæрхон. Уымæ гæсгæ архайдта йæ мады сабыр кæныныл.

– Æгæр карзæй йæм ма дзур, дзыцца, æгæр карзæй! Хурыхъæуы Тохты хæдзары стæм. Фæрæдыди, æрцыди. Цы ма йын кæнæм! Уæртæ йæ райгуырæн къонамæ рацæуæд æмæ йæ уырдыгæй, куыд æмбæлы, афтæмæй чындзы арвитдзыстæм. Адæмæн дæр бар сæхи.

Уыцы курдиатимæ Буцæ баздæхт Сафирæтмæ дæр:

– Цы æрцыди, уый æрцыд, раздахæн ын нал ис. Фæлæ рацу дæ мæгуыр къонамæ. Æфсымæртæ, мыггаг дын ис. Уыдон дын фæндараст зæгъдзысты, æмæ дын цард бантысæд Фидараты хæдзары. Бирæгъ уæрыкк куы раскъæфа æмæ йæ æрхы тындтытæ куы кæна, уыйау уыцы цард дæ сæрмæ ма хæсс.

Кæд йæ зæрдæйы цыфæнды маст уыд, уæддæр йæхи æвдыста лæгъзæй, Сафирæт ыл куыд бауæнда æмæ йæм куыд разила, уый тыххæй. Фæлæ Сафирæтæн йæ хъуыдытæ уыдисты бынтон æндæр æмæ йын сабырæй æмбарын кæны:

– Буцæ, дуармæ дзыллæ цы хатыртæ агуырдтой, уыдон

базыдтай æви нæ? Мæнмæ афтæ кæсы, цыма ам адæмы къухы стæм. Æмæ цы зæгъдзысты уыдон, мах нæхи фæнд куы тæрæм, уæд?

– Уыдоны мæт цы кæныс, Сафирæт? Фæрæйдзысты æмæ банцайдзысты. Мах та нæ цард аразын хъæуы.

Сафирæт бамбæрста Буцæйы фæндтæ æмæ йæ дарддæр нал къахта. Уыцы ныхас Буцæйы фæуромæгау кæны æмæ сдзуры:

– Йарæби, Æхсары дæр ма куы федтаиккам, уæд кæрæдзийы хуыздæр бамбæрстаиккам.

Иучысыл афæстиат уæвгæйæ æддæмæ рацыди Тохты кæстæр æфсымæр Ацæмæз, æмæ йын Буцæ бамбарын кодта, Æхсары фенын æй кæй фæнды, уый. Хистæртæ сразы сты æмæ загътой: «Уæдæ, уæдæ, уадз æмæ феной кæрæдзийы æмæ баныхас кæной!»

Æхсар уыди тынг æнцад. Йæ бакаст ницы бæрæг дардта – нæдæр маст, нæдæр тарст. Буцæйæн йæ цæсгомы уавæр æмæ йæ дзырд æппындæр кæрæдзимæ хæстæг нæ уыдысты. Йæ ныхæстæ тыхарæзт кæй кодта, уый тынг зынди дардмæ дæр.

Буцæ фæлмæн худæгхуызæй сдзуры:

– Уæ, мæ тæригъæдтæ фæфидай, Æхсар! Мæнæ нын барæй цытæ бакодтай, мæнæ!

– Æз дын ницы бакодтон, Буцæ, дæуæн дæр, де 'фсымæрæн дæр æмæ Хабæтæн дæр. Уæ хойы уын куырдтон, æмæ мын æй æгъдауæй радтат, æрцыдтæн æм хæссынмæ. Мæ куырд усы мын хаста Дзылаты Джетæгъæз æмæ йын æй нæ ауагътон. Æз æй мæхæдæг рахастон. Гъеныр æз цы аххосджын дæн дæуæй дæр æмæ Дзылатæй дæр, уый не 'мбарын.

Буцæ цы дзуапп раттаид, уый йæ зонд нæ ахста, фæлæ загъта:

– Уый афтæ фæуæд, фæлæ хуыздæр куыд уыдзæн, ууыл ахъуыды хъæуы, Æхсар.

– Буцæ, æз хъуыды цы кодтон, кæнгæ дæр уый бакодтон, дæумæ гæсгæ кæд рæдыд дæн, уæд æй раст та ды скæн.

Буцæ йæ масты хъуыдытæ артхуыссынгæнæгау ныссабыр кæны. Иучысыл сагъæсхуызæй алæууы æмæ æнцадгай сдзуры, цыма Æхсаримæ се 'хсæн ницы æрцыд, уыйау:

– Зынаргъ Æхсар, царды цы æрцыд, уый здахгæ нал у. Алцæмæн дæр кæрон ис: зынтæн дæр, рынтæн дæр æмæ хъизæмарæн дæр. Гъе, фæлæ кæрон нæй зæрдæйы мысинагæн æмæ йын мах хъуамæ скæнæм кæрон. Цытæ æрцыди, уыдон нæ хъуамæ ферох уой иууылдæр.

– Буцæ, дæ ныхæстыл разы дæн. Уыдон хъуыддагæй равдисын та дæ къухы ис. Ныхас ныхас у, хъуыддаг та – хъуыддаг. Ды мæн рæдыд кæм хоныс, уым дын æз зæгъдзынæн. Рæдыд æз уым дæн, дæ хойы кæй бауарзтон. Рох дæ ма уæд, Буцæ, дыууæ уарзон зæрдæйы фæхицæн кæнын нæдæр карды, нæдæр топпы нæмыджы бон у.

Буцæ цæхгæр дзуаппытæ куы бамбæрста Æхсарырдыгæй, уæд йæ ныхасыл дарддæр нал архайдта, фæлæ загъта:

– Цæй, æз та уæ абæрæг кæндзынæн. Хъуыддагæн хуыздæр цы уа, уый кæндзынæн.

Чысыл фæстæдæр йæ мадимæ йе 'мхæрæфырттæм рараст сты. Буцæйæн Уыртатæм цæугæйæ йæ фæндтæ карзæй-карздæр кодтой. Кæд йæ хъуыдытæй æмæ йæ фæндтæй рæвдыд нæ уыд, уæддæр йæхи дардта тынг хъæлдзæг, цыма ницы æрцыд, æмæ йæ цыдæриддæр фæндыди, уыдон йæ къухы уыдисты, уыйау. Йæ фæндтæ та сæры магъзы кодтой сæ фыдбылызы куыст. Афтæ æнæвдæлон сæ уыд, æмæ йын Хурыхъæуы уынгты салам чи лæвæрдта, уыдоны дæр нæ уыдта.

Æхсар æмæ Сафирæтмæ уыдис алыхуызон хъуыдытæ, фæлæ сæхицæн бæлвырд ныфс цæмæй сæвæрдтаикккой, уымæн ницы бындур ардтой.

– Не 'мбарын, Сафирæт, Буцæ цæуыл ныйиттæг ис, ды уæхицæй чындзы цæмæй ацæуай, ууыл? Цы дзы æмбулы æмæ йæ уый цæмæй раст кæны, уымæн ницы кæрды мæ зонд. Куыд æй æмбарыс ды та?

– Æз дын фыццаг дæр æмæ ныр дæр зæгъын: йæхи уд фервæзыны тыххæй уый сразы уыдзæн алцæуыл дæр. Хорзæй нын ницы æрхæсдзæн Буцæ.

– Ехх, Сафирæт, бирæ зынты дæ бафтыдтон! Цыфæнды кæнæд, дæуæн зынты бæсты алцæмæ дæр цæттæ дæн! Куы ныхъхъус дæ?

– Мæ цæугæ хох, Æхсар, куыд кæсын, афтæмæй мæ хорз не 'мбарыс. Комытæфæй цъити нæ тайы. Куыд дæ æмбарын, афтæмæй мæ ды хæфс хоныс, æмæ хъуахъхъ-хъуахъгæнгæ калмы дзыхмæ хъуамæ мæхи баппарон. Нæ! Ахæм Сафирæт нæ лæууы дæ разы. Цыфæнды зынтæм дæр дæн цæттæ!

Буцæ стыр уæззау сагъæстимæ йæ мадимæ дары йæ фæндаг Куырттаты коммæ. Йæ сæры сагъæстæ фыдудау тымыгъ æмæ фæлдзæгъдæн кæнынц. Бæлвырд дзы ницыуал уыдис равзарæн.

Йæ цæстытæй касти уæрæх, йæ цæсгомы тæгтыл дæр ницы уыдис равзарæн, цыма марды цæсгом уыд, уыйау. Кæд Хурыхъæумæ цæугæйæ йæ бæхмæ мæсты кодта, размæ йын кæй не 'нтыст, уый тыххæй, уæд ныр та æгæр тагъд цыма цыд, афтæ йæм каст. Цас хæстæгдæр кодта хъæумæ, уыйас Дзылатæ йæ цæстытыл алыхуызæттæй уадысты. Хаттæй-хатт æй æрфæнды йæ хъуыдытæ аивын, Дзылаты бынтон йæ зондæй фæиуварс кæнын. «Цы мын кодта Æхсар? Цæуыннæуал мæ ныууадзынц Дзылатæ? Куырдтой мын мæ хойы, æмæ сын æй радтон. Æхсар уын æй ахаста, æмæ уыимæ дзурут», – сагъæсты аныгъуылы Буцæ. Стæй та чысыл фæстæдæр йæ хъуыдытæ фæиннæрдæм вæййынц: «Фæлæ сæ цæуыл цæгъдын, цæ? Æмбойны мын мæ кæртмæ æнæхъæн рæгъау куы æрбаскъæрдта Æзо, уæд цин куы кодтон, уæд ныр цы схъиудтытæ кæнын? Саулохы-фырт, дæлдæр ныххау, Джетæгъæзы æххæст чи нæ амардта. Ныр ды марадз, Буцæ, Сафирæты æркæн æмæ йæ æрчындз кæн. Афтæ фæнды Дзылаты. Уый цавæр æгъдау у, æмæ сывæрджын усы фæстæмæ æркæн?..»

Уыцы хъуыдытимæ бахæццæ Буцæ сæ хæдзармæ.

Ханысиат хъæумæ, сæ хæдзармæ куыд хæстæгдæр кодта, афтæ кæугæйæ дзуры:

– Æй-джиди, æмæ мын мæ хæдзармæ мæ мард куы баласиккой! Чи та мын хъусдзæн Дзылаты карз ныхæстæ æмæ æртхъирæнтæм!..

Уæд æм Буцæ æнцадгай сдзуры:

– Цы кæныс, дзыцца! Цæуыл æфхæрыс дæхи? Æз дын æгас куы дæн, уæд судзгæ цæссыгтæ цæуыл згъалыс? Уагæры дын æз мард куы фæуин!

– Ды Хуыцауы уазæг у, мæ хъæбул, фæлæ нын ацы хъуыддæгтæ чи бакодта æмæ кæны, уыдоны ныййарджытæ сæ фæйнæ астæуыл сæ Сафа стухæнт æмæ сæ быны лæдзджытæ сæ къухы райсæнт!

Дзылатæ цыма цы мигъы хуылфы уыдысты, уый апырх æмæ сæ кæрæдзийы хуыздæр федтой, афтæ сæхимидæг базмæлыдысты.

Ныхас кæнынц сæхимидæг: «Цы нын у ай? Нæ куырд ус – хаст, не 'фсымæрæн йæ син – саст. Кæмæй цы дарæм? Ау! Не 'хсар афтæ суæлæнгай ис? Хус фаджысты гæрæнау ныл рахизбахиз куы кæнынц!» Фыдæлтæ-иу афтæ акодтой: «Кау ныллæг кæм вæййы, адæм ууылты фæхизынц». Уый та куыд! Адæмæй ныллæгдæр цæмæн у нæ кау? Махæн никæимæ ис дзырддаг.

Хъуамæ дзуапп радтой Хабæтæ. Буцæйæн цыбырæй зæгъын хъæуы: «Цыфæнды кæнæнт Хабæтимæ. Сæ бон у, нæу, – мах хъуыддаг нæу. Хъуамæ сæ хойы æркæной сæ хæдзармæ. Стæй уыйфæстæ бæрæг уыдзæн. Уый æфсарм æмæ æгъдауæй куы нæ уа, уæд ма нæм кæд лæгдзинад ис, уæд æй хъуамæ бакæнæм æхсарæй. Æгъгъæд у ныр уыци-уыцитæй хъазынæн. Гъеуый уын мæ ныхас, кæстæртæ»,– дзырдта Дзылаты хистæр Мысырыхъо.

Джетæгъæз йæ къахыл дзæбæх нæма лæууыдис. Йæ маст тыхджынæй-тыхджындæр кодта, цыма царды къардиутыл бахизынмæ фæндаг агуырдта, уыйау.

– Æз хъуамæ райсон мæ туг. Фегад мæ кодта æнусмæ. Йе уый, йе та æз. Хъуамæ мах æрлæууæм лæгæй-лæгмæ, уæд базондзыстæм, чи дæ ды, Æхсар! – æртхъирæн ныхас кæны Джетæгъæз.

Стæй та аджих вæййы æмæ хъуыдыты аныгъуылы.

Æвиппайды сдзуры:

– Нæ! Цæмæн та цæуон ногæй мæлæтмæ! Уыцы хæс, Буцæ, дæуыл ис. Хъуамæ цардæй адæмы ‘хсæн дзуаппæн кæрон ды скæнай. Ехх, дуне, цæй уæрæх дæ ды! Цæй арф дæ, цард, фæлæ мæнæн цæй къуындæг дæ! Æз хуыртыл куы лæууын, æмæ мын дзы фæзилæн куы нæ ис!

Æмæ та уæззау ныуулæфгæйæ йæхинымæр фæзæгъы: «Диссаг дæ ды, сылгоймаджы зæрдæ! Цымæ, Сафирæт, цы ссардта дæ зæрдæ Æхсармæ! Æппын ницы, фæлæ Æхсар мæнмæ æххуырст куы уыди. Уæвгæ, æнæлæг нæу Æхсар. Сæрæн, хъаруджын у. Фæлæ йын нæ батайдзæн ацы тыхтона. Æз зонын, Сафирæт мæ нæ уарзы, уый. Зонын, ныр æнхъæлцау кæй у, уый дæр. Кад нæу ахæм сылгоймаджы курын. Фæлæ мыл ацы сины састæй хуыздæр бон куы нал ис. Кæй ма хъæуын! Сафирæт та уындæй дæр æмæ хъаруйæ дæр фæстæдæр лæуд никæмæй у...»

Йæхæдæг та хъæрæй сдзуры:

– Буцæ, Сафирæты мын цы хæдзары радтай, уырдæм æй æрбакæн!

Дзылатæм Мысырыхъойы ныхæстæ тынг бахъардтой. Сæ фæсивæд сæ гæрзтæм бавнæлдтой.

– Махæн нæ ныхас у Хабæтимæ, – дзырдтой уыдон. – Радтой нын сæ хойы, бафыстам ын ирæд. Кæм ис нæ уацайраг! Исчи йæ аскъæфта, искæйы фæдыл алыгъди, – мах хъуыддаг нæу. Цом сæ хæдзармæ æмæ уым æрбадæм: «Мах стæм чындзхæсджытæ, æриут нын нæ чындзы!»

* * *

Хабætæ æмбырд уыдысты Буцæйы хæдзары. Уыдон фарстой Буцæ æмæ Ханысиаты, цы уавæры сты Æхсар æмæ Сафирæт, уымæй. Цы цæстæнгас дарынц уыцы хъуыддагмæ Хурыхъæу дæр æмæ Тохтæ дæр? Ханысиат ставд цæссыг калгæйæ райдыдта дзурын æппæт хабæрттæ дæр.

– Буцæ, ды Æхсарæн йæхи федтай æви нæ? – сдзырдта Атто.

– Уынгæ нæ, фæлæ ма йемæ ныхас дæр кодтон.

– Гъемæ йæ куыд æмбарыс? Цы цæстæй кæсы стыр бæллæхтæм?

– Æй, дæ бонæй уай, Атто! Йæ цæст дæр нæ ныкъулы Æхсар, йæ цæст. Никæмæй, дам, ницы дарын æз. Сафирæт, дам, мæнæн уыд мæ куырд ус, æмæ йæ Дзылатæн нæ ауагътон хæссын. Сымахæй дæр æмæ, дам, уыдонæй дæр ницы дарын. Мæ бынаты, дам, уæ алчидæр афтæ бакодтаид.

– Гъемæ уымæй дæр раст зæгъы, раст, Буцæ. Нæ хистæр æфсымæр Бибо куы бафидыдта семæ, суанг дзы ирæд дæр райста. Ды дæр дзы дæ сæрыл бухархуд куы æрсагътай, Буцæ. Гъе, фæлæ адон иууылдæр сты Æзойы сгуыхтдзинæдтæ. Зилгæдымгæйау не ‘хсæн фæкуыси æмæ бæстæ сызмæста. Гъемæ дзы цы рамбылдта? Дзæгъæл мард фæци æнæсæрбæрæгæй. Се ‘ппæтæй диссагдæр та Дзылатæ сты. Æркæн сын Сафирæты æнхъæлцауæй æмæ сын æй къулы æнцой æрлæууын кæн. Мах сын æй барæй нæ аскъæфын кодтам. Тых у, æмæ алкæуыл дæр æрцæуы. Гъер фыдæлты æгъдæуттæ цæуыл сфæдис сты æмæ кæрæдзийы цæуыл цæгъдæм, уый нæ зонын. Дзылаты къулы æнцой ма куы æрлæууа Сафирæт, уæд уымæй æгъдæуттæ фидардæр фæуыдзысты æви йæ чызг скæндзысты?..

Арв стыр уарынмæ йæхи куы цæттæ кæна æмæ йыл мигътæ куы æмбырд кæной, уыйау æртæ мыггаджы сæрмæ стыр бæллæхтæ æрæмбырд сты. Кæд Дзылатæй адæм цыфæнды зæрдиагæй куырдтой, Сафирæты цæмæй ныууадзой, уый, уæддæр æй уыдон сæ сæрмæ нæ хастой æмæ ныллæууыдысты йе ‘ркæныныл. Буцæйы дардтой азымы: «Афтæ нын куы загътай, чызг дæр мæ хо у æмæ хæдзар дæр мæн у, æз æй дæтгæ кæнын Сафирæты. Уæд кæм ис ныр нæ куырд чызг?»

Хабætæ дæр ын иууыл уыцы ныхас дардтой йæ цæстмæ: «Буцæ, хъуыддаггæнæг дæхæдæг уыдтæ æмæ, куыд дзуапп дæттыс Дзылатæн, афтæ ратт...»

Гъе, ахæм алыхуызон ныхæстæ карзæй-карздæр кодтой. Буцæйы алыварс фыдбылыз æнгомæй-æнгомдæр тыхсти. Хъуыддаг æрцыди уымæ, æмæ хъуамæ æркæна йæ хойы, науæд та фесæфа.

* * *

Тохты хæдзары цыдæр змæлд цæуы. Сыхæгты устытæ æмæ чызджытæ хъæлдзæгхуызæй рауай-бауай кæнынц. Сæ иу иннæмæ дзуры:

– Æз ыл æвæрын ном!

Иннæ фæцырд вæййы:

– Æрæджиауы хорзæх дæ уæд, æз ыл гуыбынмæ куы сæвæрдтон ном.

Уæд сæм Мæхæмæт худæгхуызæй йæ ныхас баппары:

– Хæрæгыл уын æй сæвæрдæуæд уæ чызджы. Афтæ æнхъæлдтон, лæппу уыдзæн Æхсарæн, æмæ – гъа. Цæй, уæддæр амондджын гуырд фæуæд, амондджын бон райгуырæд Тутыры цыппæрæмы.

Мæхæмæты хæрæфырт Гуассæ дæр сæм бафтауы:

– Йæ ном та Тутырдзан уыдзæн. Нæ, Мæхæмæт?

Цас Сафирæты чызджы райгуырд Тохтæн циндзинад хаста, уыйас Буцæйæн та йæ фыдбылыз карздæр æмæ тыхджындæр кодта. Дзылатæ дæр куы фехъуыстой чызджы райгуырд, уæд Хабæтырдæм сæ дзуапп фæтызмæгдæр кодтой, цыма уымæ æнхъæлмæ кастысты, уыйау. Хуыцау йæ зонæг, цы хъуыдытæ кæнынц æмæ цы аразынц Дзылатæ.

Уæз иууылдæр Буцæйыл æрæнцад. Йæ цуры æцæгдзинад æрлæууыд: «Куыд дæ фæнды, афтæ кæн, Буцæ, фæлæ хъуамæ Сафирæт дæ хæдзары уа».

Тынг уæззау бынаты ис ныртæккæ Буцæ. Йæ сагъæстæ цæуынц хъæбысæй хæцгæ. Цард, мæлæт, æууæнк, мæнгарддзинад... Иу иннæйы ивы йæ сæры магъзы. Йæ цæстытыл ауайы, Тохты кæрты дзы адæм куыд куырдтой, Æхсаримæ куыд ныхас кодта, Мæхæмæт æм нуазæн куыд лæвæрдта. Мæхæмæты фондз æфсымæры йæ алыварс цыма лæууыдысты... Иннæрдыгæй та Дзылаты Джетæгъæзы цæстæнгас, – уыдон иууылдæр баиу сты йæ хъуыдыты. Уыцы хъуыдытæ йæ сыстын кодтой йæ бинонтæй, æмæ кæдæм цыди, цæмæн, уый не ‘мбаргæйæ йæ саулохаджы уæлхъус æрлæууыд. Бæхы йæ цухъхъайы фæдджийæ асæрфы, цыма йын лæгъстæ кæны, уыйау. Рахæссы саргъ æмæ йыл

æй сæвæры. Уыйфæстæ йæ цæстæнгас зыдæй ахæссы хæдзарыл, фæлгæсы алырдæм, цыма сæ фæстаг хатт уыдта, сæ уындæй йæхи бафсадынмæ хъавыд. Бæхыл сбадт, фæстæмæ ма иу зылд фæкодта, цыма галуанæн дæр æмæ сыхбæстæн дæр хæрзбон загъта, уыйау, стæй сабыргай араст.

Хур акъул ис. Буцæ уæззау хъуыдытимæ йæ фæндаг дары. Цас мæйдардæр кодта, уыйас йæ зæрдæйæн та æнцондæр уыди.

Æхсæвæртæм æввахс Буцæ бахизы Тохты кæрты дуарæй хъæлдзæгхуызæй. Бæх фезмæлын кæны, æмæ йæ фæстæгтыл ныллæууы. Йæ размæ рауайынц Мæхæмæты æфсымæртæ:

– Æтт, уыдон лæджы митæ сты, гъе!.. – æмæ йæ тынг цинхуызæй бæхæй æрæргъæвынц.

– Цæй, чи райгуырд, уый нын амондджын хæрæфырт фæуæд нæ дыууæтæн дæр, – хъæлдзæгæй исынц кæрæдзийы къухтæ.

Диссаг у, куыд фидар æмæ æууæнкджынæй æвдисы Буцæ йæхи! Йæ маст цæдджджинагау куы фыцы, уæд куыд ницы фæд зыны йæ цæсгомыл!

Сафирæт кæсы Буцæйы митæм æмæ Æхсармæ хæрзæггурæггаг фæвæййы:

– Акæс-ма, Æхсар. Дæлæ Буцæ кæдæй-уæдæй адæймаджы хуызæн у.

Æхсар дæр рауайы, æмæ сæ хъæлдзæгхуызæй куы фены, уæд, йæ цæсгом фæрухс кæнгæйæ сæ разы балæууы æмæ сдзуры:

– Æгас æрцæуай, ме 'мкоймаг!

– Ды та ма цæй ме 'мкоймаг дæ! Хъоды куы бакодтай ды дæ номыл, – фæзæгъы Буцæ æмæ йæм мидбылты худгæйæ ратты йæ бæх.

Иучысыл ма афæстиат сты, стæй бацыдысты мидæмæ. Се 'хсæн дæрзæг ныхас нæ цыди. Буцæ æппындæр нæ архайдта хъуыддаджы ныхас ракæнынысл. Кæд Тохтæ дæр æмæ Æхсар дæр æнхъæлмæ кастысты, Буцæйы æрбацыды сæр цæуыл уыд, уый базонынмæ, уæддæр уый ницы дзырдта. Дардта йæхи иттæг æнæгуырысхо, цыма, уымæй размæ цы æрцыди, уыдон иууылдæр æррадзинæдтыл нымадта, уыйау. Æрмæст-иу арæх кæстæртæм сдзырдта:

– Мæ бæх мын æххормагæй æмæ æдзæллагæй ма ныууадзут.

Уалынмæ хуымтæй æрбахæццæ сты Тохты иннæ æфсымæртæ, бæхтæн раттынц æхсæвæры хæринаг. Ацæмæз æфсымæрты бар фæуадзы Буцæйы æмæ уынджы бадæныл æрбады сæ сыхæгты лæппу Ибрагимимæ.

Тохты кæд фæндыд Буцæйы æрцыды сæр базонын, уæддæр ницы базыдтой. Афтæмæй Буцæ йæ бæхыл сбады, хæрзбон фæзæгъы æмæ араст вæййы сæхимæ. Кæрты дуарæй чысыл куы рауайы, уæд, цыма дзы исты ферох, уыйау цæхгæр фæлæууы æмæ сдзуры:

– Хæдæгай, Æхсар, ныхасæн мæ хъæуыс. Рауай-ма!

Æхсар æм тагъд-тагъд бауайы.

– Мæнæ дын мæ дамбаца ныууадзинаг уыдтæн.

– Цы дзы кæнын дæ дæмбацайæ? Æз мæхионæй дæр тыхсгæ куы кæнын. Хайыр уæд дæхицæн.

– Гъа, уæд та дын гилдзытæ, – æмæ цыма æнæбары уыд, уыйау, иукъорд гилдзы зæхмæ æрæппары. Æхсар сæм куы æргуыбыр кæны, уæд æй Буцæ дыууæ гæрахы фæкæны æмæ йæ бæхы ехсæй æрцæфтæ кæны.

Æхсар ма дамбацамæ февнæлдта, фæлæ йæ бон ницыуал баци æмæ æрхауд. Мæхæмæт фæхъæр кæны:

– Æтт, мæнгард Буцæ!.. Мæ гæрзтæ, мæ бæх! Ирвæзы уыцы цъаммар.

Ацæмæз гæрахмæ фæкæсгæйæ цæхгæрмæ уынджы Буцæйы размæ фæци, йæ хъама фелвæста. Йæ бæхы йын рацахсынмæ хъавыд, фæлæ йын уый нæ бантыст. Уæд ма хъамайæ Буцæйы зæнджы хæцъæф барæхуыста æмæ бæхы ныссагъд. Буцæ уæлбæхæй æрæхста Ацæмæзы. Уый цъилау ныззылд æмæ æрхауд.

Хурыхъæу иууылдæр фæдис, хъæр сси. Мæхæмæт æнæсаргъ бæхыл, йæ топп йæ къухы, æфтæмæй фæсте суры Буцæйы. Хъуыддаг афтæ æнæнхъæлæджы уыдис, æмæ цасдæр рæстæг джихæй аззадысты. Буцæйæн йæ дамбаца йæ къухы, афтæмæй хъæргæнгæ тæхы: «Никæмæй ницы дарын! Мæ туджджыны амардтон!»

Уыцы сахат уæллаг тигъæй æрзыны Мæхæмæт æмæ æрæхсы Буцæйы. Бæх ныццуды, йæ цыд гыццыл фæкъуылымпы вæййы, фæлæ уæддæр размæ тындзы. Йæ размæ та ноджыдæр фæци Черыхъо:

– Ныллæуу, нал фæлидздзынæ, уазæг!

Черыхъо не 'нхъæлдта, Буцæ йæ æрæхсдзæн, уый, æмæ йыл стырзæрдæйæ æрцыди рæдыд: ссардта йæ адзал.

Буцæйæн йæ бæх уыди цæф æмæ йæ тæвд куы æрсабыр, уæд ын размæ хорз нал æнтыстис, кæд ма йæ ехсæй надта, уæддæр. Архайдта хъæугæронмæ ахæццæйыл, фæлæ нал. Иуæй йæ бæх

фæцæф, аннæмæй фæдис стыхджын ис. Уалынмæ йæ Мæхæмæт дæр æрбаййæфта. Буцæ æррайы хуызæн ссис, æхста æмæ кæй æхста, уый йын уæлдай нал уыди. Цыма афтæ зæгъынмæ хъавыди: «Мæнæн иууылдæр знæгтæ сты». Гъе, фæлæ Мæхæмæты нæмыг Буцæйы цардæн скодта кæрон. Мæлæтдзаг цæф фæци Буцæ.

Адæм сæ алыварс æрæмбырд сты. Уыцы мæсты дзыллæйы æхсæнæй хъуысти хъæртæ:

– Басудзын хъæуы ацы мæнгарды, йæ бæхы дæр, йæхи дæр.

Фæлæ Мæхæмæт фæзæгъы:

– Фæлдыст фæу Æхсарæн! Дондзон бæх ын фест мæрдты!

Буцæйы æмхæрæфырттæ йæ сæрыл загъд ракъахтой æмæ ма дзы ноджыдæр æрцыди мæрдтæ. Тохты кæрты сæрмæ мигътæ фæдисхуызæй æмбырд кодтой. Адæймагмæ афтæ касти, цыма зæхх йæ зылдæй ныллæууыдис æмæ æрдз ныдждджих и.

Тохты стыр уæрæх кæрт адæмæн скъуындæг ис. Ниуынц, кæуынц сывæллонæй, лæгæй, усæй. Адæмæн сæ цæстысыг ставд æртæхтæй уарæгау згъоры. Адæймаг бацæуы дисы: «Арв æрхаудта, æви цы хабар æрцыдис Тохтыл».

Гъеуыцы адæм Æхсары тæригъæддаг мардыл дæлгæмттæ кæнынц. Сафирæт дæр сагъд цыртау лæууы йæ цуры.

Гъеуыцы уæззау сахат Темырыхъо, Тохтæн сæ мыггаджы хистæр, æрбалæууыд Æхсары марды уæлхъус. Уæззау хæкъуырццæгæй кæугæйæ райдыдта дзурын:

– Æхсар, ды уыдтæ не уазæг, не ‘фсымæр, нæ хъæбул, æмæ дæу мæлæтæй баиргъæвын нæ бафтыдис нæ къухы. – Уыцы ныхæсты фæстæ адæммæ разылдта йе ‘ргом. – Хъæубæстæ, æфсымæртæ, нæ хотæ, кæуынтæ æмæ цæссыгæй ницыуал ис раздахæн. Æхсар нал ис. Мæнæ йæ марды уæлхъус лæууæм. Ацы туджы æрвгæлæн уый номæй æрцыди. Чи уыди Æхсар? Адæймагдзинад, уарзондзинад, хæлардзинад кæмæ уыдис, уый. Цæмæн ыл æрцыд ацы рæдыд? Уымæн йæ къухтæ бабастой йе ‘фсарм, адæмы фарн æмæ йе ‘ууæнк. Гъеуый охыл æрцыдис уыцы рæдыд. Æхсар уый куы зыдтаид, уæд ацы туг афтæ арæхæй æруарын нæ бауагътаид. Фæлæ ма цы зæгъæм, æфсымæртæ! Кæсут-ма, æрдз, кæрдæг, дидинджытæ арф æртæх æрæвæрдтой туг æмæ цæссыгæй. Кæсут-ма, куыд сырх дары кæрдæг. Фæлæ дын, Æхсар, дæ марды уæлхъус ацы адæм карзæй ард хæрынц, Сафирæт æмæ Тутырдзан æфсымæры хæлардзинадæй кæй уыдзысты рæвдыд. Де ‘буалгъ сæфт Тутырдзаны амондæн фæуæд.

Ӕхсар, дӕ райгуырд уыди цытӕн, ды уыдтӕ ӕуууӕнкӕй мӕсыг, ныр дын мах садзӕм абон цыртӕн не 'фсымӕрон сыгъдӕг цӕссыг... Буцӕ, ды та фӕу ӕлгъыстаг, мӕрдты дуар дыл ӕрцӕуӕд ӕхгӕд. Елмӕрза, Ӕхсары мадыфсымӕр ӕмӕ се 'ууӕнк дын фӕуӕнт тӕрхонгӕнӕг, ӕмӕ ды дӕр фӕу фӕсмонгонд.

Гъеуыцы ныхӕстимӕ Ӕхсар ссардта йе 'нусон бынат, йӕ ингӕн. Арв карздӕрӕй ныннӕрыд, ныллӕууыди ставд сыг, их уары, цыма уыцы тугӕй йӕ зӕрдӕ фӕрыст ӕмӕ уыцы ӕбуалгъы туг цӕхсынмӕ хъавыди, уыйау.

Хур ӕрныгуылди. Уарын дӕр банцад. Ӕрдз касти фӕллад ӕмӕ ӕнкъардхуызӕй, цыма уый дӕр Ӕхсары ӕвирхъау сӕфтыл мӕрдджын уыдис, уый хуызӕн.

* * *

Ӕхсары судзаг зиан арвы ӕрхауды хуызӕн фӕкаст дзыллӕтӕм. Бӕстыл уайтагъд ахӕлиу уыцы ӕвирхъауы хабар. Адӕм тынг зылын бынаты ӕвӕрынц Дзылаты дӕр, Хабӕты дӕр. Суанг сыл хъоды кӕныны онг сысты. Сафирӕт лӕууы Ӕхсары ингӕны уӕлхъус. Диссаг уый у, ӕмӕ йӕ цӕстӕй цӕссыг нӕ хауы. Цыма ӕгасӕй дзуры йемӕ, уыйау фӕзӕгъы:

– Ӕхсар, цы мын бакодтай уый? Куыд нӕ дӕм разынд лӕгдзинад? Цӕмӕн мӕ ныууагътай иунӕгӕй?..

Уыцы стыр бӕллӕх иугай-дыгай ской-ской кӕнынц Дӕллагхъӕуы. Уӕвгӕ йӕ ӕргом зӕгъын дӕр нӕ фӕразынц. Фӕлӕ уӕддӕр Дзылатырдыгӕй хъуысы ахӕм хабар, цыма, цы сфӕнд кодтой, ууыл хъӕбӕрӕй лӕууынц. Суанг ма дзы ахӕм уацтӕ дӕр хъуысти, зӕгъгӕ, Сафирӕты Фидаратӕ Тохтӕй куы кӕной, уӕд, дам, сын ӕй байсдзыстӕм. Уымӕ гӕсгӕ адӕмӕн се 'хсӕн бацӕуын зын уыди.

Канд Тохтӕ нӕ, фӕлӕ ӕппӕт Хурыхъӕу дӕр ныртӕккӕ сты Ӕхсарыл саударӕг. Сафирӕт сын фыццагдӕр уыдис ахсджиаг хо, фӕлӕ ныр, уыцы бӕллӕхты фӕстӕ, чызджы ӕнӕхъӕн Хурыхъӕу дӕр сӕхимӕ хӕстӕг ӕрбайстой. Ставд цӕссыг, зӕрдӕхалӕн хъарӕг-иу йӕ цуры кӕд кодтой, уӕддӕр ын-иу ӕвӕрдтой зӕрдӕтӕ.

– Мӕнӕ уыныс, мах иууылдӕр – де 'фсымӕртӕ ӕмӕ дӕ хотӕ. Тӕрсгӕ ма кӕн, Сафирӕт. Цӕрдзыстӕм Хуыцауы фӕрцы.

Фидараты мыггаг ӕргом ныллӕууыдысты сӕ туг исыныл ӕмӕ сын хъауджыдӕр нӕ уыд: Дзылатӕй уа, Хабӕтӕй уа. Фӕлӕ

Хурыхъæу дæр æмæ Тохтæ дæр ныртæккæ тыхсынц ууыл, цæмæй уазæг æнæфыдбылызæй сæмбæла хæдзарыл. Ома, Фидаратæ агурынц сæ бинойнаджы. Фæлæ йæм куы æрцæуой, уæд исты фыдбылыз куы ранхъиза Дзылатырдыгæй. Гъеуымæ гæсгæ Тохтæ сарæзтой ахæм хæрзгæнджытæ Куырттатырдыгæй, кæцытæ барæй дзырдтой, зæгъгæ, Фидаратæ сæ бинойнаджы кæндзысты зæрдæвæрæны къуырисæры бон. Уыцы ныхас Дзылатæ тынг бахастой сæ зæрдæмæ, сæхи срæвдз кодтой æмæ хъахъхъæдтой. Сæ уынаффæ уыди: «Байсдзыстæм æй æмæ йæ нæ тæккæ хæдзармæ æрбахæсдзыстæм».

Фæлæ Дзылатæн сæ фæндтæй ницы рауади. Кæд Гуысырайы цæлхæмбырдæй бадтысты Тохтæм æнхъæлмæгæсгæйæ, уæддæр æй уыдон бакодтой Хъобангомыл; уым Дæргъæвсы æфцæгыл æрхызтысты Куырттаты коммæ, стæй Хæрисджынмæ бахæццæ сты.

Ахæм тухитимæ Сафирæт йæ чысыл сывæллонимæ ссардта Фидараты Æхсары хæдзар. Уымæн йæ зæрдæйы уаг, йæ хъуыдытæ бынтон æндæр сысты. Йæ фæндаг нырма уыди сау мигътæй æмбæрзт. Цас йæ хъуыдытæ уæззаудæрæй цæуынц, уыйас æнувыддæр кæны йæ чызгыл.

«Дæ мад æмæ дæ фыды тухитæ дæ рæзгæ бонтæн рухсдзинад æрхæссæнт!» – хъуыды кæны уый.

Кæд Буцæйы мардыл алыхуызон масты ныхæстæ кодтой, ома басудзæм æй, никъкъуыхтæ йæ кæнæм. гæбазгай йæ скæнæм, зæгъгæ, уæддæр Хурыхъæуы сæ сæрмæ уый нал æрхастой: «Мæлæтæй фыддæр ма йын цы фенæм. Æлгъыст æмæ азимаг фæуæд мæрдты дæр!» Йе ‘мхæрæфырттæ йын барæвдз кодтой йæ мард æмæ йæ аластой йæ хæдзармæ.

Буцæйы мард Куырттатæм куы байхъуыст, уæд ыл раст адæм афтæ нæ фæрыстысты, Æхсары мардыл куыд фæрыстысты.

Хабæты дуармæ æрæмбырд бирæ адæм. Буцæйы æфсымæр Бибо дæр лæууыд сæ астæу. Йæ мад Ханысиаты хъарæгæй зæхх рызти. Хъарæггæнгæйæ дзуры:

– Ой, цæмæй дын тарстæн, уый дыл куы æрцыди, Буцæ. Де знæгты фæндиаг куы фæдæ.

Иуцасдæр алæууынц кæрты марды уæлхъус, рухсаг ын зæгъы Бечмырзæ, æмæ Буцæ дæр ссардта йæ æнусмæйы бынат.

Йе ‘фсымæр Бибо йæ цырты уæлхъус балæууыд æмæ райдыдта дзурын кæуынхъæлæсæй:

– Ме ‘фсымæртæ, мæ хотæ, мæ хъæубæстæ! Буцæ, куыд зонут, афтæмæй уыди мæ кæстæр æфсымæр. Æзо та уыди нæ мадыфсымæр. Мæ хо Сафирæты æз радтон Фидараты Æхсарæн. Уый уыди мæ фæндон, нæ мыггаджы фæндон æмæ чызгæн йæхи фæндон дæр. Фæлæ куыд уынут, афтæмæй йæ Æзо æмæ Буцæ та радтой Дзылатæн. Æмæ цы байтыдтой, уый æркарстой. Уый тыххæй, æмæ тых хъуыддаг рæстмæ никуы фæуыдзæн. Ницыуал у мæнæн мæ бон зæгъын. Сæ тæригъæдтæ сын Хуыцау бахатыр кæнæд æмæ ахæм æвирхъауы хъуыддæгтæ куыннæуал фехъусæм, ахæм арфæ Хуыцау ракæнæд. Рухсаг у, рухсаг, Буцæ.

Кæд цыфæнды æвирхъау митæ æрцыди, уæддæр тæрхонылæгты цур Дзылатæ æрæвæрдтой цæхгæр дзуапп, цæмæй сæ чындзаг ссара йæ къона. Тæрхонылæгтæ зæрдиагæй архайдтой ацы хъуыддагæн исты кæрон скæныныл, фæлæ йæм кæцырдыгæй бацыдаиккой, уый нæ зыдтой. Уыдон Дзылатæн дзырдтой, сæ дзуапп æгæр æнæрхъуыды кæй у.

Тæрхонылæгтæй дæр иуæй-иутæ разы уыдысты ууыл, цæмæй Сафирæт æрцыдаид Дзылатæн сæхимæ, уымæн æмæ сын уæд иннæ хъуыддæгтæ кæнын æнцондæр уыдаид.

Иутæн сæ ныхас æрцыд уымæ, цæмæй Фидараты размæ æрæвæрой сæ курдиат. Зын бахъæцæн у цæсгомæн уый зæгъын. Фæлæ тæрхоны лæгтæ дзырдтой: «Мах тæрхонгæнæг стæм æмæ хъуамæ иугыццыл æдзæсгом дæр уæм. Аххосджынты фæрастдæр хъæуы, æнæаххосы та – фæаххосджындæр».

Бирæ радзур-бадзуры фæстæ бауынаффæ кодтой, цæмæй Фидаратæм ацæуой курæг æмæ æнæ дзуаппæй ма раздæхой. Хъуамæ Сафирæт ныууадза йæ чызджы æмæ ацæуа Дзылатæм.

Æхсары тæригъæддаг мард адæмыл цас тынгдæр хъуысти, уыйас Буцæйы хинтæ æмæ кæлæнтæ æргомдæр кодтой. Цас Буцæ адæмæн æнæуынондæр кодта, уыйас фылдæр уайдзæфтæ хауд Елмæрзамæ. Адæм дзы сæ удхæссæг уынын райдыдтой. Хуыдтой йæ æфсымæр уæйгæнæг. Хъоды йыл бакодтой йе ‘мгæрттæ æмæ йæ зонгæтæ. Суанг ма йæ мад дæр загъта:

– Ме ‘хсыры цъыртт дын хæрам уæд. Æлгъыст фæу абонæй фæстæмæ. Мæ мардыл дæр мын-иу мауал ску!

Иннæрдыгæй та дзы Фидаратæ дæр нæ уыдысты разы.

– Æхсары мады æхсыры цъыртт Елмæрза Æхсары тугæй бафыста, – дзырдтой уыдон.

Елмæрза ныртæккæ ис тынг зын уавæры. Кæсы йæм афтæ, цыма йын канд адæм нæ, фæлæ æрдз дæр уайдзæф кæны. Куыддæр фæзынд йæ зондыл, æмæ дзæгъæл ныхас райдыдта. Арæх фæкæны: «Æхсар! Æхсар!..» Стæй та Буцæйы кой сисы. Йæ дзыхыдзаг схуды æмæ хъæрæй сдзуры: «Туджы зæйтæ... Топпыхосы фæздæг... Хурыхъæуы уынг... Фæдис! Фæдис!» Йæ цæстытæ дардыл зилын байдайы, цыма расыг у, уыйау. Цæсгомы уавæр фæливы æмæ та ныхъхъæр кæны: «Цом, цом! Кæм стут, Буцæ, Æхсар, Æзо, Саулохы-фырт? Сафирæт, Тутырдзан кæуы, тæригъæд у!»

Гъе, афтæ Елмæрзайæн дæр йæ зæрдæйы рохтæ суæгъд сты.

Тæрхонылæгтæ бауынаффæ кодтой: «Дзылатæ æмæ Фидараты æхсæн æрцыд æвирхъау митæ. Уыдонæн хъуамæ, Хуыцауырдыгæй дæр æмæ фыдæлты æгъдæуттырдыгæй дæр цы æмбæлы, уый бакæнæм. Рухсаг уæд Æхсар. Баззади Сафирæт æрыгонæй. Йе 'взонг бонтæ басудза, уый раст нæ уыдзæн. Фидаратæй Дзылаты æхсæн ис стыр къардиу. Хъуамæ уый лæджы мæрдтæй мауал дзаг кæна. Уыцы къардиуы сæрыл хъуамæ æрцæуа хид арæзт, Сафирæты хъысмæт та йæ кæрон ссара Дзылатæм. Уыцы хид цæуыл æнцой кæна хъуамæ? Чи уой йæ могортæ? Фидаратæ дæр æмæ Дзылатæ дæр. Æхсар, Буцæ, Æзо æмæ иннæтæ».

«Гъеуый у Хуыцауы раст тæрхон, Сафирæт, мах дзурæм дæумæ! Тæригъæдджын дæ ды. Фæлæ дын Хуыцау хатыр кæны. Гом дын у Дзылаты хæдзары дуар», – бахатынц æм тæрхонылæгтæ.

Фидаратæ нæ уыдысты тæрхоны адæмæй ахæм курдиат фехъусын æнхъæл. Сафирæт йæ уаты хъуыста æппæт ныхæстæм дæр æмæ Фидаратæй дæр æмæ иннæ адæмæй дæр нал фефсæрмы уæвгæйæ рацыдис æддæмæ. Фыццаг йæ кæлмæрзæн кæд дæлæуæз конд уыди, уæддæр дзурын куы райдыдта, уæд, куыд мæсты кодта, афтæ йæ сæрæй суæгъд ис. Адæмы цæстытæ къахæгау райдайы ныхас кæнын:

– Мæнæ хорз адæм, бузныг! Æгайтма уæм ахæм уæздандзинад разынди, æмæ мæ хуызæн тæригъæдджын, æнаккаг удæн уæ зæрдæ Дзылаты цытджын дуар бакæнын комы. Не стут раст, мæнæ адæм! Уыцы кувæндон гом кæнут мæ хуызæн, Хуыцауæй хъодыгонд, тæригъæдджын удæн. Цавæр фыдæлтон æгъдæуттæ сты уыдон? Цавæр Хуыцау у уый? Кæд Хуыцау афтæ æнæзæрдæ

у, уæд йемæ хæцын хъæуы мах не ‘ппæты дæр. Куыннæ йæм хъарынц уыцы туджы зæйтæ æмæ Тутырдзаны сидзæр цæссыг! Мæнæ адæм, æз басыгътæн, æз дæн афтид, мæнмæ адæймаджы уагæй ницыуал ис. Ахастой мын сæ семæ, чи нал ис, уыдон. Æз дæн ныр цырагъ. Фæлæ æз кæндзынæн рухс уыцы талынг хъуыддæгтæ. Æз дæн фидиуæг æмæ хъæр кæндзынæн «фæдис», сымах туджы арт цы Хуыцау æмæ æгъдæутты номæй аразут, уыдоны ныхмæ...

Сафирæтæн йæ цæсгом артау судзы, йæ кæлмæрзæн сисы йæ сæрæй æмæ та хъæрæй фæзæгъы:

– Æз дæн хъодыгондау уе ‘хсæн! Æз цæуын мæ сывæллонимæ уе ‘хсæнæй сæрибар æмæ рæстдзинад агурæг. Кæд сыл искуы сæмбæлин, мыййаг... – æмæ араст и, йæ сывæллон йæ хъæбысы, афтæмæй. Йæ фæдыл чи каст, уыцы адæмæй бирæтæ хъуыды кодтой: «Сафирæт, Сафирæт, ды цæуыс хъæбатыр æмæ цытджын балцы, фæлæ дæ фæндаг у уæззау, зын æмæ талынг. Фæндараст, Сафирæт! Дæ хъысмæт дæ уæд рæвдауæг!»

* * *

Сафирæтæн йæ зæдыхай йæ уæлхъус æрбалæууыд. Уый уыди Бицо. Бæрзондгомау, уæнгджын, даргъзачъе, иугай урсытæ дзы фæзындис. Йæ цухъхъа йæ хуыз аивта. Йæ астæуыл баст уыди стыр сау хъама. Йæ цæсгоммæ кæсгæйæ йыл ницы рæсугъддзинад ардта адæймаг, фæлæ йыл уæддæр цыдæр лæгдзинад зындис. Бицо иу цалдæр къахдзæфы ракæны адæмы размæ, мæстыхуызæй зæххыл йæ лæдзæг æрхойы æмæ фæхъæр кæны:

– Æфсымæртæ, хъæубæстæ! Бафхæрын, хъоды бакæнын дæр у уæ бон æдых сылгоймагыл, фæлæ уымæй лæгдзинад равдисдзыстут, уый зæгъæн нæй. Гъе, уæууæй, нæ тæрхонылæгтæ! Зонджындæр уынаффæ уæм куыд нæ разынди. Цас зылынджын у Сафирæт, йæхи аккаг адæймаджы кæй бауарзта, уымæй! Цæмæн бауынаффæ кодтат кæйдæр сывæллоны мады æндæр мыггаджы хæдзармæ арвитын? Бахатыр мын кæнут, фæлæ уыл мæ зæрдæ худы, нæ уынаффæгæнджытæ. Æмæ мæнæ уæхæдæг æвдисæн: не ‘ппæтæй хъаруджындæр разынд не ‘фхæрд, æнæбон сылгоймаг...

Бицо афтæ æдæхсар дзырдта, æмæ тæрхоны адæм куыддæр фæсыпп сты, кæд ма моллотæ æмæ хадзытæ сæ лæдзджытæ зæххыл хостой, фæнæмын æй хъæуы, зæгъгæ, уæддæр сæм нал

разындис æхсар. Бицойæн йæ хъæбатыр æмæ арæхстдзинад уыдис хъуыстгонд.

Хæххон райсом. Мигътæ чыртæ-чыртæй, скъуыддзæгтæй, цыма искуыдæм балцы цыдысты, уыйау, хохы сæртæй æмæ хъæубæстæй сæхи байдыдтой исын. Скæсæнырдыгæй зæронд Сæнайы хохæн хуры тынтæ æгасцуай кæнынц. Фыййæуттæ, хъомгæстæ базмæлыдысты. Хæдзæрттæй дæр фæздæг цæуын байдыдта. Дард кæцæйдæр цуаноны гæрах фæцыди. Уыцы рæстæджы хохы тæккæ бын лæууынц иу нæлгоймаг æмæ сылгоймаг. Нæлгоймаг уæззау хъуыдыты кæй уыдис, уый бæрæг дардта йе уæнгты змæлдыл. Æвæццæгæн ын амыдта фæндаг. Дымгæ дзы хаста иуæй-иу ныхæстæ:

– Уæртæ уыцы хох сынæгау кæм æрцыди, уый тæккæ тигътæмма акæс. Галиуырдыгæй фарс, – уартæ дзы сау таг гутоны score хаххау куы зыны, уый у къахвæндаг. Уыцы къахвæндагæй мачердæм ахиз. Уый дæ хæццæ кæндзæн, кæд дæ фæнда – Уæлладжыры коммæ, кæд дæ фæнда – Мæздæджырдæм. Æндæр дын мæ бон ницы у... Мæнæ ацы уæлвæз «Нæудзар» уыныс? Афтæ йæм куы бакæсай, уæд цыма лæгъз зæхх у, уыйау зыны адæймагмæ. Фæлæ-ма кæс: адæймаг куы фæцуда, уæд кæдæм хауы!..– Иучысыл фæхъус вæййы, стæй дарддæр фæзæгъы: – Мæ мад æмæ мæ фыды æхсæн адæм бацыдысты. Мæ фыд мæ мады æркодта уымæ, æмæ фырмæстæй ацы хохæй йæхи аппæрста. Æз гыццыл хъомылдæрæй баззадтæн, фæлæ мæ кæстæр уыдис дзидзийыл. Ныр ай онг схъомыл дæн, уæддæр сæ нæ фæразын рох кæнын мæ мад æмæ мæ хойы цæссыгтæ. Ныр дын, мæ хур, ницыуал зæгъын. Уæззау у дæ фæндаг. Фæлæ нæй гæнæн. Цардимæ хъæуы хъæбысæй хæцын.

Нæлгоймаг йæ цæссыг асæрфы, йæ къух ын кæугæйæ райсы æмæ та сдзуры:

– Уæ адæм, цæй фыд-зæрдæ стут сымах! Нæй уæм тæригъæд.

Сылгоймагæн иу бæрз лæдзæг йæ къухы ратты æмæ йын фæзæгъы фæндараст.

Сылгоймаг йæхи сарæзта уыцы къахвæндагмæ. Лæг цыма цавддур фестадис, уыйау сагъдæй йæ фæстæ кæсгæйæ баззад. Хуыцау йæ зонæг, цы хъуыдытæ кæны йæхимидæг. Нæлгоймаг ма бирæ фæкæсы сылгоймаджы фæстæ. Æвиппайды фæзилы, йæхинымæр ма цыдæртæ сдзуры æмæ рараст вæййы хъæуырдæм.

* * *

Цард йæ кæнон кæны. Сылгоймагæн йæ сывæллон йе ‘ккойы, афтæмæй стыр тухитæ кæнгæйæ дары йæ фæндаг. Йæ хъуыдытæ йын йæ зæрдæ æрбаталынг кодтой.

– О, цард! Цæй æнæзæрдæ дæ ды! Иутæ цæрынц, иннæтæ мæнæ мæнау уæззау, æнæбæрæг тухи кæнынц.

Цас дарддæр кодта йæ хæдзарæй, йæ адæмæй, йæ райгуырæн хъæуæй, уыйас йæ фæндаг дæр кодта уæззаудæр. Фæлæ кæд цыфæнды бирæ тухитæ фæкодта, уæддæр æрхæццæ ис Уæлладжыры коммæ. Лæууы дыууæ фæндаджы астæу æмæ сдзуры, искæйы фæрсæгау:

«Чердæм цæуон ныр: галиуырдæм, Уæлладжыры коммæ, æви рахизырдæм, Мæздæгмæ? Уæлладжырмæ цæуин, æмæ ардыгæй ардæм мæ фыдгулты фыдбылызы æвзаг хæццæ кæндзæн, æмæ мæ æнцой цæрын нæ бауадздзысты. Мæздæджырдæм цæуин, æмæ уый кæм бæсты ис! Стæй мын дзы куынæ зонгæ ис, куынæ æндæр... Фæлæ, уæвгæ, адæм хорз сты, сæ фарн фылдæр у сæ фыдæхæй. Куыд дзурынц, афтæмæй уым иумæ хæларæй цæрынц нæхи ирон адæм æмæ уырыс. Ау, уыдоны æхсæн, уыдоны фарнæй æз уым мæхицæн царды бынат куыд нæ ссардзынæн? Цас мæ хъæуы! Æххуырсты уæддæр бацæудзынæн мæ иунæджы фæдарыны сæраппонд... Цыфæнды уæд, уæддæр фæстæмæ здæхæн нæй!.. Цæуын рахизырдæм, Мæздæгмæ! – фидарæй загъта сылгоймаг. – Сæрибар, сæрибар! Цы ис дæуæй зынаргъдæр... Мæ иунæг, дæуæн та цы фыст ис дæ хъысмæты чиныджы? Чи зоны, кæд искуы скæсид дæ амонды стъалы дæр, мæгуыр, æнамонд адæмты стъалы!»

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ ныбба кодта йæ гыццыл хъæбулæн, стæй фидар къахдзæфæй араст и Мæздæджырдæм.

*ДАУЫРÆ*

## МÆ ЦАХЪХЪÆНТÆН

«Кæм ма ис, кæ, фыццагау, ирд ыстъалы?
Цырагъдар уыди рагзаманты мæй.
Цæхæр фыццагау арварынг нæ калы, –
Кæфойы дзаг ыстъалытæ дзы нæй.

Фыццагау сойджын нал у ныр уыгæрдæн.
Фæци фæлурсдæр дидинты цæсгом.
Нæ рахатын йæ тæвд, фыццагау, сæрдæн.
Кæны мыл даргъдæр азæй-азмæ бон...»

Уый азты фæд у, азты фæд, о ме 'мбай! –
Кæнынц лæмæгъдæр не 'мбудæнтæ, цæст.
Дæ зæрдæйыл уырынгты хыгъд æрнымай,
Нæ зонд кæны фæлтæрдджындæр æрмæст.

* * *

Цы рæнхъ нæ ныффыссон
Цæссыгтæй æхсадæй,
Уый адæмы 'хсæнмæ
Нæ хæссын æз рагæй.

Кæйдæр царды цаутæй
Бындзарæй нырризын,
Мæ удæн йæ арфмæ
Йæ хъысмæт ныххизы.

Фæйнæрдæм мын тоны
Мæ зæрдæйы къултæ.
Зыр-зыргæнгæ къухæй
Мæ дамгъæтæ – зултæ.

Гæххæттыл куы ‘рбадынц, –
Æз сулæфын ногæй,
«Фæсæвгъæд» фæцæйцæуын
Уынгты уæнгрогæй!..

## ÆНÆНЫФС

Æнæныфс сæнттæ, æнæныфс сæнттæ,
Куыд уæ фæсурон?
Лæппуты хуыздæр, лæппуты хуыздæр,
Куыд дæм ысдзурон?

Дæ мидбылхудтæй, дæ мидбылхудтæй
Мæ зæрдæ судзы.
Охх, уарзтмондагæй, охх, уарзтмондагæй
Мæ риу рæмудзы.

Нæ та мæм кæсынц, нæ та мæм кæсынц
Дæ дыуузæ цæсты, –
Сæрбæрзондæй та, сæрбæрзондæй та
Цæуыс мæ рæзты.

Фæуромин дæ, фæуромин дæ,
Бæргæ, дæ номæй –
Куы мыл фæхудай, куы мыл фæхудай,
Мæ хур, æргомæй.

О сау цæстытæ, о сау цæстытæ,
Цæй, фемдзаст мæм ут!
Кæд баиу уаид, кæд баиу уаид
Нæ мидбылбахудт!

## АРД

Дзых æппæлы æмæ фауы,
Къух нæмы æмæ рæвдауы.
Тых æхсиды, тых сысы,
Зæрдæ райы ‘мæ тыхсы.

Сомы ахсджиагæй кодтой,
Ард та тугæмхæццæ хордтой...
У ныхмæвæрд цаутæй цард, –
Се ‘хсæн арæнгæс у ард!..

## ФÆДОН

Хæрзмæ аудыс, уый дæр мæ куыд уырна?!. –
Фæхастай мын дæ ингæнмæ мæ фын.
Дæ зындзинадæй зæрдæ сси сыхырна, –
Кæцæйдæр хъусын иудадзыг хъæрзын.

Кæйдæр фæзылды де уæнгты змæлд арын,
Мынæг цæстытæй цæсгæмттæм кæсын.
Дæ ас, дæ конд дын де ‘мгæрттимæ барын, –
О курын дæ, æрыздах мын мæ фын.

Мæ цæстытыл кæд ауаид нæ рагдзард,
Нæ мæ уырны, фынау мæм кæсы ныр.
Ау, ме стыр амонд афтæ тагъд куыд адард?
Зæланг хъæлæс куыд бамынæг, ныммыр?

Мæ рыст зæрдæйы хурыйас ныфс уадзы
Нæ хæсгæ фырт, йæ фæхъхъау уа мæ уд.
Ызнон дæр та дæ уæлмæрды дæ разы
Æнæдзургæ, сæргуыбырæй лæууыд.

Æртыкъах фынг дыууæ къахыл нæ лæууы, –
Нæ хæлцы кæндæн фехæлдис йæ уаг.
Фыццагау нæм ныр уазджытæ нæ цæуы,
Кæй хъæуы, кæ, ныхасæн дæр кæуаг.

Ныр бамбæрстон дæ хъуыдытæ, дæ сагъæс:
Зын боны хъæуы алкæй дæр фæдон, –
Ныфс мын æвæры: мауал, дам, ку, багъæц,
Нæ фæдонæн, дам, ратдзыстæм йæ ном.

* * *

Рог дымгæ, ныууадз дæ батæ, –
Зæрдæтæй дæр ис къуырматæ.
Ма лидз, хуры тын, мæнæй,
У мын монцы гуырæн, цæй.

Уад, ныууигъ-ма мын мæ уæнгтæ,
Байтындз, байтындз мæм дæ цæнгтæ,
Ахæсс, ахæсс мæ тыхæй,
Рауадз мыл дæ тыхæй зæй.

...Ехх, æрбырста мæ дæ хъару,
Ныр мæ уд, мæ уд дæ бар у.
Рог дымгæ! Æрхон дæ батæ!
Зæрдæты ‘хсæн нæй къуырматæ!

## ЦЪИУТЫ САЙД

Цъиутæн та мæ рудзынджы раз
Бацайдагъ и хъазт...
Айрох мæ ызноны мылаз,
Айрох мæ мæ маст.

Бауыгътон мæ рыст къабæзтæ,
Цъиутимæ тæхын, –
Сзындысты мæм дидинфæзтæ,
Айрох и мæ зын.

Баййаф-ма мæ! Баййаф-ма мæ,
Хурты хуры тын...
Цъиуты сайд дæн, цъиуты сайд дæн, –
Цъиутимæ тæхын!

## ИУ ХАТТ МА

Иу хатт ма нæ дуарæй, цæй, æрбакæс,
Цины монц нæ цæрæнтæм æрбахæсс.

Иу хатт ма мæ комкоммæ æрбад,
Нал мын кæны искæй ныхас ад.

Иухаттау та кафæм иумæ, цæй,
Ханты кафт. Æрцæгъд та ды дзыхæй.

Иухаттау та абалц кæнæм дард,
Цадæггай фæмысдзыстæм нæ цард.

Иу хатт ма æфсонæн зæгъ: «Ныббар!..»
Исты сайд дæ аххосæн ыссар.

Иу хатт ма кæрæдзиуыл фæкæуæм,
Стæй фæйнæрдæм, раздæрау, фæцæуæм!..

* * *

Чи зоны, аххос и дуджы бæллæхтæн, –
Нал кæнæм фаг аргъ нæ Хур æмæ Зæххæн.

Хур æмæ Зæхх нæм ысты кæд тæргай?!
Нал исынц адæмы куывдæй сæ хай.

Зæххæн мах хъуамæ хъæбыстæ кæниккам,
Къаддæр æй чъизи зæвæттæй нæмиккам…

Рарвиты арæх йæ зæрдæйы рыст:
Сахатæ, донивылд, зæххы æнкъуыст!..

## ЦЫМÆ ЦЫ ДÆН?..

Цымæ цы дæн?
Цы нысанæн гуырд дæн?
Цы зæд кæнæ цы Хуыцауы хъуыдтæн?
Кæд незамантæй дæн, мыййаг, æрвыст?
Мæ бæсты, цымæ, чи разынд… æлгъыст?

Цы дæн, цымæ?
Куыд бамбарон мæ хæс?
Куыд бамбарон нæ уаддуджы хъæлæс?
Дæн царды дугъы фистæг æви барæг?..
Мыййаг кæд дæн цæлхдур æмæ хъыгдарæг?!

Цы дæн, цымæ?
Куы ралæууа кæрон,
Куы мын кæна тæрхонгæнæг тæрхон...
Куыд ратдзынæн мæ мин бары æнæ хыл?..
Кæй къах цæудзæн æнæ мæхи мæ зæххыл?!

* * *

Раздæр нæ фæрæзтой хъустæ æрвнæрдæн,
Цыма-иу фехæлд йæ сабыр уаг сæрдæн,
Абон хъæрахстгæнгæ сыстади уад, –
Сабийы узы йæ къуыззитмæ мад.

Зарæджы зæлтæ хъыллистытæ систы, –
Чи ма æмбары йæ ныхæстæй исты?
Чи ма нæ ссары фæлмæн дзырдмæ дзырд?
Дуне куырдадз ысси, удгоймаг – куырд.

Скъæфы нæ размæ къуыс-къуысгæнгæ рæстæг, –
Хъусты хæлынтæн сæ кæрон æрхæстæг.
Зонды ныцъцъист кодтой ахст æмæ хъæр, –
Сонт хъæрахст – низтæн сæ тæккæ фыддæр.

Зилы бырауау нæ туджы, нæ магъзы,
Цъиуты цъыбар-цъыбур хъусаг хъус н' ахсы,
Хъæутæ 'мæ сахарты нал и цæрæн.
Цом, æмæ цъитийы цъуппыл цæрæм.

## ÆЗ ÆМÆ ДЫ

Ды мæ ныфс дæ,
Ды – мæ хур,
Ды нæ фидæнæн
Бындур!

Ӕз дæ хорз нанатæй иу,
Дзаг дæ циндзинадæй
Риу!

Цом, уæдæ,
Мæ къона, мемæ
Аргъау, таурæгъты
Дунемæ!

## ХУРЫ ФЫРТ

Хуры фырт æрбахъуызыд
Рудзынгæй мæ къулмæ.
Уæртæ мæм æрбацæуы
Симгæ-симгæ зулмæ.

Хъæццулы бын бамбæхстæн, –
Сбырыди мæ базмæ,
Хуры лæппу февзæрдис
Мæнæ ныр мæ размæ.

Къахы мын мæ цæстытæ,
Байста мын мæ хуыссæн,
Раджы, дам, цæуыннæ стыс
Хурты хуры хуызæн.

Омæ, зæгъын, адджын фын
Асурын нæ комы.
Басхуыста мæ хуры тын,
Райхъал, дам, у. Домы.

Акодтон мæ дзаумæттæ –
Аходæн цæттæ у.
Хъал кæнынмæ иннæты
Хуры фырт фæцæуы.

## ДИС

Хæкъуырццæгау мыл бафты дис:
Куыд цъиры зæххæй дон хæрис?
Æнæ базыр куыд тæхы мигъ?
Куыд кæны хидтæ доныл их?..

Кæдæм лидзы æрвылбон хур?
Къæртгай куыд фæхауы къæйдур?..
Мæ фыд мын сивазы мæ хъус,
Рæвдауы мын мæ мад мæ рус:

«Ыстыр дæ, уаг дæ дзыхæн зон,
Гæркъæраг фестадтæ бынтон!» –
Мæ азым иу хъуыддаджы ис:
Хæкъуырццæгау мыл бафты дис!

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

## МÆТÆДЖЫ СЫФ

Зымæгон бон. Лæууын æрхуымæй кæрты,
Сырхмæтæджы бæгънæг зæнгмæ кæсын.
«Дæ адджын тæф, дæ уаз сыфтæ цы фесты?» –
Æз саст хъæлæсæй хус зæнджы фæрсын.

Йæ быны авгау ихы къæртт æрттивы,
Йæ мидæг та мæтæджы сыф ныссалд.
Цыма йын зымæг ихын лагъз ыскодта,
Йæ уæлæ ногуард миты рыг æркалд.

Мæ армы систон рухсдзыд лагъз… Фæтайы…
Кæны мæ арм та цадæггай æндзыг.
Куыд æхцон у мæ зæрдæйæн йæ уазал,
Тæдзы йыл цыма уалдзæджы цæссыг!

Куы уаин ифтыгъд уалдзæджы кæлæнтæй,
Куы уаид мардæн удæгасгæнæн,
Мæ цæстырухс, мæтæджы сыф, уæд фестид
Мæ комытæф æвдадзы хос дæуæн,

Ыстæхис уалæ арвы цъæх тыгъдадмæ,
Сæрибар æмæ хуры цæст кæм ис, –
Дæу бауарзиккой миты урс къуыпатæ,
Мæ сæрмæ семæ зилахар кæнис.

Йæ хъæбысы дæ ахæссид рæудымгæ,
Ды байдаис гæлæбуйау пæр-пæр!
«Фæндараст, мæ хур, уалдзæгыл-иу амбæл!» –
Кæнин-ма дардæй æз дæ фæдыл хъæр.

## НОГ АЗЫ ÆХСÆВ

Миты бын бæстæ ныссабыр,
Рауарыд уæрджыты ‘мбæрц,
Байтыдта зымæг рæдауæй
Зæххыл йæ урс-урсид кæрц.

Митын гæлæбутæ арвæй
Сабыргай зæхмæ кæлынц:
«Ног аз! Æрцыди нæм Ног аз!» –
Цины уац махмæ хæссынц.

Удыл æхцонæн æмбæлы
Алы ран буды хæрздæф.
Зæдтæ уæларвæй æртæхынц
Ацы тæмæссаг æхсæв.

Наз бæлас. Уалæ йæ цъуппыл
Бонвæрнон стъалы ыссыгъд.
Калы тæмæнтæ, цыма нæм
Аргъæутты бæстæй æрцыд.

Амæндтæ бирæ, фæрныг цард
Курæм нæ Хуыцауæй мах.
Алы хæдзармæ дæр Ног аз
Бавæрæд амонды къах!

## СЫРХ КЪУХМÆРЗÆН

Лыстæггай уары мит уæларвæй,
Цыма нæм пуситæ кæлынц.
Хæмпус кæлмæрзæнты тыхтытæй
Нæ хъæдтæ тарф фынæй кæнынц.

Мæ уаты пецы фарсмæ бадын,
Фæлæ... Нæ мæ тавы йæ хъарм.
Мæ русыл æз ныр дæр æнкъарын
Фæлмæн, фысы хъуынау, дæ арм.

Цыма мæ зæрдæ нæй мæ риуы,
(Дзырдтай мын афтæ-иу ды дæр),
Зыны мæм миты сæрæй, дардæй,
Æрвон сырхмæтæгау, цыдæр.

Цыма гæлæбутæ æрбадынц
Йæ уæлæ, афтæ мæм кæсы.
Ныссабыр дымгæ дæр, цыма сын
Фæстæмæ стæхынæй тæрсы.

Æрбазынд мæсгуыты бын чидæр,
Æваст æрлæууыд. Уый ды дæ?..
Мæ лæвар къухмæрзæн мын систай,
Æз та... Уыдтон, цыма, фынтæ.

Сындæггай араст дæ, дæ къухы
Сырхæй мæ къухмæрзæн зынди,
Æмæ мæм афтæ каст, мæ зæрдæ
Цыма йæ мидæг тыхт уыди.

*БУТАТЫ Ритæ*

## ХЪÆСДАРÆГ

Æз хъæсдарæг дæн арвæй зæххы ‘хсæн,
‘Хсиды судзгæ цæхæры мæ уд.
Хатт ныхъхъæр кæнын арвмæ: «Æдых дæн!»
Фæлæ фехъусын азæлгæ худт.

Æз хъæсдарæг дæн. Цæв уæдæ тынгдæр!
Цæв, Куырдалæгон, артдзæгъдæн кæн!
Æз дæ цæфтæй ысвæййын тыхджындæр,
Ды дæ худтæй ысног кæныс мæн.

Ды дзæккорæй куы ‘рцæвыс æнæвгъау,
Уæд зынг цæхæрæй фесхъиуы Дзырд.
Уæд мæ хуымгæнд ысуадзы хуыздæр тау,
Æмæ февналын кусынмæ цырд.

Дзырд дзырды уæлæ аив æвæргæ
Бон æхсæвæй нæ иртасы уд.
Гъе стæй риуы къæй атоны ‘мдзæвгæ, –
Кæмттыл анæры азæлгæ худт...

Æмæ свæййы сыбар-сыбур бæстæ:
«Уый поэт у! Дзыхарæхст – гуырдзæй!..»
Æз æнкъардæй фæкæсын сæ фæстæ.
Мæн æрвон куырд нæ фæрсы бæрцæй.

* * *

Куыд ма дæн зарынхъом, нæ зонын,
Мæ царды бирæ уыд хъыгтæ.
Кæнын уын, Иры дзыллæ, сомы,
Мæ хъыгтæй райгуыры дзырдтæ.

Ærцæй-æрлæмæгъ вæййын цинты,
Æруайы уадултыл цæссыг...
Куы банкъарын – хъысмæт æвзиды,
Уæд зæрдæ авæййы сырх зынг.

Мæ дзырдтæ – зæрдæйы цæхæртæ –
Æддæмæ рацæйбырсынц уæд,
Мæ уды удæвдзæн йæ зæлтæ
Æрцæуынц рæнхъыты æвæрд.

Сымах... æмдзæвгæтæ сæ хонут,
Сæ хъарммæ батавут уæхи,
Æмæ, æвæццæгæн, нæ зонут,
Мæ уд цы гарнайы сыгъди!

Нæ, нæ! Нæ уæм хæссын æз азым,
Æнæмаст, хъæлдзæгæй цæрут! –
Уæ фæрцы кувын æмæ зарын,
Уæ фæрцы уарзтифтонг – мæ уд!

* * *

Мæ фыны дæр дæу фенгæйæ, æз амондджын вæййын,
Мæ цæстырухс, мæ зæдыхай, дæ цæрайæ цæрын.
Рæвдауын дæ цæстæнгасæй, æнкъарын дын дæ хъарм.
Куы уæндин, уæд...
Æрхæссин-иу дæ сау хилтыл мæ арм.

Æнамонд дæн! Нæ, амондджын – æгайтма дæ уынын.
Нæ фембæлдыстæм афоныл... Æнуд куыдæй кæуын.
Мæ сусæг уарзты базыртыл ныр зилдухтæ кæнын,
Хæрдгæ тынты фæндыртæй дын æрвон зарæг цæгъдын.

Дæ цинтыл дын фæцин кæнын, дæ рæдыдæй хъæрзын,
Æцæгæлонау афтæмæй дæ иувæрсты цæуын.
Æнкъарын æй – æнамонд дæ, æнамонддæр мæнæй.
«Мæ цæстырухс, мæ зæдыхай» кæмæй зæгъай, уый нæй.

* * *

Ма у зыд æмæ кæрæф,
Ма кæн алцæуыл хæлæф!
Чи цы ахаста мæрдтæм?!
Иу дур бахъæуы цыртæн.

*ДЖУСОЙТЫ Майæ*

## УРС

Урс мит æдзæмæй уары...
Демæ мæ сагъæс æдзух.
Зæрдæ æнцой нæ ары,
Зæрдæ дæ тавсæй фæцух.

Урс базыл урс цæссыгтæ...
Зæрдæ – æрхæндæг, æнкъард.
Дардмæ мæнæй фæцыдтæ,
Сæнад æнæ дæу мæ цард.

Урс бон мыл саутæ дары,
Сау чызг йæ уарзонæй – рох.
Урс мигъ цæссыг лæдары, –
Уадимæ самаин тох...

Нал ары цин мæ зæрдæ,
Уадимæ скодта цæдис...
Уарзоны карз æфхæрдæй
Зæрдæйы судзгæ фæд ис...

*КОКОЙТЫ Эльзæ*

## ИЗÆРЫГОН ХЪÆУЫ

Бæстæ – лакъонамæст иууыл,
Сахкъæвда тæлфы.
Уыг, мæгуырæг, банығъуылди
Мæрайы хуылфы.

Дымгæ фæрсаг хойы, хойы,
Мидæмæ бырсы.
Уыг та – мæрайы ныххуылыдз,
Къæвдайæ тыхсы.

Тарст, æнæнцой уаст ныккæны –
У йæ сæр йæ кой.
Арв та уары æмæ уары,
Нал ын ис æнцой.

## МÆ АУУОНМÆ

Цæй, цы мæ кæныс тæрсын,
Фæсчъылдым нымбæхстæ!
Сау хуыснæгау мæм кæсыс
Рыгъд æмæ æргъæвстæй.

Курын, ма мæ кæн тæрсын,
Рагæй дæр æз тарст дæн.
Ме 'ккой дæ цæмæн хæссын –
Уарзтæн æви мастæн?!.

Цæй, цы мæ кæныс тæрсын
Фæсчъылдым æмбæхстæй?
Асур мын фæлтау мæ зын
Хъарм, фæлмæн ныхæстæй...

* * *

Уалдзыгон къæвда – дæргъвæтин, –
Риуы бауадзы хæрдгæ-цин,
Йе 'нæрцæф сæх-сæх.

Дидинты хæрздæф хъæбысы
Ферттивы налхъуыт-налмасау
Уалдзыгон æртæх.

Риуы нал фæцæуы зæрдæ,
Стонынц зæххы буар æвзартæ, –
Барухс вæййы зæхх.

Уалдзыгон къæвда – дæргъвæтин, –
Риуы бауадзы хæрдгæ-цин,
Йе ‘нæрцæф сæх-сæх.

*КУЫМÆРИДТАТЫ Ирмæ*

## КÆД УЫДЗÆН?

Кæд уыдзæн, кæд нæрдзæн ирон æгъдау царды,
Кæд калдзæн Ирыстон цæхæр?
Йæ ирон ныхасæй, йæ фæндыры цагъдæй
Кæд зилдзæни ногæй нæ сæр?

Ныммыр и, ныдзыг и гыццыл Иры ахстон, –
Æнæ фарнæй зæрдæ кæрзы.
Æнæфсарм, гуымиры, æхцайы дуг абон
Ирыстоны былмæ тæры.

Къæвдайы фæстæ та, дам, ракæсы хур дæр,
Æвдадзы хос фесты зæххæн,
Æнæфсарм, гуымиры, æхцайы рæстæгæн
Цæй, абон «æгъгъæд у» зæгъæм.

* * *

О, тæрхъус, тæппуд тæрхъус,
Рауай-ма, мæ дуду дæ.
Ахъазон дæ хъил хъустæй,
Ауæрдон дæ мукъутæ.

О, тæрхъус, тæппуд тæрхъус,
Рауай мæм гæпп-гæпп уадæй,
Æз дæуæн гага раттон, –
Ратæх мæм бæгъæввадæй.

О тæрхъус, тæппуд тæрхъус,
Рувасæй ды мауал тæрс.
Ратæх мæм дæ гæккытæй, –
Тарстхуызæй мæм мауал кæс.

*ХУЫДЖЕТЫ Азæ*

## ÆЛЫГ КЪУСТÆ

Æлыг къусты æркодта-иу нана
Хъæрмхуыпп йæ сидзæр хъæбулы хъæбултæн,
Æмæ, цæстысыг калгæйæ, дзырдта:
«Уæ фæрцы ма лæууын къæхтыл, мæ хуртæ».

Фæцыд æвзонгæй уддонмæ мæ фыд,
Йæ мадæн – иунæг, иунæг фырт, йæ уидаг.
Цæрæнбонты йæ фыртыл уыд йæ куыд,
Ныггуыбыр и, йæ цæстырухс æрмынæг.

Æлыг къустæ – мæ разы сты ныр дæр,
Хæринаг дзы æз адджынæн фæхæрын.
Æрдæг æнусæй ахызтæн, уæддæр
Мæ хурты раз æз уыдоны æвæрын.

*2007.04.12*

## ИРОН ÆВЗАГ

Ирон æвзаг – хæзнадон,
Рæсугъд æмæ хъæздыг.
Ирон æвзаг, мæ уарзон,
Цæуыл калыс цæссыг?..

«Мæн ферох кодтой адæм,
Мæ иувæрсты цæуынц,
Сæ цæсты кадджын нал дæн,
Былысчъил мыл кæнынц.

Æппынæдзух мæ къуымтæ
Æрбацæуæгæй – цух,
Мæ тæмæссагдæр дзырдтæ –
Æнæпайда æдзух...»

Мæ уд дын зæд куы фестид,
Дæ нывонд уа мæ сæр! –
Дæ сызгъæринтæ, де 'взист
Куы скаликкой цæхæр!..

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ*

## ФЫДÆЛТЫ УÆЗÆГМÆ

Искуы та æрæфтдзынæн æз ардæм,
Сæнттæ мæ сæ базыртыл хæсдзысты.
Риу фырцинæй тондзæни фæйнæрдæм,
Сидзæртау мæм рудзгуытæ кæсдзысты.

Искуы та æрæфтдзынæн æз ардæм,
Асæст бон, æнæ нымæт, уæлæфтау.
Сатæг уæлдæф сулæфдзынæн адæн,
Сурзæххыл мæлгæ кæфы улæфтау.

Искуы та æрæфтдзынæн æз ардæм,
Уæлмæрдмæ ныццæудзынæн æмуырдыг.
Хаудзынæн йæ сау цыртыл мæ мадæн,
Калдзынæн æдзæм дурыл мæ цæссыг.

Искуы та æрæфтдзынæн æз ардæм,
Агурдзынæн хæлддзæгты бæрджытæ:
Ауыгъд цæфхад аргъуыдæн йе ардæн,
Цухъхъайæн йæ рон æмæ бæрцытæ.

Искуы та æрæфтдзынæн æз ардæм,
Басхъаудзынæн фæнычы зынджытæ,
Рауидздзынæн иу æртдзыхваг артæн, –
Кæд зынид мæ фæздæгмæ уынджытæ...

* * *

Мæ фыд,
дæ дæрзæг къухыл хæцгæйæ
кæддæр фæцæйцыдтæн нæ уынджы.
Æвиппайды куы ауынин
хъуынджын къуыдыргалм
рыджы.
Дæ къух фырадæргæй,
фыртарстæй
хъыллистгæнгæ
фæстæмæ ‘вæзтон.
«Хæры мæ калм, хæры!» –
зыр-зыргæнгæ дзынæзтон.
Ды алырдæмты
дистæгæнгæ кастæ –
фæцагуырдтай
ды уыцы калмы
цастæ!
Мыййаг, мæ цъæхахстæй
уый сисы хуынчъы
балæст,
кæнæ та хæмпæлты ‘хсæн
абырыди, бамбæхст…
Дæ хъæлæсыдзаг ды
кæддæр-кæддæр ныххудтæ:
«О, ма анығуылай,
кæд цавæры мæнгуд дæ!
Къуыдыргалм
калмыйас
куы фенхъæлдтай фыртарстæй».
Æмæ рæвдаугæ къух
мæ дзыккутыл æрхастай.



*ГУЫЦМÆЗТЫ Миланæ*

# БУРДЫМ МÆРГЪТЫ ÆМБЫРД

*Новеллæ*

Рудзынгæй кæсын æддæмæ. Каурæбын æхсынцъыйы бæгънæг къалиутыл бадынц бурдым цъиутæ. Афтæ зынд, цыма цæуылдæр зæрдæбын ныхас кæнынц: чи-иу сæ йæ базыртæ 'нæрхъæц бауыгъта, чи-иу йæ лыстæг, – тихалæджы хуызæн, – къахæй йæ базыры бын аныхта, чи та-иу йæ мидбынаты йæхи бауыгъдтытæ кодта.

Цæуыл уыдаид сæ ныхасы сæр, чи уа йæ зонæг... Кæд, хъарм бонтæ кæй аивгъуыдтой æмæ зымæджы фыццаг футтытæ дысон сæхи афтæ æргомæй кæй равдыстой, ууыл уыд сæ сагъæс?.. Стæй ацы райсом дæр йæхи ахæм хъуынтъыздзастæй кæй æвдыста, уым сын цы бамбарын хъуыд, мит тагъд кæй æруардзæн, уый. Уазал уддзæф базмæлын кодта мæргъты базыртæ æмæ сæ гуыбынты фæлмæн пакъуы.

Мæргътæй иуцасдæр фалдæр, халасæвæрд зæххыл, йæхицæн иунæгæй бадт халон, æмæ, цыма бурдым цъиутæ цæуыл ныхас кæнынц, уый йæ фæндыд базонын, уыйау сæм нымдзаст, стæй хъавгæ стахт æмæ сæ хæдцур дуры сæр абадт.

Бурдым цъиутæ йæ афтæ æвваxс æрбадгæ куы ауыдтой, уæд спæррæст ластой, сæхи айстой уырдыгæй. Халон, чердæм атахтысты, уыцырдæм азылд, бирæ фæкаст сæ фæстæ: цыма йын тынг æфхæрдау уыд, кæй дзы алыгъдысты, уый...

Йæхимæ дын лæмбынæг æркæстытæ кодта æмæ, æвæццæгæн, загъта:

– Ау, афтæ æнæзæрдæмæдзæугæ дæн? Цæмæй мæ фæтарстысты уыцы бурдымæгджынтæ? Йæ иу къахыл схæцыд, ауыгъта йæ, стæй уыциу сæртæг тахт скодта æмæ аныгъуылд райсомы асæст хъæбысы.

**Фæсныхасы бæсты.** *Миланæ у Алешы байзæддаг, ахуыр кæны 38 скъолайы 5 къласы. Стыр æхсызгон нын у, сфæлдыстадмæ æргомыздæхт кæй фæцис, уый.*

*Рæствæндаг уæд, æнтысæд ын, цинтæ æмæ мæстытæн фæразонæй.*

*ГУСАЛТЫ Замирæт*

# СЫРДТЫ ÆЛДАР

*Æмбисонд*

Мæнæ зæххыл адæм, мæргътæ, сырдтæ, кæсæгтæ – цæрæгойтæ куы фæзындысты, уæд иумæ æрæмбырд сты æмæ уынаффæтæ хастой, чи сæ куыд хъуамæ цæра, цæмæй йæхи дæр хæсса-дара æмæ йæ сывæллæтты дæр, уый тыххæй.

Денджызæй раленк кодта кæсаг, къудзиты аууонæй рацыди рувас, тархъæдæй – бирæгъ, хохы цъуппæй æртахт цæргæс, тыгъд быдырæй æрхæццæ домбай. Лæгæтæй рахызт адæймаг. Иумæ сæ уынаффæ загътой:

– Кæсаг, дæуæн нæй нæдæр къæхтæ, нæдæр къухтæ – ис дын æрмæстдæр дзых, цæстытæ, ленкгæнæн къæдзил æмæ дæуæн у доны цæргæ.

Кæсаг сразы, уæдæ ма цы йæ бон уыд æппæты ныхмæ.

– Дæуæн, рувас, – загътой сырдтæ, – ис цыргъ ныхтæ æмæ цыргъ дæндæгтæ, фæлæ дæм тых гыццыл ис. Æмæ уымæ гæсгæ хъуамæ уай хин æмæ кæлæн.

– Æмæ уæд æз, бирæгъ та? – бафарста бирæгъ.

– Дæуæн ис цыргъ дæндæгтæ, æвæллайгæ къæхтæ. Æмæ амал кæн, куыд дæ бон у, афтæ!

– Æмæ уæд æз та, æз? – бафарста цæргæс.

– Дæуæн ис тыхджын базыртæ, къæдз бырынкъ, ныхджын къæхтæ, фæлæ ды цæрыс бæрзонд хохы, æмæ дын уый тыххæй хъуамæ уа дардмæуынаг цæстытæ. Æмæ амал кæндзынæ.

– Æмæ нæ уæд иннæтыл æлдариуæггæнæг та чи уыдзæн? – бафарста домбай.

– Æлдар та нын уыдзæн ...уыдзынæ ды, домбай!

– Баззад ма нæм адæймаг, – дарддæр ныхас кодтой сырдтæ. – Цыргъ дæндæгтæ йын нæй, цыргъ ныхтæ йын нæй, нæй йын цыргъ сыкъатæ дæр, стæй ма ноджы йæ буар хъуынæй æмбæрзт нæу. Æмæ уыйадыл хъуамæ уа зондæй архайæг.

– Разы дæ, адæймаг? – бафарстой сырдтæ.

– Разы дæн...

– Цы кусут уый? Адæймаджы зонд куы уа, уæд æппæт зæххы къори дæр йæхирдыгæй фæкæндзæн! Æрбассивдзæн йæхимæ дæттæ æмæ хъæдтæ, денджызтæ æмæ хæхтæ, суанг ма нæ хицæутты хицау домбайы быдыртæ дæр!

– Цы мын кæндзæн адæймаг? Мæнæй домбайдæр нæу, – загъта домбай. – Æз æй æнцонæй æрбынæй кæндзынæн – домбайы ном æз хæссын, æз!

Рувас фырцинæй хæрдмæ хауд: зыдта йæ рагацау, цы уыдзæн, уый.

Цас рæстæг рацыд, чи зоны. Иухатт адæймаг хъæды бæлас калдта. Сырдтæ фæхабар кодтой домбаймæ. Уый бацыд адæймагмæ æмæ йыл фæхъæр ласта:

– Цы ми кæныс?! Зоныс, æз дын цытæ бакæндзынæн, хъæдмæ куы 'вналай, уæд?!

– Æмæ æз дæуæн куы кæнын хæдзар!

– Мæнæн-йа! – Æндæр домбай ницуал загъта. Бæласы бын йæ фæстæгтыл æрбадт æмæ касти, адæймаг цы кусы, уымæ.

Лæг скодта къалати æмæ бадзырдта домбаймæ:

– Рацу æмæ фен дæ ног хæдзар. Куывддон дын уæд, хуынтæ дæм хæссæнт!..

Домбай бахызт къалатимæ, йæ зæрдæмæ тынг фæцыд, фæлæ йыл уæдмæ лæг дуар фидар сæхгæдта.

Домбай йæ 'рмæстдæр уæд бамбæрста, лæг ыл зондæй кæй фæтых. Æххуысмæ ма бæргæ сидтис сырдтæм, фæлæ уыдонæй алчи йæ сæр бафснайдта: адæймаджы чи къахы…

*ТЫЛАТТАТЫ Бексолтан*

# ДЫУУÆ РАДЗЫРДЫ

## ФЫЦЦАГ ПРЕЗИДЕНТ

Стурвосы фермæйы кусджытæн уыд æмбырд. Стыр уаты равæрдтой фæйнæгæй арæзт даргъ бандæттæ. Адæм бадынц, æнхъæлмæ кæсынц. Сæ кæрæдзи афæрсынц:

– Цы хабар у? Цæмæ нæ æрбахуыдтой?

Исчи фæзæгъы:

– Цæмæ, цæ? Мызд нын фаг фидынмæ нал хъавынц æмæ хъуамæ кусджыты нымæц фæкъаддæр кæной.

Адæм базмæлыдысты, дзолгъо-молгъо кæнынц. Уæдмæ фæзынд Бодзыр, фермæйы хицау. Йæ фæдыл, фæдысмудæджы цыд кæнгæ, цыбыр къахдзæфтæй тагъдтагъд уайы хыгъдхæссæг Саукуыдз.

Иу чысыл стъолы уæлхъус æрбадтысты фæрсæй-фæрстæм. Бодзыр йæ халас, къæбæлдзыг бухар худ систа, цыма йын срыгæй тарст, уыйау æй хъавгæ стъолыл æрæвæрдта. Фосы дохтыр Иван, æнæ салам ратгæйæ, адæмы 'хсæнты бацыд, Саукуыдзы фарсмæ æрбадт. Чысыл абадтысты, стæй сæ сæртæ кæрæдзимæ баввахс кодтой, цæуылдæр сусæгæй аныхас кодтой.

Саукуыдз сыстад:

– Хорз адæм! Ныхасы бар Бодзырæн.

Бодзыр сабыргай сыстад. Æнхъæлмæ каст раздæрау къухæмдзæгъдмæ, фæлæ йæ йæ зæрдæ фæсайдта. Иунæг адæймаг дæр йæ къухтыл не схæцыд сæмдзæгъд кæнынмæ.

– Бахатыр кæнут, хорз адæм! Нæ абоны æмбырд хуымæтæджы æмбырд нæу. Куыст нывыл нал цæуы. Æхсыр къаддæрæй къаддæр дуцæм. Нæ родтæ айдагъ стæгдарау сты. Æмæ уын мызд цæмæй фидæм, уый нæй! Уымæ гæсгæ хицауад æрцыд ахæм хъуыдымæ: уæ нымæц уын зынгæ фæкъаддæр кæнæм.

– Бахатыр ма кæн, Бодзыр! – йæ ныхас ын фескъуыдта хъугдуцæг Сасинкъа. Йæ куатæйы бæттæн айхæлдта, бандоныл æй мæсты цæф ныккодта. Размæ базгъорæгау кодта, Бодзыры фарсмæ алæууыд. Йæ амонæн æнгуылдз ын йæ цæсгоммæ сарæзта, цыма йын йæ цæст акъахынмæ хъавы:

– Кæй нымæц къаддæр кæнут, кæ?! Йæ цард уæ хъомдоны куыстæн чи снывонд кодта, уыдоны? Сæрдæй, зымæгæй, къæвдайæ, хурæй æнцой чи нæ зоны, сывæллæттæм кæсæгау фосмæ чи зилы, уыдоны арвитынмæ хъавут?! Æмæ уæд уæхи, хицауады нымæц дæр фæкъаддæр кæндзыстут? Бодзыр, раст зæгъыс. Холлаг хъуаг не стæм. Æхсыр дæр уæдæ дуцæм фаронæй бирæ фылдæр. Раздæр-иу æй ластам æхсыры заводмæ. Ницы дзы сæфт. Ныр та йæ кæдæм ласут, цы фæвæййы?

– Æргом цæуылнæ дзурыс? Сасинкъа?! – Лæбурæгау сæм бабырста хъугдуцæг Сона.

– Не ‘хсыр кæдæм цæуы, уымæй æхсырласæджы усы афæрсут! Бодзыры уæллаг фарс цæхгæрмæ уынджы бæлæсты бын аууоны, хур æй куыннæ судза, афтæ бады. Йæ размæ кæрдæнæй æмбæрзт стырбоцкъа йе дзаг цыхтытæй. Уæд æм кæцæй ис уыйбæрц цыхтытæ? Йæ хæдзары хъуг нæ, сæгъы къæдзил дæр куынæ ис! Бодзыр, ды та уæладзыг хæдзар цæмæй сарæзтай? Иннæ ахæм Саукуыдз!

Бодзыр фестад. Цыдæр зæгъынмæ хъавы. Саукуыдз ын йæ цонгыл дæлæмæ æрхæцыд. Бодзыр æрбадт, цыдæртæ бахъуырхъуыр кодта.

– Бахатыр кæнут, хорз адæм! Кæд гæнæн ис, уæд ма мæнæн дæр иу ныхасы бар радтут. – Йæ даргъ лæдзæгæй фæйнæгæйастæрдыл æрцæвгæйæ загъта Тотыр.

– Зæгъ, зæгъ, Тотыр! – æмхъæлæсæй фæкодтой адæм.

– Уæлæ æртæ лæджы! Сылгоймæгтæ тынг раст зæгъынц. Фермæйы куыст сымахæй аразгæ у. Мах, æхсæв бон нæ хынцгæйæ кусæм, нæхиуыл нæ ауæрдæм, кæд нæ бинонтæм иу капекк фылдæр мызд бахæссиккам, зæгъгæ. Мæйæ-мæймæ, азæйазмæ хуыздæрмæ ‘нхъæлмæ кæсгæйæ фыддæрæй-фыддæрмæ

цæуæм. Мах куыстæй иутæ хъæздыг кæнынц, уæладзгуытæ аразынц. Йæ чъиухид чи калы, æхсæв бон чи нæ зоны, уыдон та мæгуырæй-мæгуырдæр кæнынц. Æмæ куыннæ кæной? Джеоргуыбайы размæ дынджыр гал ахауын кодтой фермæйы чъылдыммæ. Загътон, нæ кусджытæн дзы фæйнæ комдзаджы ратдзысты. Куыннæ стæй! Уый фæстæ мæм уалæ Иван акт æрбахаста. Гал кæй амард, уый тыххæй, дам, дæ къух сæвæр. – Нæ сæвæрдтон мæ къух! Хорз адæм, мæнмæ афтæ кæсы æмæ Бодзыры дæр, йæ фарсмæ чи бады, уыдоны дæр дарддæр быхсæн нал ис! Мах равзарын хъæуы ног хицауад – куыстыл йæ зæрдæ кæмæн рисдзæн, ахæм адæм. Стæй ма, мæнмæ гæсгæ, мах равзарын хъæуы йед дæр... Нæ фермæйæн Президент.

Райхъуыст бирæты худын:

– Фермæйæн Президент?

– Ахæм хабар никуыма уыд!

– Нæхи худинаг кæнæм?

– Æгæр æй фæцæхджын кодта!

Тотыр йæ къухы систæй басабыр кодта адæмы.

– Хорз адæм! Нырмæ уалæ горæты университетæн дæр нæ уыд президент, ныр та йын ис. Хъæууонхæдзарадон университетæн дæр нæ уыд Президент, ныр та йын ис. Медицинон Академийæн дæр нырмæ нæ уыд Президент, ныр та – ис. Бирæтæн ис ныр Президенттæ. Уæд мах фермæйæн цæуылнæ хъуамæ уа Президент? Уыцы ном æвæццæгæн æхxуыс кæны хорзырдæм. Чи зоны махæн дæр феххуыс уа. Ахъуыды кæнут мæ фæндоныл. – Тотыр сбадт. Сона фæтъæлланг ласта:

– Уый дæр та мах хæссинаг уыдзæн!

– Уæдæ куыд æнхъæлдтат? Мæнæй йын дыууæ хатты фылдæр хъæуыдзæн фидын. – Уырдыг слæугæйæ, ахъæр кодта адæммæ Бодзыр. – Стæй кæд федтат, кæд фехъуыстат æгас зæххы къорийыл фосы фермæйæн президент? Адæмы уæхиуыл ма худын кæнут. Æнæфенд митæ ма кæнут!

– Хорз адæм! Зæгъæм равзæрстам Президент. Уæд ма нæ фермæйы хицау цæмæн хъæудзæн? Фæтчыгъæдæн? – Йæ бынатæй рахъæр кодта ногзад родтæмзилæг Кати. Фермæйы æхсæвгæс Хъазыбег нырмæ фæбадт сабырæй. Сеппæтмæ дæр байхъуыста, æцæг иу ныхас йæхи дзыхæй не схауд. Сона æмæ йæм Сасинкъа бакæс-бакæс кæнынц, ай куыд ницы дзуры, зæгъгæ. Ныр сыстад. Размæ рацыд æмæ Бодзыры фарсмæ æрлæууыд.

Адæм ныхъхъус сты. Афтæ ныссабыр сты, æмæ дзы биндз куы атахтаид, уæд йæ базырты уынæр хъуыстаид. Стъолы уæлхъус бадæг æртæ лæджы сæ сæртæ ныггуыбыр кодтой, цыма сыл айнæг Хох æруæз кодта, уыйау.

– Хорз адæм! Бахатыр мын кæнут, – райдыдта Хъазыбег. – Уе 'хсæн кусын цыппар азы. Фермæйы куыстытæй цы нæ зонын, ахæм нæй. Цы нæ куыст дзы бакодтон, ахæм дæр дзы нæ баззад. Æхсæвгæс дæн, æхсæвгæс, фæлæ афоныл мæ хæдзармæ никуы ацыдтæн. Сихæрттæм баззайын ам. Кусæг къухтæ кæм нæ фæфаг кæны, уым сæ фарсмæ балæууын æмæ сын феххуыс кæнын. Уымæн, æмæ фермæйы куыстыл риссы мæ зæрдæ, раст зæгъынц сылгоймæгтæ. Кæдæм цæуы нæ хъæздыгдзинад? Зонынц æй фермæйы хицæуттæ Бодзыр, Иван æмæ Саукуыдз. Фæлæ сæхи ницыуынæг скодтой. Цæмæн? Уый дæр бæлвырд у. Мæ бынаты дæн æз, зæгъгæ, уæд фермæйæ хъæмпы хал дæр никуы фесæфт æмæ нæ фесæфдзæн. Давынц боныгон. Æргомæй. Уымæн æмæ нæм нæлхæджын-цæрвджын бынæтты бадынц Бодзыры хæстæджытæ. Фермæйы хицау йæхæдæг Бодзыр. Йæ усы 'фсымæр Саукуыдз та хыгъдхæссæг, фосы дохтыр Иван – Бодзыры кæстæр æфсымæры лæппу. Æхсырласæг Бодзыры хойы лæппу Уасо. Уалдзæджы родтæ куы фæзынынц, уæд сæ ногзад родтыл нæ фыссынц, фæлæ сын нымайынц æрмæст сæ сæртæ. Уыдоны ныхмæ стыр галтæ, хуыскъ хъуццытæ æрбасатар вæййынц. Фосы сæрты нымæц та æнæхъæн.

– Хахуыртæ! – Йæ бынатæй фæгæпп ласта Бодзыр. – Ма йæм хъусут, хорз адæм! Куыст ын кæй нæ дæттын, боныгон куыст, хахуыртæ мыл уый тыххæй мысы!

Саукуыдз та йын йæ цонгыл æрхæцыд, æмæ Бодзыр æрбадт. Сæхимидæг цыдæртæ адзырдтой. Адæм хъæрæй-хъæрдæрæй уынæр кæнын байдыдтой.

Саукуыдз фестад:

– Басабыр ма ут! Кæрæдзимæ байхъусæм! Ам, иуæй иутæ Бодзырыл æргом цъыфкалæн кæнынц. Уый та фермæйы хицауæй кусы бирæ азты. Уæлдæр хицауад æй хорз зонынц – куыд кусы æмæ стæй цы кусы, уый дæр.

– Йæ хæдзармæ æнæхъæн фæхсынтæ кæмæн ласы, уыдон æй, ай-гъай, хорз зонынц, – схъæр æм кодта Симон, хъомы бынтæ æфснайæг.

Саукуыдз йæ ныхас дарддæр кодта:

– Ам, мах нæхи фæндæттæ куы хæссæм, уæд уæлдæр хицауад цы зæгъдзысты? Уынаффæйæ сæрибар стут, зæгъгæ, нын нæ зæгъ...

Чидæр æй дзурын нал бауагъта:

– Фермæ ныххæлæттагæй куынæ тæрсут, уæд, хицауад цы зæгъдзæн, уый уæ тынг æндавы?! Æрбад дæ дымысдæр бынаты, Саукуыдз! – Хъазыбеджы дзурын кæронмæ бауадз, – загъта Тотыр æмæ æрбадт. Хъазыбег дарддæр кæны йæ ныхас.

– Цалдæр хатты æргом дзырдтон Бодзырæн адæттæ. Дæлæ нæ фарсмæ чысыл хъæу сæ фермæйæн хицауæй сæвзæрстой æрыгон сылгоймаджы. Йæ куыст куыд аразы, уый ма йын фен! Дыууæ азы размæ æртæ хъуджы кæмдæр балхæдта. Бон æртæ дыгъды кæй кæнынц, ахæмтæ. Алкæцы дæр сæ иу дыгъдæн радты бедрайы дзаг. Ныр уыцы хъуццыты нымæц ссæдзæй фæфылдæр.

Сæрд æртæ хатты чи скæсы, ахæм кæрдæг байтыдта. Æмбонд ын сарæзта. Дыууæ дихы йæ фæкодта. Йæ иу хайыл уыцы æхсырджын хъуццытæ фæхизынц. Иннæ хай кæрдынц æмæ йæ фосæн æхсæвæрæн дæттынц. Æхсыр уыциу ласт кæнынц горæтмæ æмæ дзы ницы сæфы. Фермæйы кусджытæ сæ мызд афоныл исынц, уæлдайджынтæй, Бодзыр! Сымахæн та уе стырдæр тыхст у уæ дзыппытыл! Фондзыссæдз мысты, дам, мидæмæ хастой, иу та æддæмæ. Æмæ уыцы мыстæн фылдæр æнтыст. Мах уавæр дæр афтæ у.

– Хорз адæм! Ныр уын мæ фæндон. Кæд мын бар радтат, уæд æхсæвгæс дæр уыдзынæн, бон та-иу алцæмæ мæ цæст дардзынæн. Æхсыр дæр æмæ холлаг дæр мæхæдæг ласдзынæн. Мæн уæлдай мызд бирæ нæ хъæуы... Æз дзырд дæттын, нæ уавæр цыбыр рæстæгмæ зынгæ фæхуыздæр уыдзæн.

Адæм сæмдзæгъд кодтой. Райхъуыст цины хъæлæстæ:

– Хъазыбег! Дæ цæрæнбон бирæ уæд!

– Тыхсгæ ма кæн, Хъазыбег! Мах дæ фарсмæ лæудзыстæм!

– Дæ фæндтæ нæ зæрдæмæ цæуынц!

Йæ лæдзæг бæрзонд сисгæйæ, адæмы размæ рацыд Тотыр, йæ къух бæрзонд систа, адæм фæсабыр сты. Уый æнæхудгæйæ загъта:

– Хорз адæм! Афтæ кæй фæнды, цæмæй Тохты Хъазыбег æвзæрст æрцæуа фермæйы президентæй, уыдонæй курын æмæ уæ къухтæ сдарут!

Адæм æмхуызонæй сæ къухтæ сдардтой.

– Уæ зонд фæцыд? Æви уын кæлæнтæ счынд?! – Ныхъхъæр кодта Бодзыр. – Кæд кæм федтат, æмæ фермæйы æхсæвгæс фермæйы хицау уа?! Стæй мæн мæ куыстæй сисын сымах бон нæу! Бамбæрстат? – Бодзыр стъол йæ дзæккоры йас тымбыл къухæй ныггуыпп кодта. Сбадт, тыхулæфт кæны.

Хабар алырдæмты ахæлиу. Районы хицауадæй æрбацыдысты, адæм фæныхас кодтой. Иу хъуыдымæ æрцыдысты, æмæ Хъазыбег бавнæлдта куыстмæ. Афæдз дæр æххæст нæма рауад, афтæ æппæт дæр æцæгдæр йæ гаччы сбадт. Ныр æй куыдфæнды дæр схонæнт: йе фермæйы æхсæвгæс, йе фермæйы Президент кæнæ та фермæйы хицау.

## АВД

– Авд хатты йæ абар, иу хатт та йæ лыг акæн, уæд никуы фæрæдидзынæ!

Цыфæнды хъуыддаг кæнгæйæ дæр йæ фыццаг ныхас уый вæййы Пупускæйæн. Мæнæ та райсомæй йæхи арæвдз кодта, йæхимæ азылд, йæ сау пъалтойы уæхсчытыл фæныкхуыз тинтычъи кæлмæрзæн æрбакодта, йæ морæ стыр хызын йæ цонгыл ауыгъд, афтæмæй стыр уынджы дзидзайы дуканийы фæмидæг.

Æрыгон лæппу чъизибын урс халаты стуры агъдыл стыр цыргъ кардæй фæфæд кæны æмæ та йæ егъау фæтæнком фæрæтæй æрриуыгъы, стæй та йæхицæн базары. Адæм рады лæууынц, æнхъæлмæ кæсынц. Пупускæ сыл йæ цæст ахаста. Рады разæй лæууæг йæ зонгæ куы ничи разынд, уæд æппæты фæстæ æрлæууыд. Уæйгæнæг кæрты къуыхтæ кæны – хæйттæ æфсæйнаг хæдзытыл ауындзы. Пупускæ йæм йæ сау хъоппæг цæстытæй хæцаг галы каст кæны:

– Уæртæ цы ис, уæртæ! Удхæссæгæн чындзхæссæг. Йæ фындз дæр фыдисæн къæдзы хуызæн.

Дзидзауæйгæнджытæ иууылдæр хæрзхаст богъты хуызæн. Амæн та фыр зыд, фыр кæрæфæй йæ фæрстæ арыд кæсаджы фæрстау бахус сты, хур сæ иннæрдæм кæсы. Æмæ йæхицæн чи нæу, уый иннæтæн хорзæй цы хъуамæ фæуа? Гъа, марадз, цæй! Фæрæт бæрзонд сисын дæр нæ фæразы. Фæздæгмæ хус уаллон.

– Авд хатты йæ абар, мæнæйуый, иу хатт æй алыг кæн. – Дуканийы асинтыл сабыргай æрхызт. Йæ хызын йæ фарсыл хойгæ базарырдæм стырындз.

Мит æртад. Фæндæгтæ слæхъир сты. Пупускæ йæ къæхты бынмæ нæ кæсы. Йæ дзабырты бынæй цъыфдон фæйнæрдæм пырх кæны. Цæуджытæй кæуыл бакæлы, уый та йæ фæстæ мæсты каст акæны. Хойрæгтæ æрдæг цæттæйæ кæм уæй кæнынц, уыцы дуканийы фæмидæг. Йæ цæст ахаста тæрхæджытыл. Иу ран дзы авджы бынæй æргæвст кæрчытæ зынд. Пупускæ сæм ныггуыбыр кодта. Йæ былтæ асчъилтæ сты:

– Дæлæ цытæ ис, дæлæ! Удхæсджытæ. Уымæй дæр æрдæг тындтытæй.

Сæ къубæлттæ æцæг марды дæргъæнтæ. Алыг кæнæн сын нæ уыд, сæ къухтæ бахуыскъ уой! Куыд сæ бахæссон мæ хæдзармæ? Хомæй сæ чи фена, уый дзы фыхæй нал бахæрдзæн. Æниу карк циу? Цæй дзидза дзы ис? Нæ, стуры дзидзайæн дзы ‘мбал нæй. Куы йæ сфыцай, уæд снæрсы, сбирæ вæййы. Нæ, мæнæйуый, ма батагъд кæн! Авд хатты йæ абар æмæ йæ иу хатт цæхгæр ачъепп лас! Кæд дзидза æлхæныс, мæнæйуый, уæд балхæн хуызæнæн!

Рацæйцыд, стæй фæстæмæ фездæхт:

– Куыд ницы уын загътон. Чызг! Гъеныр дæу хуызæн æрыгон рæсугъд, уынդджын-кондджын аив чызг, ахæм æрдæгтынд кæрчытæ хъуамæ уæй кæна?! Чи сæ тыдта, уыдонæн се ‘нгуылдзтæ бандзыг сты? Араугæ сæ уæддæр скодтаиккой.

– Машинæ сæ тыдта, хорз ус, – фæлмæн бахудгæйæ, загъта чызг.

Пупускæйы зæрдæ бакъæбæлдзыг, хорз ус æй кæй рахуыдта, уымæй.

– Цы дзæбæх чызджы каст кæныс! Дæ амонд тыхджын уæд! Лæппу мын куы уаид, уæд ын дæу разæй никæй бауадзин ракурын. Фæрнæй фæкус, фæрнæй, мæ къона.

Пупускæ уынджы чысыл куы рауад, уæд йæ зонгæ сылгоймагыл амбæлд.

– Пупускæ, кæдæм афтæ тындзыс? Исты хабар?

Пупускæ йæм фæрсмæ дæр нæ фæкаст. Йæ гуыр размæ ауæз кодта, къæхтæ фæсте баззадысты, афтæмæй лæгæрды. Дзидзайы дуканийы асинтыл дыккаг уæладзыгмæ нæма схæццæ, афтæ фæлæууыд:

– Улæфт мын нал фаг кæны. Раст мын цыма мæ риу ратонынмæ хъавы, ахæм хост скодта мæ зæрдæ. Йæ кæлмæрзæны къабæзтæ фæстæмæ аппæрста, йæ кофтæйы цæппæртæ суæгъд

кодта. Ацы фыдæбæттæ ме 'взæр гуыбыны фæдыл сты. Ахуыргæндтæ дæр нæм ис, академиктæ. Афтæмæй та, адæймаджы хæрын цæмæй ма хъæуа, уымæн мацы 'рхъуыды кæн! Йæ цæсгомы хид кæлмæрзæны къабазæй асæрфта. – Тагъд ма кæн, мæнæйуый. Æвзæр тагъдæй хорз сындæг хуыздæр у, фæзæгъынц. Сабыргай схызт дыккаг уæладзыгмæ. Уæйгæнджытæй алчидæр йæ базайрагæй æппæлы, хаты æлхæнджытæм.

Пупускæ уæзбын цæуы, йæ цæст хафы дзидзатыл. – Ацы сау дзидза, æххормагæй чи амард, ахæм стуры фыд у. Хорз лæг, дæхæдæг дæ цармы куынæ цæуыс, уæд ацы стурæн холлаг æвæрынæй мæллæгдæр фæуыдаис?

– Хорз ус, мах сæм нæ зилæм, мах сæ нæ хæссæм мидæгдон æмæ мидæгхорæй. Махмæ сæ æргæвстæй æрбаласынц.

Пупускæ цæуы дарддæр. Цыргъ къæцæлтæй сгары дзидзатæ.

– Хорз лæг, ай хуыйы дзидза уæй кæныс?

– Нæ, хорз ус, стуры дзидза у, – уæйгæнæг йæ мидбылты бахудт. Сау, бæзджын рихиты бынæй, хъатарайау æнгом æвæрд, сыгъзæрин дæндæгтæ ферттывтой.

– Æмæ йын йæ саутæй фæхицæн кæнæн нæй?

– Нæй, хорз ус, нæй. Айдагъ нæрдтæ чи 'лхæны?..

– Зоныс, хорз лæг, мæ игæрæн нард рагæй дæр нæ бæззы. Мæ хорз зонгæ дохтыртæ мын мæнæ ахæм сау дзидза амонынц.

– Азил, фен. Сау дзидза дæр дзы ис.

Пупускæ дарддæр цæуы, сгары, фæлæ зæрдæзæгъгæ дзидза нæй. Дуканийы астæу æрлæууыд. Йæ кæлмæрзæн йæ сæрæй уæхсчытæм æруагъта. Къухтæ сины къуыбыртыл авæрдта. Иу хатт ма йæ цæст ахаста дзидзатыл.

– Цæмæн хъуамæ балхæнон сау-сауид мæллæг, кæнæ æгæр нард дзидза? Нæ, мæнæйуый, иу чысыл ма бафæраз. Асинтыл хъавгæ æрхызт. Йæ цыд фæтагъддæр кодта. Кæрчытæ цы дуканийы федта, уырдæм фездахт. Асинтыл ссыд, фæлæ дуар нал байгом кодта:

– Нæ, Пупускæ, ардæмты кæм æрбацыдтæ, уым ма иу чысыл бафæраз æмæ стуры дзидза райсай.

Цыма йæ исчи схойгæ фæкодта, уый гæпп ракодта асинтæй лæфлæфгæнгæ смидæг, райсомæй цы дзидзайы дуканийы уыд, уым. Æртæ адæймаджы æнхъæлмæ кæсынц сæ радмæ. Пупускæ балæууыд сæ фæстæ. Йæ рад куы бахæццæ, уæд æм уæйгæнæг дзуры:

– Дзидза фæцис! Капут къæбут, стæй къæдзил дæр!
– Ома, куыд фæцис?
– Стæй хъарæг дæр! Йæ халат ласгæйæ, худгæйæ загъта уæйгæнæг.
– Æнæхъæн гал?! Дынджыр гал?!
– Иу нæ, фæлæ дыууæ къобор галы, хорз ус! Адæм мерс кæнынц, мерс!
Пупускæ рохстæй алæууыд, стæй загъта:
– Цон, иу карк уæддæр балхæнон.
– Кæрчытæ кæм федта, уыцы дуканимæ раздæхт.
– Хорз чызг, мæ уды гага, дæ кæрчытæй ма мын иу абар.
– Хорз ус, карк фæтæркк – атахт, нал ис!
– Уый та куыд нал и?! Уæдæ дæлæ уыдон цы сты?
– Уыдон дæр уæйгонд сты. Уæртæ сын кассæмæ фидынц сæ аргъ.
Пупускæ йæхи бамæгуырхуыз кодта:
– Уæдæ ма ныр цы акæнон? Иу карк дзы никуыдæм баирвæзт?
– Хорз ус, райсом нæм Бушы нард къæхтæ ‘рбаласдзысты.
– Уыдон дæр та æнæ тындæй, æд ныхтæ?
– О! Сæ ныхтæ маникюр кондæй! – Чызг фырхудтæй бакъæцæл.
Пупускæ æнæ карк, æнæ дзидза, йæ хызын афтидæй йæ фарсыл хойгæ, æрбаздæхт йæ фæрныг хæдзармæ.
– Авд хатты, дам, æй абар, иу хатт æй ахауын кæн! Кæннод йæ дзых бамыр уа æмæ йе ‘взаг авд хатты лыгтæ фæуа, фыццагдæр кæй дзыхæй схауд уыцы галиу зонды ныхас, уымæн.

# ФАРНХÆСДЖЫТÆ

*АБАЙТЫ Арбилянæ*

## ЙÆ ФЫДЫ ФÆНДИАГ ЧЫЗГ

УСФСР-йы адæмон артисткæ
Брытъиаты Зариффæйы райгуырды 95 азмæ

**Адæймаджы зæрдæ йæ царды уалдзæджы дзаг вæййы ныфс æмæ рæсугъд фæндтæй. Афтæ йæм фæкæсы, цыма хæхтæ дæр афæлдахдзæн, йæ бæллицты размæ куы æрлæууой, уæд. Ахæм у æрыгон зæрдæ. Фæлæ уыцы зæрдæйы хицауæн йæ хъысмæт куыд рауайы, цы йын бантысы, уымæн аргъгæнæг свæййынц рæстæг æмæ рæстаг адæм.**

**Хорзæй хуыздæртæ разыны. Æрмæст фыццаджы ном кæй фæвæййы, уый цæвиттойнагæй баззайы йæ фæстæ цæуæг фæлтæртæн. Кæд искуы ирон театралон режиссурæйы тыххæй иртасæн куыст фæзына, уæд дзы фыццаг ирон сылгоймаг-режиссеры бынат æрхаудзæн Брытъиаты Елбыздыхъойы чызг Зариффæмæ. Уæззау хъысмæт фæцис йæ хай. Йæ таурæгъон фыдау бавзæрста æфхæрд, низ, рохуаты бонтæ.**

Æвирхъау дзырдтæ «дæ фыд амард» æрдæгыл фескъуыдтой хъоппæгцæст 4-аздзыд чызджы хъазт. Йæ хъазæнтæ фæуагъта æмæ азгъордта хæдзарырдæм, йæ фыды агурæг. Фæлæ кæртмæ адæмæй бацæуæн нал уыд, æмæ сывæллон ноджы тынгдæр фætарст, ныккуыдта. Чидæр æй йæ хъæбысы æрбакодта, уатмæ йæ бахаста, кæйдæр рæвдауæн ныхæстæм кæуынвæллад саби бафынæй сыхæгты талынг уаты.

Никуыуал федта йæ фыды уыцы бонæй фæстæмæ. Æрмæст ма-иу цæстытыл уадис: стъолы уæлхъус бадгæйæ, цыдæртæ фыссы. Номдзыд лæг, ирон драматургийы æмæ театры бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы чызг кæй у, уый Зариффæ фæстæдæр базыдта. Æмæ сусæг масты цæссыгтæ ныттагъд йæ зæрдæйы: ахæм Ныфсæй æнæхай фæцис цæрæнбонтæм, ахæм Фыды аккаг куы нæ разына йæ базырсаст чызг...

Елбыздыхъойы цардæмбал Ольгæ Казбеги йæ цыппар сидзæры фæхаста йæхи сыгъдæгзæрдæ фæллойæ (Дзæуджыхъæуы куыста дæндæгты дохтырæй). 20–30-æм азты æххормаг чи нæ



æййæфта, фæлæ Ольгæ йæ цоты ахуыр кодта æмгæртты уарзыныл, сæ фæстаг къæбæр дæр дих кодтой сыхаг сывæллæттимæ. Уыимæ сын цæстыгагуыйау хъахъхъæдта сæ уды сыгъдæгдзинад, дзырдта-иу сын: цыфæнды фыдуаг ми куы ракæнат, уæддæр æй мæнæй ма бамбæхсут, сайын тæппуды мини-уæг у. Æмæ уыцы зондамынд йæ зæрдыл бадардта Зариффæ. Мады узæлдæй-иу зæрдæйы æлхынцъытæ райхæлдысты, йæ зынтæ-иу цыма къахы бын фæкодта.

Ольгæ йæ уарзон цардæмбалæй фыдæнхъæл фæцис, фæлæ йæ сывæллæттæн рох кæнын нæ бауагъта – хæдзары æнæзынгæ цардис Елбыздыхъойы фарн. Æмæ иухатт, Зариффæ тифæй куы фæрынчын, йе сдзæбæхыл йæхæдæг дæр куынæуал æууæндыд, йæ дынджыр сау цæстытæ кæуынæй куы бафæлладысты, уæд ын Ольгæ ныфсытæ æвæрдта:

– Ма тæрс, мæ къона, адзæбæх уыдзынæ, æрмæст дæхиуыл фæхæц. Низимæ хъазуатон тох самайын хъæуы. Дæ фыды низ æгъатырдæр уыдис, фæлæ уый йæ хъазæн ныхасæй мах дæр зæрдæфидар кодта. Бынтон куы æруатон, уæд дæр йæ фыссын нæ ныуагъта. Тынг æй фæндыд, цæмæй искуы йæ пьесæ «Амран» сценæйыл фена.

Йæ фыды коймæ Зариффæ æрсабыр, дзурын йæ бон нæ уыд, фæлæ йæхи мидæг скарста: «Æз дæр хъуамæ уый хуызæн ныфсджын æмæ фæразон уон. Цæмæй йын йæ фæнд сæххæст кæнон».

Елбыздыхъойы цыппар хъæбулæй – Хадзымурат, Цопан, Ос-Бæгъатыр æмæ Зариффæйæ – скъоламæ раздæр Хадзымурат бацыд. Зариффæ йæм хæлæг кодта, йæ хызынмæ, йæ чингуытæм, æмæ-иу йæ фæстæ скъоламæ бахæццæ, æцæгхуызæй-иу къласы сбадт æмæ хъуыста ахуыргæнæгмæ. Афтæмæй скъоламæ бацæуыны афонмæ базыдта кæсын æмæ нымайын. Йæ зæрдæ уæлдай æргъæвд уыд ирон литературæмæ. Къостайы «Сидзæргæс» фыццаг хатт куы бакаст, æххормаг сабитæ йæ цæстытыл куы ауадысты, уæд цæссыгтæ фемæхстысты. Уæд банкъардта æвзонг чызг аив дзырды хъару. Хъæлæс ын хорз кæй уыд, кæсынмæ – хæрзарæхст,

уымæ гæсгæ-иу æй ирон литературæйы ахуыргæнæг Туаты Ольгæ арæх ракодта фæйнæгмæ – Къостайы æмдзæвгæтæ кæсынмæ. Йе ‘мкъласон чызджытæн бирæ нæ хъуыд, уайтагъд-иу сæ цæстытæ баумæл сты. Зариффæйæн та йæ зæрдæйы ссыгъд, нырма æбæрæг, фæлæ дард стъалыйау рухс чи кодта, ахæм бæллиц.

Скъолайы фæуынмæ бæрæггонд уыд йæ фæндаг: хъуамæ сценæйыл æвæра спектакльтæ. Диссаг æм каст æрымысгæ бынцæутæ, зæрдæйы æмбæхст монцтæ æвзарын. Кæд царды алцы адæймаджы бар нæу, уæд æрымысгæ дунейы та архайд рæзы бæлвырд фæткмæ гæсгæ, æмæ архайды хицау та ды дæхæдæг – режиссер!

1938 азы Зариффæ фæлварæнтæ радта Мæскуыйы Театралон аивæдты паддзахадон институтмæ, æмæ ма кæм уыдис йæхицæй амондджындæр. Сæ курсы разамонæг уыд Алексей Попов – æмбисонды хæлар зæрдæйы хицау, курдиатджын режиссер æмæ актер. Уый йæ студенттæн амыдта, зæгъгæ, аивадмæ чи бакъахдзæф кæны, уымæн сонт митæ кæныны бар нæй, хъуамæ йæ зæрдыл дара, æхсæнады бæрны кæй бацыд, уый. Зариффæ ахуыр кодта иттæг хорз, иста Сталины стипенди, фæлæ иу фæлварæнæй «цыппар» райста, æмæ йын стипенди нал радтой. Уый базонгæйæ, Попов фæдзырдта курсы старостæмæ æмæ йын загъта: «Зариффæ стипенди нал исы æмæ йын тынг зын уыдзæн. Мæнæ дын æхца, исты æфсонæй йын сæ радт». Зариффæ цалынмæ институт каст фæцис, уæдмæ йæ хæрзгæнæджы ном нæ базыдта, афтæ æнхъæлдта, йе ‘мкурсон ын йæхи æхцайæ рауæлдай кодта. Фæлæ чызг йæ хæс фидыныл куы ныллæууыд, уæд рабæрæг, ахæм уæздан æххуыс ын йæ ахуыргæнæг кæй бакодта, уый. Бирæ адæм бацæуы адæймаджы зæрдæйы, фæлæ дзы æвзæрст бынаты æрмæст цалдæры сæвæры, цалдæримæ дзы фæкæны ныхас йæ зыны сахат. Ахæм бынаты æвæрд уыд Зариффæйæн Алексей Попов дæр.

Фæсте аззадысты ахуыры азтæ, сфæлдыстадон изæртæ, аивады фæдыл быцæутæ, фæскомцæдисон æмбырдтæ. Зариффæ се ‘ппæты дæр архайдта разæнгардæй, уыд фæскомцæдисон разамонджытæй иу. Зындгонд адæмимæ фембæлын дæр хъысмæты лæвар у – хæхтау бæрзондæй баззадысты ирон чызджы зæрдæйы номдзыд режиссертæ Завадский, Таиров, Михоэлс...

Куыд тынг тырныдта æрыгон режиссер Ирыстонмæ, театрмæ. Цæмæй æвæстиатæй йæ зонындзинæдтæ сфæлвара сценæйыл.

Фælæ йын Фыдыбæстæйы Стыр хæст йæ бæллицтæ сæххæсты æмгъуыд ныддаргъ кодта. Иннæ студенттимæ бавзæрста хæсты рæстæджы фыдбонтæ: къуыригæйтты, мæйгæйтты дæргъы къахтой æгæрон хъахъхъæнæн дзыхъхъытæ, æххæст кодтой хицауады бардзырд. Иннæтæй раздæр никуы ныууагъта Зариффæ йæ куыст, фæрæзта лæппуты æмбæрц. Æмæ куыннæ – йе 'фсымæртæ æртæйæ дæр хæцыдысты алы фронтты, тынг сæрыстыр сæ уыд, фæндыд æй уыдоны аккаг уæвын. Фæндыд æй Уæлахизы бæллиццаг бон фæхæстæгдæр кæнын. Уымæн бацыд радистты скъоламæ дæр – цæмæй йæ иуафон хæсты цæхæрмæ баппарой. Фæлæ скъолайы рауагъдонты æрвыстой æрмæст зонгæ районтæм, æмæ Зариффæ балæууыд Тбилисы, стæй – Дзæуджыхъæуы. Ныр йæхæдæг иннæты ахуыр кодта бастдзинады аппаратурæимæ архайын. Фæлæ йын амондæй нысангонд уыд сфæлдыстад æмæ аивады уæлахизтæ.

Æрыгон ирон театры йыл стыр æхсызгонæй сæмбæлдысты йæ фыццаг фæлтæры фæсивæд: Таутиаты Солæман, Цæлыккаты Мæирбег, Къомайты Василисæ, Баллаты Валодя, Дзуккойты Афассæ, Гуситы Валодя, Борыхъуаты Барис, Магкæты Арсен... «Алчидæр мын сæ æххуыс кодта, йæ бон цы уыд, уымæй. Æмæ уæд мæхицæн скодтон хуымæтæджы хатдзæг: нæ дæсныйад у коллективон. Иу адæймаджы бон дзы ницы бауыдзæн. Хъуамæ сценæйыл кæрæдзи æмбаргæйæ кусой актертæ, режиссер, композитор, нывгæнæг».

1945 азы Зариффæ сæвæрдта йæ фыццаг спектакль «Талынджы фембæлд». Спектаклы фæстæ уыд иумæйаг æмбырд. Зариффæйæн йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп цыд, æнхъæлмæ каст карз критикæмæ, æнæхъуаджы æппæлæн ныхæстæй зæрдæ нæ барухс уыдаид. Фæлæ спектакль хорзыл банымадтой:

– Режиссеры нысан уыд персонажты æнкъарæнтæ раргом кæнын, æмæ уый Зариффæйы къухы бафтыд. Арф хъуыдыгæнæг кæй у, уый дызæрдыггаг нæу, – загъта æмбырды раныхасгæнджытæй иу – Еленæ Маркова. Дзырдтой йæ æмкусджытæ, аргъ ын кодтой йæ фыццаг куыстæн Тотраты Бесæ, Дзукъаты Аннæ, Мерденты Юри, Хъариаты Тамарæ, Маринæ Литвиненко.

Цал æмæ цал хъысмæты, характеры, сценикон быцæуы равзæрста уæдæй фæстæмæ Зариффæ. Йæ æвæрд спектаклыты нымæц сæдæйы онг схызт. Уыдонимæ, Ирон театрæн ном æмæ цæсгом чи скодта, уыцы ахъаззаджы куыстытæ: Къостайы «Фатимæ»,

Шекспиры «Отелло», «Дыууадæсæм æхсæв», «Ромео æмæ Джульеттæ», Плиты Грисы «Чермен», «Æуyæнк», Дæбейы «Æфхæрдты Хæсанæ», Туаты Дауыты «Мæрдтæйдзæуæг», М. Горькийы «Судзгæ зæрдæ», «Æнаххосæй аххосджынтæ», Ф. Шиллеры «Мария Стюарт», Ж.-Б. Мольеры «Тартюф», йæхи æмæ Саламты Къолайы «Дыууæ чындзæхсæвы», Уруймæгты Езетханы «Знæгтæ». Сæххæст кодта йæ фыды фæндон дæр, сæвæрдта йын йæ пьесæтæ «Амран» æмæ «Дыууæ хойы». Стыр сфæлдыстадон æнтыстыты тыххæй 1960 азы Мæскуыйы ирон литературæ æмæ аивады декадæйы театры сæйраг режиссер Брытъиаты Зариффæйæн лæвæрд æрцыд Сырх Тырысайы орден.

Иу рæстæджы (60-æм азты) нæ республикæйы Уырыссаг театры куыст зынгæ фæцауддæр. Æмæ дзы уæд сæйраг режиссерæй нысангонд æрцыд Зариффæ. Уый бафиппайдта репертуары лæмæгъдзинад æмæ бацархайдта йæ баивыныл, фæд-фæдыл сæвæрдта цалдæр романтикон-интеллектуалон пьесæйы. Æмæ театр фервæзт æндзыгæй, актертæ сæхиуыл схæцыдысты, театр та дзаг кæнын райдыдта аивадуарзджытæй. Режиссеры удуæлдай куыст фæзынд театрыл, йæ спектаклытæй иуæн – Уруймæгты Езетханы «Перед грозой»-æн – саккаг кодтой Хетæггаты Къостайы номыл преми.

Зариффæйы фæстæдæр хонын райдыдтой æндæр театртæм дæр. Цы у ног театр, ног спектакль? Сæ алкæцы дæр – сфæлдыстадон тох, ног аивадон фæрæзтæ æмæ ног уæлахиз. Састы бынаты нæ баззад ирон режиссер, æууæнчы аккаг разынд йæ бирæвæрсыг курдиат, Цæцæн-Мæхъхъæлы театры, Болгарийы, г. Кырджалийы театры спектаклытæ æвæргæйæ дæр. Грознайы сæвæрдта М. Солцаевы пьесæ «Борьба», Кырджалийы – Хъайттаты Сергейы «Мады зæрдæ». Се 'нтысты тыххæй уыцы азты фыста мæскуыйаг журнал «Театр», болгайраг газет «Народная культура». Кырджалийы театры директор Теофана Текелиева фыста Зариффæмæ: «Ваша постановка, как видите, имеет полный успех. Мы очень рады этому и надеемся сохранить ее на долгие годы. Будем восстанавливать ее каждый сезон».

Уæлтæмæн æмæ æнтыстытæй рухс бонтæ, мæйтæ, азтæ. Зариффæйы ныхасы кæддæриддæр уыд уæз. Йæ куысты, театры хъуыддæгты æппæт фæзилæнтæ дæр афтæ хорз зыдта, æмæ-иу йæ уынаффæйыл, фиппаинæгтыл сразы сты мæскуыйаг театр-

ты дзырддзæугæ архайджытæ дæр. Уымæн æрцыд æвзæрст æмæ бирæ азты фæкуыста Æппæтуæрæсеон театралон æхсæнады цæгатирыстойнаг хайады сæрдарæй. Цæмæй йæ бон уыд, уымæй æххæст кодта республикæйы театрты кусджыты социалон домæнтæ, æнæ дзуаппæй никуы никæй раздæхта. Зариффæ Тæбæхсæуты Балойы тыххæй цы ныхæстæ фыста – «Ирон театры Бало кæй фæзынд, уый йын уыд Хуыцауы лæвар» – уыдон зæгъын хъæуы Зариффæйæн йæхицæй дæр. Уымæн æмæ режиссер у ирон театры историйы бæрæгдаргæ хай. Йæ æнувыд куыстæй уый тох кодта æхсæны царды хъæнтæ æмæ хæрæмттимæ, адæймаджы уд æфхæрджытимæ.

О, фæлæ фыдæх æнусон у æмæ йæ азарæй басыгъта сыгъдæгзæрдæ Зариффæйы дæр, сфæлдыстады рухс рындзæй йæ ныппæрста фыдæхы тармæ. Шекспиры Отелло æмæ къарол Лирау, нæрæмон Черменау, Зариффæ йæхи удыл бавзæрста æнаккаг адæймæгты æфхæрд, æмгæртты мæнгарддзинад. Бынтон æнаххосæй йæ ахæстоны бакодтой, байстой йын йæ паддзахадон хæрзиуджытæ, йæ намыс ын сæвдылдтой цъыфы. Уый 1937 азы нæ уыд, фæлæ 1980-æм азты.

Уыцы худинаг ирон интеллигенци хъуамæ кады хъуыддæгтæй ныхса. Уæвгæ сын Зариффæ ныххатыр кодта, йæ сыгъдæг, æнæхин уды фарнæй. Йæ трагеди Шекспиры трагедитæй фыддæр фæцис. Фæлæ йæ ничима ныффыста, никæй зæрдæ нынкъуысын кодта. Аивады арвмæ базырфидарæй кæй æрвыста, йæ зæрдæйы цæхæр кæмæн не ‘вгъау кодта, уыдонæй йæ фарсмæ ничи æрбалæууыд, цалдæрæй фæстæмæ. Йæ бафхæрджыты намыс – мæрдвынæй. (Уæддæр рæстзæрдæ адæймæгтæ разынд, æмæ Зариффæ цардæй куы ахицæн 2001 азы, уæд бацархайдтой, æмæ ныгæд æрцыд Намысы аллейы).

Бузныг,  Зариффæйы зæрдæ æмæ курдиатæн стыр аргъ чи кодта, уыцы номдзыд лæгтæн: Михаил Ульянов, Рубен Симонов, Георги Товстоногов, Андрей Попов, Василий Лановой ныффыстой суанг Брежневмæ, фæлæ сæм хъусæг нæ фæци. Фæстæдæр йæхæдæг фыстæг арвыста Расул Гамзатовмæ. Сæрыхъуынтæ арц слæууынц, йæ кæсгæйæ:

«Помогите мне добиться правды, ни один факт обвинения не доказан. Как сказал прокурор на суде, основанием для обвинения послужили показания секретаря-машинистки ВТО. Для их получения были применены шантаж и угрозы, в чем она

призналась на суде. А еще были сфабрикованы в угоду некоторым работникам ОБХСС и прокуратуре бухгалтерская ревизия и экспертиза.

Причины обвинения и лишения свободы никому не понятны, а происходящее со мной – чудовищно...

Мне 65 лет, из них 43 года я служила искусству честно и бескорыстно...

Меня обвинили в воровстве, и это надругательство не только надо мной, человеком, подошедшим к финалу своей жизни, но и над законностью, правдой и справедливостью. Но даже теперь, когда надо мной, как дамоклов меч, висят 12 лет тюремного заключения, я не теряю веру в то, что правда восторжествует.

Я уверена, что Ваш голос сыграет решающую роль».

Гамзатовы æххуысæй 4 азы æмæ 6 мæйы фæстæ Зариффæйы суæгъд кодтой, Амраны зынтæ кæм бавзæрста, уыцы ахæстонæй. Уæддæр удæй разынд йæ фыд Елбыздыхъойы хуызæн фидар, æмæ-иу загъта: «Амонд мæм зул цæстæй нæ ракаст, цæрæнбонты мын æххуыс кодта мæ уарзон куысты...»

Цæрæд æнустæм, ирон адæмы удыхъæд, зонд, фарны бæрзонддæр рындзтæй иу – Брытъиаты Зариффæйы ном!

# ИРОН ДЗЫРДЫ СÆРВÆЛТАУ

*Гæбæраты Никъалайы райгуырды 90 азмæ*



Филологон наукæты доктор, профессор, Республикæ Хуссар Ирыстоны зонадониртасæн институты æвзаджы хайады сæргълæууæг Гæбæраты Ясоны фырт Никъала райгуырд Хуссар Ирыстоны Знауыры районы Уæллаг Куатетрийы. Ирон æвзагæй уæлдай иртасы фольклор æмæ литературæ. Аспирантурæ каст фæцис 1956 азы, бахъахъхъæдта диссертаци уырыссаг æмæ ирон æвзæгты фразеологийы фарстаты фæдыл. Уыцы аз кусын райдыдта Хуссар Ирыстоны зонадониртасæн институты кæстæр наукон кусæгæй. Уæдæй абонмæ ныффыста сæдæйæ фылдæр наукон куысты ирон æвзаджы алыхуызон фарстатыл. Се 'хсæн сæрмагонд бынат ахсы «Ирон æвзаджы инверсион дзырдуат».

Никъалайы разамындæй арæзт æрцыд «Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат» цыппар томæй. Мыхуырæй рацыдысты 1-аг æмæ 2-аг томтæ, рæхджы рухс фендзæн 3-аг том дæр, кæронмæ фæхæццæ кæны 4-æм томы редакци. Уыцы фæллой у ирон адæмæн цæстыгагуыйау хъахъхъæнинаг хæзна. Дзырдуаты рацыд Ирыстоны сси стыр æмæ ахсджиаг цау. Дызæрдыггаг нæу, XX–XXI æнусты æвзагзонынады историйы дзырдуаты фæзынд стыр наукон æнтыстыл нымад кæй æрцæудзæн, уый.

Уымæй дарддæр, Гæбæраты Никъала бирæ азты у Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты уырыссаг æвзаджы кафедрæйы профессор, разæнгардæй æмгуыст кæны ирон æвзаджы кафедрæимæ. Зоны ирон, уырыссаг, рагон славяйнаг, гуырдзиаг, англисаг æвзæгтæ. Никъала у ахуыргæнæн чингуыты автор дæр. Йæ чингуытæй дæсгай азты пайда кæнынц Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны скъолаты. Профессор лекцитæ кæсы ирон æмæ уырыссаг филологийæ Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты. Никъала ахадгæ куыст кæны аспиранттимæ, æрыгон ахуыргæндтимæ, скъолаты æмæ университетты ахуыргæнджытимæ. Рæдау зæрдæйы хицау уæвгæйæ, кæддæриддæр цæттæ у баххуыс кæнынмæ, куыд зонадон, афтæ царды фарстаты дæр, æмæ дзы райгонд, бузныг сты адæм.

Ирон дзырды æмæ дзырдарæзты мадзæлттæ æмæ фæрæзты бындурон фарстатыл фыццаг монографион иртасæнтæ Никъала скодта. 1977 азы рацыд йæ куыст «Дзырды морфологион сконд æмæ дзырдарæзт нырыккон ирон æвзаджы». Ацы куыст ахуыргæндтæ банымадтой ахъаззаджы наукон фæзындыл, æмæ сси Никъалайы докторон диссертацийы бындур. Монографи мыхуырæй рацыд 1982 азы Тбилисы.

Гæбæраты Никъала у Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг йæ фыццаг бонæй Уæлахизы онг, йе сгуыхтыты тыххæй йын саккаг кодтой цалдæр ордены æмæ майданы.

Профессор Гæбæраты Никъала у Ирыстоны раззагдæр ахуыргонд-филологтæй иу. Абон дæр ма разæнгардæй кæны наукон, педагогон æмæ æхсæнадон куыст.

Нæ зæрдæ йын зæгъы æнæниздзинад, ног æнтыстытæ йæ наукон сфæлдыстады, йæ фырты, йæ дыууæ чызджы, уыдоны кæстæрты цинæй æфсæст куыд уа, ахæм амонд æй уæд.

**Журналы ацы номыр мыхуырмæ лæвæрд куы цыд, уæд нæм Цхинвалæй æрбайхъуыст æнамонд хабар: Гæбæраты Никъала амардис. Уæззау зиан æрцыди нæ филологион наукæйыл. Нæ зæрдæтæ тынг фæрыстысты. Рухсаг у, Никъала. Нæ кæстæртæн та Хуыцау ахæм амонд саккаг кæнæд, æмæ дын дæ фарн рæсугъдæй куыд хæссой.**

*Ольгæ РЕЗНИК*

# АМОНДДЖЫН БИНОНТÆ

Фараст сывæллоны фыд Хъæрджынты Валери нæм редакцимæ æрбацыд йе 'мбал Хъараты Сосланимæ (дыууæйæ дæр сты чырыстон-баптисттæ). Фембæлыны тыххæй баныхас кодтам, стæй мæ уазджытæ хатыр ракуырдтой, загътой: «Рæстæг нын нæй, ахæстонмæ цæуæм...» Цымæ цæмæн, цы сæ бæтты ахæстонимæ? Уый базыдтон фæстæдæр. Фæлæ хабар сæрæй ракæнон.

## АВДÆН 7-ÆН НÆ, ФÆЛÆ 9-ÆН

Бирæсывæллонджын бинонтæ стæм сты абон. Ноджы стæмдæр та, сæ цоты рæстмæ схъомыл кæнын царды сæйраг кæмæн у, ахæм бинонтæ. Цы йæ æмбæхсæм, вæййы афтæ дæр: Хуыцауы арфæйæ, сывæллæттæ – бирæ, фæлæ сæм хъусдарæг нæй, ныййарджытæй чи нозтимæ æмхиц у, чи – æндæр зины сайд.

Хъæрджынты бинонтæ амондджынтæй разындысты. Валери рухсцæсгомæй дзуры, йæхæдæг дæр уый æнхъæл кæй нæ уыд, æмæ йын уыйбæрц хуртæ рантысдзæн. «Сывæллон – Хуыцауы лæвар у. Бирæтæ цасфæнды æхца дæр бафидиккой сæ хæдзары сабийы худт фехъусыны тыххæй. Уыцы амонд Хуыцау иутæн ратты, иннæтæн – нæ. Фæлæ куыд ис хъæбулæй «нæ» зæгъæн? Гуырдз сисын æмæ саби амарын иу у (официалон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, афæдзмæ Уæрæсейы абортæй амарынц 6 милуан сабийы).

Авд чызджы æмæ дыууæ лæппуйы – уыдон сты Хъæрджынты Валери æмæ Лилиятйы стырдæр хъæздыгдзинад. Хистæр Кристинæйыл цæуы 22 азы, кæстæр Владимирыл – фараст. Ноджы фылдæр сывæллæттæ йын куы уаид, уый зæрдиагæй фæнды Валерийы. Исчи сæм уазæгуаты æд сабитæ куы вæййы, уæд сæ Хъæрджынты кæстæртæ æхсызгонæй барæвдауынц, стыртæ дæр семæ гыццылтау хъазынц.

Зын у бирæ сывæллæттæ хæссын? Зын, дзырд дæр ыл нæй. Уæлдайдæр, фыццаг, дыккаг, æртыккаджы. Цалынмæ хистæр зæнæг кæстæртæм кæсынхъом фæвæййынц, уæдмæ, стæй мады

æнцой балæууынц йæ хъæбултæ – йæ ныфсытæ. «Сывæллæттæ цас фылдæр уа, уыйас мадæн æнцондæр», – загъта Валери.

«Æмæ материалон зындзинæдтæ та?» – фæрсын та йæ. Материалон æгъдауæй ай-гъай, зындæр у, сразы Валери. Бирæ азты фæкуыста автомеханикæй. Ныртæккæ пенсийы рацыд. Фæлæ, зæгъы, хъæздгуытæ дæр æнæмæт не сты. Буцхаст цоты æгæр бирæ хъæуы, сæ домæнтæн кæрон нæй. Дарынц æрмæст зынаргъ дарæс, ирхæфсæнтæ агурынц – фагæй фылдæр. «Мах сывæллæттæй та йæхи уд разæй ничи æвæры, иннæты хъуагæй сæм уæлæмхасæн домæнтæ нæй. Кæстæр чызг цæйау загъта: райсомæй айдагъ цай бацымæм, фæлæ цы адджын вæййы... Уæдæ æвзаргæ хæринаг куы скæнæм, уæд та бынтон диссаг... Хъæздгуытæ та цæуыл бацин кæной, – сæ хæрд, сæ нозт кæддæриддæр адджын», – дзуры дарддæр Валери. Æмæ раст зæгъы, бирæ бинонты 'хсæн хъомылгонд сывæллæттæ хиуарзон никуы вæййынц. Валери дæр афтæ хъуыды кæны: сывæллæттæ чысылæй хъуæгтæ куы æййафой уæд, байрæзгæйæ, иннæты рыст арфдæр æмбарынц.

## «ХЪОМЫЛАДЫ СÆЙРАГ ЦЫ У?»

«Сæйраг? Сывæллæттæй дыууæ æмхуызон нæ вæййы, æмæ дзы алкæй зæрдæ дæр базонын фæхъæуы. Ахсджиаг у, цæмæй сывæллон йæ ныййарджытыл æууæнда, мацы сæ æмбæхса, æхгæд зæрдæ ма уа. Сывæллонæн иуырдыгæй уынг æмæ æмбæлттæ æвæрд сты, иннæрдыгæй – бинонтæ. Æмæ, ныййарджытыл æууæндгæйæ, хъуамæ уыдоны равзара. Уый тыххæй та йын йæ зæрдæмæ фæндаг зонын хъæуы. Хъуамæ йын æмбарын кæнай, хорз цы у, æвзæр цы у, фыццаг бынаты æгъдау кæй у. Ахуыр æй хъæуы адæмы уарзын, Хуыцауы уарзын. Хъуамæ ныййарджытæ, ахуыргæнджытæ зоной, сывæллæттæ цы гæнæг сты, уый. Алцæмæн дæр бындур бинонты æхсæн æвæрд æрцæуы».

О, фæлæ рæзгæ фæлтæры уæддæр куыд бахъахъхъæнæм телеуынæн æмæ Интернеты чъизитæй? Статистикон бæрæггæнæнтæ: уæрæсейаг скъоладзаутæ дæс азмæ телеуынæны фенынц 18 мины – марыны цаутæ, 100 мины – тыхмитæ, Интернеты «хæрзтæ» нал нымайæм.

Ноджы ма иу ахъуыдыйаг нымæц: Уæрæсейы иу бонмæ




*Журнал «Вера и жизнь»-ы цъарыл –*
*Хъæрджынты бинонтæ.*



Хъæрджынты Валери.



Мад-хъæбатыр
Бызыккон-Хъæрджынты Лилия.



*Хъæрджынты фараст сабийы. Галиуырдыгæй рахизырдæм: Георги (23-аздзыд, автоэлектрик), Кристинæ (24-аздзыд, студенткæ), Зæринæ (21-аздзыд), Руфинæ (19-аздзыд, музыкæйы ахуыргæнæг), Ленæ (17-аздзыд, скъоладзау), Дианæ (16-аздзыд, скъоладзау), Юля (12-аздзыд, колледжы ахуырдзау), Мария (11-аздзыд, скъоладзау), Валодя (10-аздзыд, скъоладзау).*

ӕрцӕуы 10 мин фыдракӕнды, сӕ ӕртыццаг хай – уӕззау фыдракӕндтӕ. Уый тыххӕй дзырдта Владимир Путин.

«Мах Валерӕимӕ вӕййӕм ахӕстӕтты, фембӕлӕм ахст адӕмимӕ, уыдонимӕ, ӕнахъомтӕ, сылгоймӕгтӕ дӕр, – телеуынӕны коймӕ дзурын райдыдта Хъараты Сослан. – Семӕ ныхас кӕнӕм Хуыцауы тыххӕй, уд фервӕзын кӕныны тыххӕй. Телевизорӕн йӕ хӕрзтӕй йӕ фыдбылызтӕ фӕфылдӕр сты. Ахст лӕппутӕй иу ӕрцыд ӕнӕфӕцудгӕ хатдзӕгмӕ: ӕгъатырдзинад йӕ зӕрдӕмӕ телевизорӕй бахызт. Ӕмӕ уый ӕцӕг афтӕ у: хӕрамӕй дзаг информаци маргӕй уӕлдай нӕу».

Уӕд ӕй бамбӕрстон, Валери ӕмӕ Сослан ахӕстонмӕ цӕмӕн цӕуынц, уый. Сӕ дыууӕ дӕр ахӕстӕтты ӕмӕ реабилитацион центрты динпарахатгӕнджытӕ сты. Бирӕ азты размӕ тох расидтысты наркотикты ныхмӕ. Фембӕлынц скъоладзаутимӕ, студенттимӕ, цӕвиттонӕн ӕрхӕссынц сӕхи цард, афтӕмӕй сын дзурынц наркотикты ӕвирхъау фӕстиуджыты тыххӕй. Зӕгъӕм, Алагиры районы скъолатӕй лекцитимӕ уыдысты ӕстдӕсы. Ацы дыууӕ ӕргомдзырд лӕгыл сывӕллӕттӕ уайтагъд бауӕндынц, сӕ риссӕгтӕ, дудгӕбонтӕ дзурынмӕ фӕвӕййынц: мӕ фыд нозтуарзаг, мадмӕ йӕ къух исы. Иннӕтӕ загътой, Дзӕуджыхъӕуӕй нын наркотиктӕ ӕрласынӕй зӕрдӕ бавӕрдтой, фӕлӕ уыцы хъылма цы у, уый ныр базыдтам ӕмӕ йӕ нал балхӕндзыстӕм, зӕгъгӕ.

Ӕвирхъау хабӕрттӕ: алы аз дӕр Уӕрӕсемӕ ӕрбаласынц 150 тоннӕйы героин. Регистрацигонд наркомантӕ Уӕрӕсейы Федерацийы ис 5 милуаны! (Ирыстоны – 2,5 мины. Наркомантӕ ӕмӕ алкоголиктӕ махӕй фылдӕр никӕмӕ ис Цӕгат Кавказы). Иннӕ рекорд: Уӕрӕсейы алы аз дӕр йӕхи амары 50 мин адӕймаджы.

Иу дзырдӕй, фӕдис хъӕр кӕнын хъӕуы. Ӕндӕр ницыуал хос и.

## РАЗДӔРЫ НАРКОМАНТӔ ВӔЙЙЫ

Хъӕрджынты Валери йӕ нӕ сусӕг кӕны, раздӕр наркоман кӕй уыд, уый. Зӕгъӕн ис, йӕ царды хуыздӕр азтӕ – дон хиды бынты. Уыд ахст дӕр. Хаххӕй куыд ахызт, уый йӕхӕдӕг дӕр нӕ бамбӕрста. Буцхаст сывӕллон уыд, ницы хъуаг уыд. Фӕлӕ йӕ уӕддӕр фӕндыд йӕ ныййарджыты дӕлбазырӕй рахизын,

сæрибар цардæй цæрын. Горæтмæ куы рацыд, уæд ын уыцы фадат фæзынд: райдыдта тамако дымын, фыдуаг лæппутимæ бахæлар, давынмæ фемхиц сты. 16-аздзыдæй ахæстонмæ бахауд, ралыгъд, цард æмбæхстæй, фæрынчын тарнизæй.

1986 азы йыл сæххæст 30 азы. Уæд фыццаг хатт ахъуыды кодта Хуыцауыл. Æнæнхъæлæджы, радиобакастмæ байхъусгæйæ. «Мах хъомыл кодтам атеистон паддзахады. Хуыцауы тыххæй, æндæр царды тыххæй нын дзурæг нæ уыд. Уыцы радиобакасты фæстæ Библи кæсын райдыдтон. Библийы афтæ фыст ис: кæд хицауадæй исты дарыс, уæд дæ хæс бафид. Раст фæндагыл нæ цæуын, уый бамбæрстон, æмæ мæхи радтон оргæнты къухтæм. Æнхъæлдтон, иу 6–8 азы мын стæрхон кæндзысты. Фæлæ мæ фыдракæндыл дзæвгар рæстæг кæй рацыд, уымæ гæсгæ мæ суæгъд кодтой тæрхоны залы. Чи мыл тыхст, уыдоны куывд Хуыцаумæ фехъуыст, æмæ мын йæ хорзæх нæ бахæлæг кодта!»

Валери наркотиктæм нал бавнæлдта, фервæзт сæ ахæстæй Хуыцауы фæрцы. Ныртæккæ æххуыс кæны, уыцы æнамонддзинад кæй баййæфта, уыцы лæппутæ æмæ чызджытæн, дзæбæх кæнынмæ сæ арвиты бæстæйы реабилитацион центртæм. Ирыстоны дæр ис ахæм центртæ – Холысты, Мæздæджы, Заводы поселокмæ фæндагыл. «Дыгургомы, Къæмынты, æнæхицауæй лæууы скъолайы агъуыст. Уый нын реабилитацион центрæн цæмæй радтой, ууыл архайæм».

## «АДÆЙМАГ ХЪУАМÆ ИУНÆГ МА УА»

Уырнæг адæмы ныхасмæ гæсгæ, уый Хуыцауы фæдзæхст у. Валери хъуыддаг бакæнын куы сфæнд кодта, уæд дæр йæхи Хуыцауыл бафæдзæхста. Цавæр бинойнагмæ бæллыд? Хъуамæ уа хæлар адæймаг, Хуыцауы ном чи ныммайы, ахæм, уазæгуарзаг, нæ хæдзар уазæгæн кæддæриддæр фæрныг фысым куыд уа. Бызыккаты Лилия уыцы миниуджытæй хайджын разынд. Чызг фыццаг дызæрдыг кодта, Валери æндæр дунейы цард, фыдракæндмæ æмхиц уыд. Мыййаг, йæ кæнон куы нæ ныууадза... Фæлæ та ам дæр Хуыцауы бæрæггæнæн: Лилия йæ федта Къостайы рæнхъыты: «Лæппуйæ рæдийаг нæ вæййы æвзæр».

«Хуыздæр амондмæ нæ куывтон», – зæгъы Валери. Лилия канд йæ цардæмбал нæу, фæлæ йæ хуыздæр хæлар, йæ удæн æппæты зынаргъдæр адæймаг.

Бинонты койæ та Валери ногæй рахызт йæ куыст-лæггадмæ. «Мæскуыйы уыдыстæм нæ хъуыддаджы фæдыл, æмæ немæ фембæлд иу инæлар. Йæ раныхасы, ахæстæтты тыххæй дзургæйæ, æргом загъта: ахæстон никæй сраст кæндзæн, кæд æй растгæнæн системæ хонынц, уæддæр. Фæлæ, зæгъы, ахæстæттæм уырнæг адæм кæдæй цæуынц, уæдæй уавæр хуыздæрырдæм ивын райдыдта. «Уæ архайд ахадгæ у, æмæ уын иумæ кусынæй зæрдæ æвæрын», – загъта уæд инæлар Валери æмæ йе 'мбæлттæн.

Æз та ма ноджы иу æвдисæн ссардтон мæ рагон хатдзæгæн: сывæллоны хъомыл кæнын хъæуы хи дæнцæгыл, уымæй хуыздæр мадзал нæй.

## СОСЛАНЫ ХЪЫСМÆТ

Æнæ дзургæйæ дæр йæ удæй рухс кæмæн кæлы, ахæм адæймаг мæм фæкаст Сослан. Уый дæр ракодта йæ хабæрттæ. Иу хатт сæ æрбахуыдтой Аграрон университетмæ, студенттимæ ныхас цыд тамако дымыны зианыл. Сæйраг докладгæнджытæ кодтой иударон ныхæстæ, никотины æртах бæх амарынæн фаг кæй у æмæ æндæр ахæмтæ. Студентты асайæн нæй, радтой-иу сæм иунæг фарст: «Æмæ дæхæдæг тамако нæ дымыс?» Дзуаппиу æнцонæй равдыста, докладгæнджыты фыдæбон бынтон дзæгъæлы кæй уыд, уый. Ныхасы бар Сосланмæ куы æрхауд, уæд райдыдта уымæй, æмæ тамакойæ наркотиктæм иу къахдзæф йеддæмæ кæй нæй æмæ радзырдта йæхи тыххæй. Фæсивæд ыл бауæндыдысты, уымæн æмæ, цæуыл дзырдта, уый йæ удыл фæлвæрд уыд. Наркотиктæ уыдысты йæ иунæг монц, уыдоны фыдæй цалдæр хатты бахауд ахæстонмæ. Фервæзт сæ æрмæст Холысты реабилитацион центры. Ам, зæгъы, банкъардтон Хуыцауы аудындзинад. Ныртæккæ Сосланыл цæуы 39 азы. Фæстаг авд азы æмгæрон дæр нал цæуы наркотиктæм. Ус æрхаста, ис сын дыууæ сывæллоны. Холысты базонгæ Валериимæ, уый йын загъта: «Цу ахæстæттæм, дæ лымæнтæн дзур, Чырысти дæ куыд фервæзын кодта, уый тыххæй».

Цæуынц дыууæйæ дæр, цы зæгъой, уый сын ис, æхсызгонæй æххуыс кæнынц рæдыд фæндагыл чи æрлæууыд, уыдонæн.

## ЭПИЛОГЫ БÆСТЫ

«Хуыцау нæм сиды уарзтмæ, хатыр кæнынмæ», «Фыдæхыл фæуæлахиз уæвæн ис æрмæст хæларзæрдæдзинадæй», – арæх фæлхатт кæнынц мæ ног зонгæтæ ацы ныхæстæ. Æмбарын æй: тынг, тынг зын у, сæ уд кæмæн дæттынц, уыцы хъуыддаг. Фæлæ хъаст нæ кæнынц. Зæгъынц æрмæст: бирæ фылдæр адæмæн баххуыс кæниккам, нæ къух фылдæр куы амонид, уæд. Фæндаггаджы фаг уæд та. Паддзахад сæм иучысыл куы фæкæсид бæргæ. Фæлæ нæй æххуысгæнæг...

# «Мах дуджы» равдыст

*«Кавказаг сылгоймæгтæ» – афтæ рахуыдтам нæ равдыст. Фендзыстут дзы 19-æм æнусы ист къамтæ. Уæдыккон кавказаг сылгоймæгтæ цымыдисаг сты канд сæ бакастæй нæ, фæлæ сæ дарæсæй дæр. Равдысты спайда кодтам чиныг «Женщины Кавказа»-йæ.*



*Ирæттæ.*





*Kæсгæттæ.*





*Лекъæгтæ.*





*Сомихæгтæ.*



*Дагестайнаг.*





*Абхазаг.*



*Цæцæйнæгтæ.*





*Азербайджайнæгтæ.*





*Имеретаг.*



*Удинæйаг.*



*Хъæрæсейæгтæ.*





*Абазинтæ.*





*Гуырдзиаг сылгоймаг дзидзи дары йæ сабийæн.*



*Сомихаг сылгоймаг дзидзи дары йæ сабийæн.*

# АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

ХÆМЫЦАТЫ *Фузæ*

## РАСТФЫССЫНАДЫЛ КУСЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ

Ирон æвзаджы ахуыргæнæгæн йæ куысты стыр бынат ахсы орфографийыл кусын. А фæстаг рæстæджы та ахуырдзаутæ, зæгъæн ис, гыццыл кæй кæсынц чингуытæ, уымæ гæсгæ тынг фæцудыдта сæ растфыссынад. Цæмæй уыцы куыст нывыл цæуа, уый тыххæй хъæуы зæрдиагæй архайын.

Арæхдæр æмбæлæм дзырдты дамгъæцух кæнæ иу дамгъæ иннæимæ фемхæццæ кæныны рæдыдтытыл.

Растфыссынадыл кусыны мадзæлттæ сты:

**1. Чиныгæй текст рафыссын.** Ацы куысты хуызæй арæхдæр пайда кæнæм 4–7 кълæсты. Цæмæй скъоладзаутæ раст фыссыныл фæцахуыр уой, уый тыххæй хъуамæ иу морфемæ дæр æнæ ахъуыдыгæнгæйæ ма цæуа фыст. Растфыссыны агъоммæ дзырдæн анализ куынæ скæнай, уæд сывæллæттæ хибарæй кæй æххæст кæной, уыцы куысты рæдыд скæнынц.

**2. Фæдзæхстон, уынгæ æмæ æмбарынгæнæн диктанттæ.** Равзарæм сæ хицæнтæй.

А) Фæдзæхстон диктант аразгæйæ, рагацау рахицæн кæнæм, дзырдтæй сæ растфыссынадмæ хъус æрдарын кæмæн хъæуы, уыдон. Ныффыссæн сæ ис фæйнæгыл дæр. Скъоладзаутæй иу дзуры ацы дзырдтæ, æмбарын сын кæны сæ хъуыды æмæ фæзæгъы, хъæугæ дзырдтæ куыд æмæ цæмæн афтæ фыссæм, уый. Дзуапп фаг æххæст куынæ уа, уæд æй ахуыргæнæг йæхæдæг баххæст кæндзæн.

Фæдзæхстон диктанттæ аразæн ис кæцыфæнды бæлвырд грамматикон темæ ахуыр кæнгæйæ дæр. Ис райсæн кæрæдзийыл баст тексттæ, хицæн хъуыдыйæдтæ, стæй хицæн дзырдтæ дæр.

Æркæсæм темæ «Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ», ахуыр кæнгæйæ ахæм дзырдтæм: тæбæгъттæ, ныссагъта, барывта, хъæдындзтæ, æхсæвтæ, æхсидæвтæ, бабызтæ, сыхæгтæ æмæ æнд. Дзырдуатон диктант фыссыны размæ сывæллæттæ ахуыргæнæджы

æххуысæй бакусынц, дзырдты зылангон æмæ æзылангон мыртæй гуырысхойагæй кæцытæ хъуысы, уыдоныл. Лæвæрд дзырдты æзылангон æмхъæлæсон т, йæ размæ цы æмхъæлæсонтæ ис (гъ, в, дз, г), уыдоны архайы йæхи хуызæн скæныныл х, ф, ц, к-йы хуызæн.

Фысгæ та сæ кæнæм дзырдарæзтмæ гæсгæ, ома, сæ уидæгты цы мыр ис, уый нысангæнæг дамгъæтимæ.

Ацы æгъдауæн ма бацамонæн ис æндæр хуызы дæр: дзырд афтæ аивын, æмæ дызæрдыггаг æмхъæлæсоны фæстæ куыд уа хъæлæсон кæнæ та æмхъæлæсон: тæбæгъы, барувын,ныссагъди æмæ æнд.

Ахæм раиртæстыты æмæ æппæт дæр бамбарын кæныны фæстæ скъоладзаутæ ахуыргæнæджы кастмæ гæсгæ райдайынц фыссын текст.

Æ) Æмбарынгæнæн кæнæ орфографион диктанты хуыз аразгæйæ фæйнæгыл дзырдтæ фыст цæуынц искæцы дамгъæтæ цухгондæй. Скъоладзаутæ кæсынц дзырдтæ, агурынц сын хъæугæ дамгъæтæ. Стæй, ахуыргæнæджы кастмæ хъусгæйæ, фыссынц текст.

Райсæм мæнæ ахæм текст:

Нартыл скодта фыд зымæг. Ныууарыди залты мит. Иубон æрæмбырд сты се стыр хæдзармæ æмæ уынаффæ кæнынц сæ фосы искæдæм фескъæрыныл. Дзурынц Уырызмæгмæ: «Ды бирæ фæцыдтæ балцы, зоныс бæстæтæ иууылдæр: чи зоны, ахæм бæстæ фехъуыстаис, зымæг мит кæм нæ вæййы». «Ахæм бæстæ бæргæ зонын, – загъта Уырызмæг, – денджызы был Тары фыртты бæстæ. Уым зымæг кæрдæг уæрагмæ вæййы, фæлæ зын у уырдæм фос аскъæрынмæ ныфс бахæссын. Дыууæ æфсымæры сты уыдон. Сæ иуæй куы аирвæзай, уæддæр иннæмæй нæ аирвæздзынæ.

Бирæ фæдзырдтой, фæлæ куы ничи разы кодта, уæд бауынаффæ кодтой хæлттæ сæппарын». («Нарты кадджытæ»).

Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад ныффидар кæнынæн ацы фысгæ куыстæн ис саразæн дыууæ хуызы:

а) дзургæйæ сбæрæг кæнын, дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ цы дзырдты ис, уыдон.

Скъоладзаутæ ахуыргæнæджы фарстмæ гæсгæ радыгай æвзарынц хъæугæ дзырдты растфыссынад, бæстон амонынц сæ иуты дт цæмæн фыссæм, иннæты дыууæ т-йы.

æ) дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ дзырдтæ фæйнæгыл ныффыссын, æрмæст орфограммæ цухæй.

Б) <u>Уынгæ диктанты</u> рæстæджы скъоладзаутæ фæйнæгыл фыст текстæн анализ скæнынц, равзарынц бæстон хъæугæ орфограммæтæ. Стæй йæ фехал æмæ йæ ныффыссын кæн тетрæдты.

Кæнæ райсæн ис чиныджы текст, бæлвырд равзар зæрдæхсаинаг орфограммæтæ, уый фæстæ, чиныг сæхгæнгæйæ,ахуыргæнæджы кастмæ хъусгæйæ, скъоладзаутæ фыссынц.

Ацы диктанты хуызæй пайдагæнæн ис 3–4 кълæсты.

В) <u>Орфографион-дзырдуатон куыст.</u>

Мадæлон æвзаджы урокты егъау бынат хъуамæ ахса дзырдуатон – орфографион куыст. Ацы куыст æппæт кълæсты дæр куы арæзтæуа, æвзаджы урокты азæй-азмæ зындæр æмæ фылдæргæнгæ куы цæуа, пайда дæр æрмæст уæд уыдзæн.

Растфыссынад бахъуыды кæнынæн æмæ ныффидар кæнынæн ахъаз уыдзысты:

а) дзырд уæнггай æмæ æнæхъæнæй раст хъæлæсыуагæй каст куы цæуа;

æ) сывæллæттæ кæрæдзимæ хæстæг дзырдтæ кæрæдзиуыл куы барой, сæ иумæйаг миниуджытæ æмæ хицæндзинæдтæ сын куы иртасой;

б) дзырдтæн сæ растфыссынад æмæ нысаниуæг дзырдуæтты куы агурой;

в) скъоладзаутæ дзырдтæ сæхи конд дзырдуæтты куы фыссой;

г) скъоладзаутæ уыцы дзырдтæй дзырдбæстытæ кæнæ хъуыдыйæдтæ куы аразой æмæ сæ ныхасы пайда кæныныл куы архайой.

Растфыссынадыл дзургæйæ ахсджиаг у рæдыдтытыл куыст. Сбæлвырдгæнæн куыст ныффыссыны фæстæ рæдыдтытыл æнцонæй бакусæн уыдзæн, ахуыргæнæг лæмбынæг классификаци куы скæна, уæд.

**<u>Бакусæн ис афтæ:</u>** Ахуыргæнæг текст куы раст кæна, уæд йæхи тексты рæдыд фæбæрæг кæндзæн, цал хатты æмбæла (ома рæдыд), уал хатты йæ бахахх кæн. Æнцонæй хатдзæг скæнæн ис, æвзæр цы æрмæг бамбæрстой, фылдæр хъус цавæр орфограммæмæ æрдарын хъæуы, уый. Бæстон анализ куы скæнæм рæдыдтытæн, уæд æрцæудзыстæм, зæгъæм, мæнæ ахæм хатдзæгтæм:

Фылдæр рæдыдтытæ скодтой:

1) æмхъæлæсон мырты растфыссынады;

2) номдарты бирæон нымæцы растфыссынад тасындзæг кæнгæйæ;

3) мырты дæргъвæтиндзинад разæфтуанты фæстæ;

4) дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынады.

Æппæт рæдыдтытæ дæр цæмæй ахуыргæнæгæн зындгонд уой, уый тыххæй скæнын æмбæлы сæрмагонд тетрад. Уым алы скъоладзауæн дæр лæвæрд цæуы 1–2 сыфы. Уым бæрæг кæны алы фысгæ куысты хуыз дæр. Мæнæ ахæм схемæмæ гæсгæ:

| Мыггаг, ном | Кæд фыста | Куысты хуыз | Рæдыдтытæ | Сæрмагонд куыст |
|---|---|---|---|---|
| Дудиаты Артур | 15.05.2013 аз | Диктант | бауагъта | §5,14 |

Аст рæдыдæй фылдæр цы куысты ис, уыдон хæдзармæ раттын, цæмæй сыл скъоладзау бæстон бакуса.

**<u>Рæдыдтытыл бакусын</u>**. Скъоладзаутæн сæ тетрæдтæ байуарын. Хуыздæр чи ныффыста, уыдонæй раппæлын, иннæтæ, сæ рæдыдтытыл хорз куы бакусой, уæд иннæ хатт хуыздæр ныффысдзысты.

Ахуыргæнæг фæрсы скъоладзауты, цы рæдыдтытæ æруагътой, уыцы раиртæстытæй. Йæхи классификацимæ гæсгæ нымайы темæтæ, рæдыд кæд скодтой. Дзырдтæ равзарын сæ арæзтмæ гæсгæ, хъуыдыйæдтæ дæр æрхъуыды кæнын.

Афтæ равзарын æппæт рæдыдтытæ дæр схемæмæ гæсгæ:

1) Фонетикон рæдыдтытæ.

2) Морфологион рæдыдтытæ.

3) Синтаксисон рæдыдтытæ.

Ахæм бæлвырд куыст хъуамæ цæуа дзырдарæзтыл æмæ растфыссынадыл алы урочы дæр. Æмæ уæд ахуыргæнæджы куыст дзæгъæлы нæ фæуыдзæн. Фæлæ æппæты хуыздæр та у, махмæ гæсгæ, скъоладзауты чингуытæ, газеттæ кæсыныл фæцалх кæнын. Уый ма ахъаз у сæ дзырдуат хъæздыгдæр кæнынæн дæр.

Темæ: **Сыгъдæг горæт.**
Номдар.
Нысан:
1) скъоладзаутæм гуырын кæнын сыгъдæгдзинадмæ бæллын, нæ горæтмæ уарзондзинад сæм цæмæй сæвзæра, ууыл архайын;
2) номдары тыххæй зонындзинæдтæ иу системæмæ æркæнын æмæ сæ ныффидар кæнын;
3) орфографи æмæ орфоэпийыл кусын;
4) ныхасы рæзтыл кусын.

Урочы цыд
I. Организацион куыст.
II. Æрфарст.

I. Фронталон æрфарст.
1) Цы хонæм номдар?
2) Цавæр къордтыл дих кæнынц номдартæ? (Сæрмагонд æмæ иумæйаг).
3) Куыд фысгæ сты сæрмагонд номдартæ?
4) Цал нымæцы ис номдарæн?
5) Куыд аразæм бирæон нымæц?
Дзуæппытæ бафидар кæнын хи дæнцæгтæй.
II. Дзырдуатон куыст . Номдартæ хицæн къордæй ныффыссын æмæ сæ равзарын.
1) Сыгъдæг, сыгъдæгдзинад, чъизи, æфснайд, æгъдау, бырон, мæрзын, чъиллон, сапон, æхсад, æнæфснайд.

Урочы темæйыл кусын.
1. Дзырдты ‘хсæн ссарын номдартæ. Сæ грамматикон категоритæ сын бацамонын.
2. Семæ дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнын.
3. Дзырдты ‘хсæн ссарын:
а) антонимтæ (сыгъдæг – чъизи, æфснайд – æнæфснайд);
б) синонимтæ (чъизи, чъиллон, æнæфснайд; æхсад, сыгъдæг);
4. Ахуыргæнæджы ныхас. Беседæ: «Цæмæн хъæуы сыгъдæгдзинад?» Уырыссагау ис ахæм æмбисонд: «Чистота – залог здоровья». (Сыгъдæгдзинад у æнæниздзинады бындур). Ахъуыды-ма кæнут, раст ныхас у уый?
(Дзурынц скъоладзаутæ).

Фарст: Акæсæм нæ алыварсмæ: Тынг сыгъдæг дарæм нæхи: нæ хæдзæрттæ, нæ кæртытæ, нæ уынгтæ, нæ горæт?

(Дзурынц сывæллæттæ)

Ныффыссын хъуыдыйад: Сыгъдæгдзинад – æнæниздзинады бындур.

Ссарын дзы номдартæ, сбæрæг кæнын сæ грамматикон категоритæ.

5.Нывтæм гæсгæ куыст.

Уæ размæ нæ горæты уынгты къамтæ, систой сæ не скъоладзаутæ. Зæгъут-ма, æцæг хабæрттæ уынæм æви нæ? Уæ цæрæнбынæттæм хæстæг ахæм уавæр никуы ис? (Скъоладзаутæ дзурынц сæ хъуыдытæ).

6. Æрæджы «Рæстдзинад»-ы бакастæн уацхъуыд «Европæйы тæккæ сыгъдæгдæр горæттæ сты Гамбург æмæ Стокгольм» (ныффыссын хъуыдыйад тетрæдты). Ссарын дзы сæрмагонд æмæ иумæйаг номдартæ. Æз мæхинымæр ахъуыды кодтон: « Цымæ Дзæуджыхъæу уыцы номхыгъды кæд уыдзæн?» Ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, кæд æрцæудзæн ахæм рæстæг, кæмæй арæзгæ у уыцы хъуыддаг? Скъоладзаутæ, сымахæн ныхасы бар. Скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ куы зæгъой, уæд скæнын хатдзæг.

7. Хæдзармæ куыст: «Ныффыссын цыбыр радзырд «Кæд уыдзæн нæ горæт сыгъдæг?»

## ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

# О НЕКОТОРЫХ «ИСТОРИКАХ» ГОРСКИХ НАРОДОВ

В этой конкретной обстановке, в которой работает Орджоникидзевская парторганизация, письмо тов. Сталина оказало уже свое огромное действие на одном из важнейших участков партийного воспитания – на фронте истории горских народов. Стоило только лишь коснуться указаниями тов. Сталина некоторых трудов, с позволения сказать, местных и не местных историков, как уже оказалось скрытым целое гнездо оппортунистических извращений и просто классово-враждебной клеветы на историю революционного движения, классовой борьбы в нацобластях.

Мы имеем здесь в виду гнездо из меньшевистских, троцкистских «теоретиков», извращающих историю большевизма, явно буржуазной оценки, историю горских народов и махрового великодержавного шовинизма в освещении революционных событий в бывшем Владикавказе.

Среди этой плеяды так называемых историков я хотел бы остановиться на Успенском и Алборове. В своем выступлении на собрании партийного актива «истории» Успенский развернул широкую критику меньшевистских и буржуазных теорий в истории горских народов. Он забыл, однако, о мелочах – о своих собственных ошибках, просто клевете на историю большевизма и революционного движения в нацобластях.

А сказать ему было о чем.

Хотя бы о сделанной им великодержавной оценке роли красной Ингушетии в революции в 1917–20 г. г. в очерке, помещенном в сборнике «Весь Владикавказ». Но чем здесь Успенский отличается от Прозрителева и даже историков колонизаторов?

Или хотя бы о другой ошибке, допущенной им в том же сборнике, где он смазывает роль большевистской теории в революции 1905 года. Но чем здесь Успенский отличается от

Щербинина, которого он так яростно критиковал за меньшевистское искажение истории партии?

Успенский скрыл от партийной организации, что он является автором великодержавных и меньшевистских писаний. Мало того, он сделал попытку увильнуть от прямых ответов, когда ошибки его были разоблачены.

Критика им буржуазных, меньшевистских теорий в истории горских народов была лишь прикрытием его же собственной великодержавной и меньшевистской контрабанды в истории горских народов.

Кое-кто из выступивших в прениях квалифицировал эти факты, как недопустимые для большевика. Правильней было бы сказать, что эти факты несовместимы со знанием большевика.

Теперь об Алборове. Ошибки «историка» Алборова имеют свою и довольно длительную историю. В свое время они были достаточно разоблачены и подвергнуты критике в печати и на собраниях. На них можно было бы не останавливаться.

Но Алборов на сегодняшнем собрании сам поставил вопрос о своих старых ошибках. Нам остается лишь идти по следам его новых признаний.

Что же это за новое признание-откровение?

«Видите ли, – сказал Алборов, – когда я писал в своих «абречьих песнях» о том, что осетины справедливо (!) видели во всех русских своих угнетателей, я имел ввиду русских, проходящих по Военно-Грузинской дороге».

Вместо развернутой критики этого махрового буржуазно-националистического освещения истории Алборов предпочел оговорочки, являющиеся по своему существу новой попыткой усыпить бдительность и отстоять старые позиции.

«Видите ли, – продолжает Алборов, – я выступил не против латинского алфавита, а против методов (!) защиты этого алфавита со стороны некоторых научных работников».

И здесь, вместо прямой критики своих ошибок одни лишь «оговорочки».

Алборов, как видите, не только не исправляет своих ошибок, а, наоборот, их углубляет.

Это становится особенно ясным, если иметь в виду последнее выступление Алборова на собрании научных работников, где он с развязанностью утверждает, что «научных работни-

ков запугивают, что поэтому мы имеем деградацию научно-исследовательской работы».

Этой троцкистской клеветой на партию, несовместимой с пребыванием в партии, профессор Алборов замыкает круг своих антипартийных, буржуазно-националистических ошибок, и чего стоят жалобы проф. Алборова на то, что ему напоминают о его старых ошибках, если он всякий раз об этих ошибках напоминает повторением ошибок и делая новые ошибки.

## К ЧЕМУ ОБЯЗЫВАЕТ ПИСЬМО ТОВ. СТАЛИНА?

Являясь образцом большевистской постановки теории, истории большевизма, письмо тов. Сталина мобилизует всю партию на усиление классовой бдительности и на фронте истории большевизма и во всей революционной практике социалистического строительства.

Именно благодаря гнилому либерализму, притуплению классовой бдительности некоторых коммунистов, контрреволюционные троцкистские контрабандисты могли использовать большевистский журнал для дискуссионной постановки бесспорных вопросов большевизма.

Именно благодаря гнилому либерализму некоторых коммунистов могли подвизаться контрреволюционные троцкистские буржуазно-националистические и великодержавные теории на фронте истории горских народов.

Путь повышения классовой бдительности всей партийной организации как из фронта теории, так и во всей практике социалистического строительства лежит через беспощадную борьбу с гнилым либерализмом. В свете этого совершенно недостаточными являются признания своих собственных ошибок докладчиком на настоящем собрании.

Свое воздержание по поводу решений бюро партколлектива об Алборове он квалифицировал партийной бестактностью. Правильней было бы сказать, то это воздержание является не партийной бестактностью, а самым ярким проявлением гнилого либерализма.

Беспощадная борьба с гнилым либерализмом является составной

частью, решающим условием в борьбе против фальсификации истории нашей партии и революции в нацобластях.

Задача заключается в том, чтобы обеспечить систематическую борьбу с антибольшевистскими извращениями и троцкистской клеветой на партию на всем теоретическом фронте, на фронте истории большевизма и в той конкретной обстановке, в которой мы работаем, на фронте истории горских народов.

Надо в кратчайший срок подвергнуть тщательной проверке преподавание и программы в вузах и техникумах, подвергнуть эти программы беспощадной большевистской критике, очищая их от троцкистского буржуазно-националистического хлама.

К этой работе мы уже приступили.

Созданная при горкоме партии комиссия при участии партийных организаций вузов должна не только пересмотреть все труды по истории горских народов с тем, чтобы разоблачить и изъять вредные, враждебные партии, рабочему классу теории.

Письмо тов. Сталина необходимо широко проработать по всей партийной организации, по всей сети партпросвещения с тем, чтобы не осталось ни одного члена партии, комсомольца, ударника, которые не знали бы задач, стоящих перед нами в связи с письмом тов. Сталина как в теории, так и на практике соцстроительства с тем, чтобы «поднять вопросы истории большевизма на должную высоту, поставить дело изучения истории нашей партии на научные большевистские рельсы, заострить внимание против троцкистских и всяких иных фальсификаторов в истории нашей партии, систематически срывая с них маски» (Сталин).

Вот к чему обязывает нас, товарищи, письмо тов. Сталина.

*Газета «Власть Труда». 3 января 1932 г., №3*

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

## МАМСЫРАТЫ ДÆБЕ

*(1907–1966)*

*Ирон литературæйы цæджындзтæн сæ ахъаззагдæртæй иу у Мамсыраты Хабийы фырт Дæбе. Куыд адæймаг, ирон лæг, афтæ дæр фæрнæйдзаг у: дзырдхæссæн æмæ æнæ уæлдай ракæ-бакæйæ адæмы цæгъдæн азты йæ ном фæчъизийæ бахъахъхъæдта.*

*Дæбе райгуырд Быдыры Дæргъæвсы, æрмæст нырмæ йæ райгуырды аз бæстонгонд нæу – чи йæ 1909 азæй амоны, чи та 1907 азæй. Йæ фырт Æхсары ныхæстæм гæсгæ растдæр у 1907.*

*Æрыдоны семинары мæгуыр сывæллæттæн цы пансионат уыд, Дæбейы уырдæм 1919 азы радтой æмæ дзы фæцис, цалынмæ йæ ног хицаудзинад нæ сæхгæдта, уæдмæ – 1921 азмæ. Лæппу цасдæр рæстæг кодта хæдзары куыстытæ, стæй сæхи хъæууон скъоламæ бацыд æмæ дзы авд къласы куы фæцис, уæд сси Дзæуджыхъæуы педагогон техникумы ахуырдзау. 1930 азы уырдыгæй ахуыргæнæджы дипломимæ рацыд æмæ кусын райдыдта Заманхъулы скъолайы.*

*Уыцы иу рæстæг фæсауыонмæ ахуыр кодта Ростовы педагогон институты литературон факультеты. Дыууæ курсы фæстæ аивта Ленинградмæ – философи æмæ литературæйы институтмæ. Фæлæ та йæ æххæстæй каст нæ фæцис: фенæфæразгæ, æмæ йæ йæ ахуыр ныууадзын бахъуыд, сыздæхт Ирыстонмæ. Куыста алы редакциты – газетты, журналты, уыимæ «Мах дуджы» дæр. Уыди Фысджыты цæдисы сæрдар.*

*Дæбе амард 1966 азы 21 августы.*

*Йæ уацмыстæ хицæн чингуытæй дæр æмæ æмбырдгæндтæй дæр къорд хатты рацыдысты мыхуыры, суанг ма 6 томæй дæр – 1965–1971 азты.*

## АУУОН

Сауаты Гæбил къаннæг лæг у. Бакæс ын йæ гуырыкондмæ, йæ цæсгоммæ, уæд се ‘ппæтыл дæр бæрæг дарынц гæдыдзинады, тæнзæрдæйы, фæлывды нысæнттæ. Схъæл рихитæм æмæ цыргъ боцъомæ кæсгæйæ æдзухдæр зыны, цыма, сæ астæу цы чысыл дзых ис, уый ныртæккæ фегом уыдзæн æмæ, лæгъстиаджы

фæлывд мидбылты худгæйæ, æфсæрмхуызæй, сдзурдзæн:

– Ай-гъай, дæ ныхас тынг раст у. Мæ хъуыранæй дын ард хæрын, дæ хуызæн лæг ацы зæххыл нæма æрлæууыдис.

Зæрдæбынæй никуы бахудт, афтæмæй былтæ æппынæдзухæй кæнынц худгæ, æрттивынц гыццыл цъæх, цыргъ цæстытæ.

Ныртæккæ рацыд бригадæй. Цæуы сындæггай. Кæсы бынмæ йæ ауунмæ. Йæ сæры гуыры цыдæр хъуыдытæ. Фæнды йæ ныхас кæнын, фæлæ йæ хъуыдытæн нæй искæмæн радзурæн.

– А-а-а! Байриай, мæ хæлар! – фæхъæр ласта æвиппайды йæ ауунмæ.– Мæ фæдыл цæуыс? Æниу ма ма рацу! Зын дын у мæ фæдыл цæуын? Мæнæн дæр зын уыдис... фæлæ гæнæн нæй. Æз дын мæ таурæгътæ куы ракæнин, уæд дæм зын нал фæкæсид дæ цард. Ды мæныл баст дæ æмæ æз куыд кæнон, афтæ кæн. Кæсыс, æз систон мæ къух, ды дæр æй систай. Æз акъæдз кæндзынæн мæхи, ды дæр дæхи акъæдз кæндзынæ. Æз мæ сæрæй æркувдзынæн, ды дæр дæ сæрæй æркувдзынæ... Уыныс? Кæй бар дыл цæуы, уый фæндон æххæст кæнын хъæуы. Уый раз хъуамæ дæхимæ мацы фæндон уа.

Уæдæ, куы ма дын зæгъын, дæуæй мæнæн зындæр уыдис. Ды, æз цы кæнын, уый кæныс, æмæ дыл дзы рæдыд не ʻрцæудзæн. Фæлæ мæныл рæдыд арæх цыд.

Æз раджы иу булкъонмæ, Лабунец, зæгъгæ, фæсдзæуинæй куыстон. Архайдтон ын йæ фæндон æххæст кæныныл, йæ зæрдæ æлхæныныл. Уæдæ? Гæнæн нæ уыд.

Иу хатт æрбацыд æмæ мæ фæрсы:

– Гаврил Хæмицович... (Гаврил Хæмицович мæ хуыдта, уый дæ зæрдыл дар æмæ йæ ʻмбардзынæ, цас аргъ мын кодта, уый).

Гаврил Хæмицович (æз ныртæккæ куыд зæгъын, афтæ), куыд сыл дæм кæсы Лизæ Петровнæ?

Æз зыдтон, уыцы сылгоймаджы бирæ кæй уарзта, уый æмæ йын æй куыд хъуамæ рафаудтаин? Рафау ын æй æмæ дæ хæдзар сарæзтай.

– Мæ хъуыраныстæн, зæгъын, уый хуызæн сылгоймаг зæххыл нæма æрлæууыдис.

– Ницы, зæгъы, æмбарыс, – сæрхъæн дæ!

– Æнæмæнг, зæгъын, сæрхъæн дæн, дæ бæрзонддзинад.

Сæрхъæн бæргæ нæ дæн, дæхæдæг куыд зоныс, афтæ, фæлæ «сæрхъæн нæ дæн» зæгъ æмæ дæ хæдзар сарæзтай.

– Уый цъаммар æмæ æдзæсгом куы у.

Зыдта, йæ ныхæстыл æмæ йæ хъуыдытыл разы кæй вæййын, уый æмæ мæ цыма къахгæ кодта, цæмæй Лизæйæн æцæг аргъ скæнон, афтæ мæм фæкаст, æмæ та загътон:

– Нæ, нæ, дæ бæрзонддзинад, Лизæ Петровнæ иттæг хорз адæймаг у.

– Æвзæр, сæрхъæн! – зæгъы уæд булкъон. – Ницы æмбарыс!

– Æнæмæнг, дæ бæрзонддзинад, сæрхъæн æмæ æвзæр дæн, ницы æмбарын, фæлæ уыцы ныхас зæрдæйæ зæгъын.

– Уæдæ йæ дæ зæрдыл дар, уый цъаммар сыл у.

– Нæу, зæгъын, дæ бæрзонддзинад.

– Куыд нæу? Æз æм чысыл февнæлдтон, уый мын мæ уадул ныггæрах ласта.

Гъе уæд бамбæрстон, тынг кæй фæрæдыдтæн, уый. Æцæг ын «æвзæр» зæгъын хъуыд, æз та йын «хорз» дзырдтон. Ахæм зынтæ, мæ хур, гъе. Цы зæгъынмæ хъавы булкъон, хæйрæг æй базонæд. Зонын та йæ хъæуы, раст дзуапп ын цæмæй раттай, уый тыххæй.

Стыр рæдыд фæкодтон уæд. Фæлæ мæ амонд уыд æмæ Лизæйæ кæй загътон, уыдон мæхи хъуыдытæ сты, ууыл нæ баууæндыд, æндæр тынг æвзæр уыдаид мæ хъуыддаг.

Мæ рæдыд мæ исты амалæй сраст кæнын хъуыд. Дзурын дæр ма чи уæндыд, фæлæ лæджы цæсгом фидар у.

– Бахатыр, – зæгъын, – кæн, дæ бæрзонддзинад. Æз, уарзгæ йæ кæй кодтай, уый тыххæй...

– Æз уый никуы уарзтон, стæй уарзгæ дæр никуы бакæндзынæн ахæмты...

Уайтагъд та бамбæрстон, кæй та фæрæдыдтæн, уыцы ныхас зæгъын кæй нæ хъуыд, уый...

– Æз, – зæгъын, – никуы фæдызæрдыг дæн, ды йæ уарзгæ кæй нæ кодтай, ууыл, фæлæ йæ уæддæр спайда кæнынмæ хъавыдтæ, æмæ йæ уый тыххæй...

– Спайда кæнынмæ дæр æй нæ хъавыдтæн, æз ахæм æлгъæгтæй нæ фæпайда кæнын, – зæгъы булкъон, йæхæдæг мæтæй цæхæртæ калы. Адæймагæн йæ хицауы маст цас стырдæр кæна, уый бæрц йæхæдæг та хъуамæ къаддæр кæна.

– Пайда кæнынмæ дæр æй нæ хъавыдтæ, фæлæ... – фæлæ ма дарддæр цы æфсон акодтаин? Дæ бонæй уай, ды ахæм зындзинады никуы бахаудтæ! Мæ разæй цæуыс, æмæ æз цы кæнын, уый кæныс, æндæр дæ цы мæт ис! Фæлæ та мæ цыргъ зонд

фæцарæхст. Цы йын загътон дæумæ гæсгæ? Дæуæн дæ дунейыл дæр ахæм дзуапп дæ сæрмæ не 'рцæуид, фæлæ та йæ мæ цыргъ зонд ацахста:

– Бахатыр, –зæгъын, – кæн, дæ бæрзонддзинад, мæн базонын фæндыдис, уарзыс æй æви нæ, уый. Кæд æй уарзыс, уæд ма дын æй чи æнад кæны? Фæлæ йæ нæ уарзыс, уый кæм базыдтон, уым дын æцæг мæ хъуыды зæгъын (ныр мæ хицау мæ цуры кæм лæууыдис, уым мæм кæцæй хъуамæ æрцыдаид мæхи хъуыды, фæлæ уæддæр). О, æмæ дын, зæгъын, мæ хъуыды зæгъон. Мæнмæ гæсгæйæ, уый цъаммар æмæ æнаккаг адæймаг у. Мæнæн дзы, – зæгъын, – мæ цæстытæ дæр рисгæ кæнынц.

– Маладец! – фæхъæр ласта булкъон (ныртæккæ æз куыд зæгъын, афтæ). – Гаврил Хæмицович, нырæй растдæр никуы загътай! Цæугæ ныр æмæ искуы баулæф.

Æз рацыдтæн. Дуар рахгæдтон. Мæхæдæг хъусын дуары дæгъæлы хуынкъæй. Хъусын æмæ мæ булкъон кæуы.

– Æз, зæгъы, мæхи дæр амардзынæн, уæддæр æнæ уый ракургæ нæ фæцæрдзынæн. Нæ бафæраздзынæн цæрын æнæ уыцы сау цæстытæ, къæлæт æрфгуытæ, хъуымбыл дзыккутæ, урс дæллагхъуыртæ, æлвæст астæу.

Уыныс, йæхи хъуыдытæ дæр алыхуызæттæ уыдысты, æмæ ацу, ды рагацау базон, йæ зæрдæйы цы ис, уый. Куы нæ сæ базонай æмæ йæ цы фæнды, уый куы нæ зæгъай, уæд та дæ хæдзар сарæзтай.

Афтæ цардтæн æз хицæуттимæ æмæ мын бирæ аргъ дæр уымæн кодтой. Дæ зæрдыл дар, «Гаврил Хæмицовичæй» мæм дзырдтой, æмæ уæд æмбардзынæ, цы кад мын уыдис се 'хсæн, уый.

Æз ныр дæр афтæ кæнын. Хицау уæд, æмæ цыфæнды дæр фæуæд. Мæ хъуыранæй дын ард хæрын, цы булкъоны кой кæнын, уый сæры мæ зæвæты бæрц зонд нæ уыд. Фæлæ зондæй нæу хъуыддаг. Мæнæ нæ колхозы сæрдар, мæ хъуыраныстæн, уыцы булкъонæй мин хатты зонддæр у. Гъемæ мæ хицау у æмæ йын козбау ныхас кæнын хъæуы. Хицау нæ уæвгæйæ, уæд æм мæ сæрмæ дзурын дæр не 'рхæссин. Хуыцау æй зонды дæгъæл фестын кæнæд, уæддæр раджы æгад хæдзар уыдысты, æз та цæрæг хæдзарæй уыдтæн... Фæлæ йын козбау куы кæной, уæд æй не 'мбары. Æфхæрд та бынтондæр не 'мбары.

Æмæ, мæ хъуыраныстæн, хицаухуыз дæр нæу. Æмбырды йæ

ныхмæ радзурынц, алывыд ын фæкалынц. Æз æнхъæл вæййын, ныртæккæ сæ ехсæй нæмын райдайдзæн, зæгъгæ. Уый рацæуы æмæ сабырæй фæзæгъы:

«Æмбæлттæ раст дзурынц, æцæг нæм уыцы хъæнтæ ис æмæ сæ фесафын хъæуы».

Уæуу, ард дæ хæдзары бацæуа, кæд куыд раст дзурынц, дæ ныхмæ куы цæуынц, уæд! Уæдæ ма мæ булкъонæн загътаис, раст нæ дæ, зæгъгæ. Уый дын раст æмæ зылын цы у, уый фенын кодтаид.

– О, æмæ дæуæй зæгъын. Ды мæ ауuон дæ, æмæ хъуамæ мæ фæндтæ æххæст кæнай. Æз мæ хицауы ауuон дæн, æмæ æз хъуамæ уый фæндон æххæст кæнон, уый та йæ хицауы ауuон у æмæ уый фæндон æххæст кæна. Æз цард афтæ æмбæрстон æмæ йæ афтæ æмбарын.

– Дæ фæндаг раст, Гæбил! – фехъуыст æм æвиппайды.

Фæстæмæ дæр нæма фæкаст, афтæ та йæ лæгъстиаджы фæлывд мидбылты худт бакодта Гæбил æмæ дзуапп радта:

– Арфæгонд у, мæ хæдзар. – Уалынмæ йæ фæстæ цæуæджы ауыдта. Уый уыдис колхозы сæрдар Сандыр.

– Кæимæ дзурыс, кæ, Гæбил, иунæг куы дæ?

– Мæхиимæ ныхас кæнын... Дæуæй æппæлын мæхицæн. Мæ хъуыраныстæн, –зæгъын, – мах хицауы хуызæн лæг ацы зæххыл нæма æрлæууыдис.

– Æнхъæлдæн, æмæ та дæ ауuонимæ ныхас кæныс? Ныр ауuæттимæ ныхас кæнæн рæстæг нал у. Уый раджы кæддæр уыдис.

– Æмæ мын мæ ныхæстæ... Дæуæй æвзæрæй куы ницы загътон, – фæсырх Гæбил æмæ тæссæй ризæгау скодта.

# ХЪÆНДИЛ

## I

Зæронд тымбыл фынджы раз ирон ныллæг бандоныл бады ацæргæ лæг æмæ хæры æхсыры сæндæг. Ома сæм стъол нæй? Ис, фæлæ лæг ныллæг фынгыл бадын сахуыр рагæй. Уидыджы дзаг сисы сæндæг, сындæггай йæ йæ дзыхмæ схæссы, зæрдиагæй йæ адджын хуыпп скæны, уидыджы уæлæ цы кæрдзыны муртæ аззайы, уыдон йе 'взагæй дзыхмæ æрбасæрфы æмæ æууилгæ-

æууилын йæ хъуынджын фындзы сым-сым ссæуы. Алы хуыппы фæстæ дæр йæ даргъ рихитæ адауы, æхсырæй сыл цы æртæхтæ аззайы, уыдон райсыны тыххæй, къух ссæрфы фæсмын зæнгойыл æмæ та бавналы дыккаг хуыпп кæнынмæ. Кæд рихитæ къухæй дауынмæ фæзивæг кæны, уæд сæ йе 'взагæй дзыхмæ басæрфы æмæ сæ адджын стæрд акæны.

Хæрыныл афтæ архайы, æмæ йæ, æвæццæгæн, ферох, йæ алыварс цытæ цæуы, уый дæр.

Йæ ус саулагъз, къæсхуыр, тæнтъихæг, фæлæ фидар сылгоймаг, фæсдуар æхсы дзаумæттæ æмæ цыма йæхиимæ дзуры, афтæ зæгъы:

– Цы хуыцау мын фæкодта мæ хай ацы æмбыд къодахы? Ацы хæдзармæ æрцæуынæй фæстæмæ йæ ме 'ккой хæссын... Лæгау искуыдæм нæ ауайдзæн, ницы ацамал кæндзæн. Акæсма адæмы лæгтæм. Чи дзы хъæдгуыст кæны, чи быдыры кусы, чи фыййау цæуы. Кусынц æмæ сæ хæдзæрттæ мыды къусчыты хуызæн сты.

Лæг бады æнцад. Æнувыдæй хæры æмæ, зын равзарæн у, йе 'фсины ныхæстæ хъусы æви нæ, уый, уымæн æмæ нæдæр йæ цæстæнгасыл, нæдæр йæ цæсгомы æнгасыл исты зыны. Хъусгæ кæны ныхæстæ, уымæн æмæ сæ сылгоймаг хъæрæй дзуры, фæлæ сыл рагæй ахуыр у æмæ, цыма, йæ хæринагæн æнæмæнг чи хъæуы, ахæм ахуыйæн сты, афтæ йæм кæсы.

– Æз, – дзуры ус, – бон-изæрмæ æнцой нæ зонын. Фарон цыппар фондзыссæдз фæллойбоны бакуыстон. Цы æфтиаг мæм сæ æрбахаудта, уыдон алцæйы фаг дæр уыдаиккой. Фæлæ мæнæн мæ хæдзары кæфхъуындар бады æмæ сæ æнæрынцойæ æмпулы. Æз та мæ къæбайы хæррæгъ цæмæй аивон, уый дæр мын нæй.

– Иу чысыл ма мын æхсыр куы авæрис, кæннод къусы къæбæртæ йеддæмæ ницыуал ис æмæ хусæй хъуыры нæ цæуынц, – зæгъы лæг, цыма ус цытæ фæдзырдта, уыдон уымæ нæ хаудтой, афтæ, йæ русы къуымтæ йе 'взагæй æрбасæрфтытæ кодта æмæ йæ худы бынты йе 'фсинмæ æнцад бакаст.

Ус йæ хæцынæй нæ лæуууыд, афтæмæй айста къус, байдзаг æй кодта æхсырæй æмæ йын æй фæстæмæ йæ разы æрæвæрдта. Лæг æм ныккаст, сызмæста йæ уидыгæй æмæ бафиппайдта:

– Æгæр æй байдзаг кодтай. Æз дын чысыл куы загътон.

– Бацым. Кæд дзы де 'взæр ахсæн атъæпп ласид æмæ дæ искуы фервæзин, – йæ уайдзæф æм баппæрста ус.

– Ӕмæ ма мын уæд æххæст иу чысыл кæрдзын дæр авæр, æндæр дын афтид æхсырæй мæ тъæнгтæ æхсын, – бустæгæнгæйæ куры лæг.

## II

Уый уыдис Бердаты Хъæндил. Ахæм æвзæр ном ыл бæргæ нæ сæвæрдтой мад æмæ фыд, дунемæ куы фæзынд æмæ йе 'ппæт миниуджытæм гæсгæ дæр нæлгоймаг кæй у æмæ йæ нæлгоймаджы ном кæй хъæуы, адæмæн уый куы базонын кодта, уæд.

Адæм ном æвæрынмæ куы æрæмбырд сты, уæд дзы куыд нæ уыдаид хорз нæмттæ! Фæлæ йын мад æмæ фыд агуырдтой исты стыр ном, зонд дæр кæм уыдаид, хъæбатырдзинад дæр, ныфс дæр æмæ кад дæр, ахæм ном. Нæмттæй æппындæр чи нæ бæззыд, уыдон куы аппæрстой номæвæрджытæ, уæд ма дзы баззадысты Ӕхсарбег, Батыр, Чермен, Бола, Къоста, Таймураз æмæ Ос-Бæгъатыр. Уыцы нæмттæй иу равзарын фæзын, æмæ йыл бахъуыд фыдæбон кæнын. Бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ, кæд ма номæвæрджытæ дызæрдыг кодтой, уæддæр æвзæрст æрцыд «Чермен». Уайсахат ног адæймаг, фидæны стыр номдзыд лæг Чермены тыххæй фæзындысты гаджидæуттæ. Алчидæр уыцы сидт нуазгæйæ ноггуырды ном дзырдта хъæрдæрæй, цæмæй йæ куывды badджытæ сæ зæрдыл тынгдæр бадарой.

Фæлæ кæд ныййарджытæ дæр æмæ номæвæрджытæ дæр цыфæнды архайд кодтой, уæддæр фесæфт ном. Ӕмæ «Чермен» номæй никуы ничиуал рахуыдта, абон Хъæндил кæй хонынц, уыцы лæджы. Кæддæр чидæр цæмæндæр лæппуйы «хъæндил» рахуыдта æмæ уæдæй фæстæмæ баззад Хъæндилæй. Фыд мæсты кодта, æлгъыста, сабимæ уыцы номæй чи дзырдта, уыдон. Лæппу куы фæхъомыл, уæд йæхæдæг дæр мæсты кæнын райдыдта, Хъæндилæй йæм чи дзырдта, уыдонмæ, нæмынмæ дæр-иу сæ рахъавыд, фæлæ-иу йæхæдæг нады фæци æмæ сæ уæд ныхъхъуытты уагъта.

Ныййарджытæ æрсабыр сты æмæ йæ фæстагмæ сæхæдæг дæр «Хъæндил» хонын райдыдтой.

Ӕмæ йæ мад æмæ фыд хонæнт, фæлæ йын-иу йæхи куы фарстой, дæ ном цы хуыйны, зæгъгæ, уæд йæхæдæг дæр йæхи Хъæндил хуыдта.

## III

Хорз уавæрты ацыдысты лæппуйæн йæ сывæллоны бонтæ. Йæ фыд уыдис дзæбæх цæрæг. Æмæ йæ иунæг хъæбул Хъæндилыл дардта йе 'ппæт ныфс, ууыл баст уыдис йе 'ппæт уарзондзинад дæр. Цыма йæ фырт куы амæлид, уæд цард æппындæр нал уаид, афтæ йæм каст. Тарстис ын алцæмæй дæр æмæ йæ тынг хъахъхъæдта. Куыстмæ кæнæ-иу æндæр искуыдæм куы цыдис, уæд усæн карзæй фæдзæхста:

– Дæ цæст æм дар æмæ йæ хъазынмæ макуыдæм ауадз. Кæннод фæкæлын дæр зоны æмæ йæхи ныццæвдзæн кæнæ йæ исчи асхойдзæн, сывæллæттæ фыдуаг сты.

Лæппуйы фæндыдис ауайын, йе 'мгæрттимæ ахъазын, бæлæстæм хилын, къæдзæхтыл бырын, хи найын.

– Нана, хъæдмæ ацæуон?

– Нæ, мæ бон, нæ. Искуыцæй рахаудзынæ æмæ æнæ бындарæй баззайдзыстæм. Дæлæ, мæгуыр, Госæда афтæмæй нæ бабын.

– Нана, лæппутæ æрыскъæфтæм цæуынц...

– Дæуæн цæуæн нæй, дæ фæхъхъау фæуон. Искуы къæдзæхæй рахаудзынæ. Фарон, дам, иу ламардойнаг усæн, авд азы сидзæргæсæй кæмæн фæбадт, уыцы лæппу, æрыскъæфты фæдыл зилгæйæ, къæдзæхæй рахауд æмæ, дам, ын йе стджытæ дæр нал ссардтой.

– Нана, лæппутæ сæхи найынмæ цæуынц...

– Мæхæдæг дæ анайдзынæн, дæ фæхъхъау фæуон. Донмæдын цæуæн нæй. Уыйæндæраз Гæблийы замманай лæппуйы дон аласта. Æрмæст ын мæйы фæстæ ссардтой йе стæгдар дæлæ комы дымæджы.

Ахæм дзуапп лæвæрдтой алы хатт дæр сабийæн йæ уарзон ныййарджытæ. Лæппу фыццаг мæсты кодта, тыхстис, сфыдхуыз. Фæлæ куыдфæстæмæ сахуыр йæ уавæртыл. Уый ма ницы, фæлæ йæхæдæг дæр тæрсын байдыдта, йæ алы къахдзæфы бынæй дæр æм мæлæт куы скæса, уымæй.

Хур æй никуы басыгъта, йæ фындзы туг никуы рацыд, йæ къахы сындз никуы бауад. Йæ буарыл иунæг нос дæр нæма уыд, афтæмæй лæппуйыл рацыд ссæдз азы. Уыдис æнæмæт æмæ хъæлдзæг. Фæлæ уый фæстæ, Хъæндил йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй «хуыцауы афтæ бафæндыд, æмæ йын йæ дзæбæх цард айста».

Иу сæрдыгон изæр йæ фыд куыстæй æрцыд нæфæразгæйæ. Куыд дзырдта, афтæмæй йæ буар иууылдæр рыстис æмæ æмпылд. Дыккаг бон хуыссæнæй нал сыстад. Æртыккаг бон изæрæй сæнттæ цæгъдын байдыдта. Бадзырдтой йын дæснымæ. Уый бирæ фæхъуыр-хъуыр кодта рынчыны уæлхъус, фæзæмбыдис, йæ сæрмæ йын æртæ зылды æркодта мысайнаг æмæ загъта:

– Рыны бардуаджы аххос ын у, æмæ тынг зæрдиагæй скувын хъæуы уыцы мæстыгæр зæдæн.

Хъæндилы мад ма тагъд-тагъд куывд бæргæ бацæттæ кодта, фæлæ йæхæдæг дæр æрхуыссыд. Лæппу бадтис дыууæ рынчыны æхсæн. Йæ зæрдæ уыдис æнтъыснæг. Мад æмæ фыд сæнттæ цæгъдын куы байдыдтой, уæд æм куыддæр фæкаст, æмæ кæлкæлæй худын байдыдта.

Уый фæстæ бон фыд бынтондæр йæхи ауагъта æмæ уæд кæйдæрты уынаффæмæ гæсгæ, Хъæндил фæсхъæумæ расыггæнаг ферсылмæ ацыдис. Цалынмæ ферсыл рынчынмæ хæццæ кодта, уæдмæ йæ, йæхæдæг-иу куыд дзырдта, афтæмæй галтæ æмæ дзæбидыртæ сæ сыкъатæй фæхостой, ома, хуымæтæджы æвзагæй дзургæйæ, цалдæр галы æмæ дзæбидыры сыкъайы анызта арахъхъы фыццагæй æмæ йæ къахыл дæр дзæбæх нал лæууыд. Ферсыл рынчыны цонджы нарæгыл ныххæцыд тугдадзины ахаст базоныны тыххæй, йæхинымæр та хъуыды кодта: «Цымæ йыл цы хæцын, мæ къухы бын вулкан куы змæлид, уæддæр æй куы нæ базонин, уæд?» Йæ расыг цæстытæй æдзынæг каст рынчыны цæсгоммæ, æрмæст-иу изгард куы схаста, уæд йæ цæсгом фыдуынд æнцъылдтæ аци, æндæр змæлгæ кæны, уый зын раиртасæн уыдис. Бирæ раххе-баххейы фæстæ ферсыл загъта:

– Рынчын у, ныхас дæр ыл нæй, – æмæ дзы уыцы дзырдтæ афтæ сирвæзтысты, цыма рынчынфæрсджытæ æппындæр кæй нæма зонынц, ахæм хабар сын хъусын кодта.

– Рынчын у, уый æнæ дæу æххуысæй дæр зонын, – бафиппайдта Хъæндил, – фæлæ йын цы хос ис, стæй йæ низы хатт цы у?

– Хос уымæ, – ацамыдта ферсыл арвы ‘рдæм. – Йæ низы хаттæй мæ куы фæрсай, уæд та дын æргом зæгъдзынæн, зонын, дæ зæрдæ кæй фæрисдзæн, уый, фæлæ гæды дзурын мæ бон нæу, йæ хъуыддаг æвзæр у, æмæ кæд фервæза, уæд ын ницы уыдзæн.

Ферсыл цалынмæ ахæм «зондджын» ныхæстæ кодта, уæдмæ рынчын йæ къухтæ фæйнæрдæм аппæрста, ферттывтой ма иу

хатт цæстыты урсытæ, стæй ма дзых фæхæлиу кодта фæстаг хатт.

– Нæ загътон, йæ низы хатт æвзæр у, зæгъгæ, – фæхъæр ласта ферсыл цинхуызæй, фæлæ йæм рынчынфæрсджытæй чидæр куы фæдзагъул кодта, уæд йæхи иуварс айста, афтæ мæстыйæ йæм цæмæн ракаст, ууыл дисы бацæугæйæ.

Уыцы æхсæв амард мад дæр. Æвиппайды Хъæндил ахæм стыр бæллæхы бахаудта, æмæ цы кодтаид, уымæн ницы зыдта. Фыццаг кæуынмæ дæр нæ хъавыд, фæлæ йæ алыварс адæм куы богъ-богъ кодтой, кæртæй кæйдæр марой куы æрбайхъуыст, «у-у-у, нæ хæдзар фехæлд», зæгъгæ (уый уыдис йæ мады æфсымæр), уæд Хъæндил бамбæрста: æвæццæгæн, афтæ кæуын хъæуы, æмæ æвиппайды уый дæр райдыдта: – «Уæдæ мæ хæдзар дæр куы фехæлд!!!» Ноджы уыцы нæхæстæ загъта хъæрæй, адæм æй иууылдæр куыд фехъуыстаиккой, афтæ. Фæлæ кæуын æнæниздзинадæн æвзæр кæй у (Биганоныл йæ мойы зианы фæстæ кæуынæй бахæцыд чехоткæ æмæ уымæй амардис), уый йæ зæрдыл куы æрбалæууыд, уæд фенцад.

Мад æмæ фыды баныгæдтой. Хæдзар баззад Хъæндилы æвджид, йе та, растдæр зæгъгæйæ, Хъæндил баззад афтид хæдзары æвджид.

## IV

Хъæндил цардис æнæмæтæй. Йе стырдæр хъуыдытæ баст уыдысты мæлæтæй хи аирвæзын кæныныл. Тынг тарстис йæ зынгæн бахуыссынæй. Чырыны мардæй куыд хуысдзæн, ингæнмæ йæ куыд ауадздзысты, уыдæттæ-иу йæ цæстытыл куы ауадысты, уæд-иу йæ зæрдæ йæхи къултыл бахоста. «Æмæ уæд дунейы цæрджыты æхсæн нал уыдзынæн æз?» – загъта-иу хинымæры æмæ-иу йæ цæстытæ бауымæл сты.

Хæстæджыты фæндонæй Хъæндилæн ус æрхастой. Науæд йæ бынтæ бахордтаид æмæ йын йæ чызджы ничиуал раттаид.

Йе 'фсин куыста, Хъæндил бадтис æмæ хордта. Йæ биной-наджы-иу фæндыдис, лæг ын хæдзары мидæг истæмæ куы фæкæсид. Æмæ-иу ын бакой кодта. Иухатт та йын афтæ зæгъы:

– Хъæдæй ма суджы къæцæлтæ æрлас æмæ уазалæй ма мæлæм.

– Æмæ куыд æрласон? Уæд та мыл бæлас ракалд, йе мыл уæрдон афæлдæхт, науæд мæ къах алыг кодтон.

– Уæдæ æнæ сугæй дæр куыд цæрдзыстæм?

– Дæхæдæг исты амал акæн. Зын куыст нæу. Бæх ифтындзынмæ дæм æз дæр фæкæсдзынæн.

– Æмæ уæд мæнæн тас нæу?

– Ды æндæр хъуыддаг дæ... Фæлæ нæлгоймаг хæдзары астæуккаг цæджындз у...

Иу хатт ус афæнд кодта искæдæм исты аласын, кæд сæ апайда чындæуид, уæлæйы дарæстæ, æндæртæ алхæныны фаг уаиккой. Иу бон йæ мойæн загъта:

– Картоф дын голджыты авгæнон, кæд сæ Мæздæгмæ ныддавдзынæ æмæ сæ ауæй кæндзынæ, уæд.

– Куыд? Æз сæ ныддавон? Æмæ фæндæгтыл абырæгæй ацæуæн куы нæ ис! Дзæгъæл хъуыды у уый, ницы дзы рауайдзæн!

Куыдфæстæмæ ус йæ мойы базыдта. Нал ыл дардта æххуысæй йæ зæрдæ æмæ йæ ныууагъта. Мæхи дзы байсон, зæгъгæ, дæр рахъавыд, фæлæ сидзæр, æвæгæсæг чызг цы фæуыдаид? Йæ карз фыды æфсымæртæм æй фæстæмæ йæ къах нал хаста.

## V

Ивгъуыдтой бонтæ Хъæндилыл уыцы иухуызонæй: хордта, кæд амæлдзæн, ууыл хъуыды кодта, стæй ма-иу хаттæй-хатт ныхасы дæр абадтис... Йæ алыварс цытæ цæуы, уыдонæй хорз зыдта æрмæстдæр уый, æмæ хъæуы хист, куывд, кæнæ чындзæхсæв кæмæ ис, кæнæ тагъд рæстæджы кæмæ уыдзæн.

Революцийы рæстæджы йæм чысыл цыдæртæ бахъардта. Бамбæрста, цавæрдæр большевиччытæ æмæ кадеттæ цæуылдæр кæй хæцынц, стæй кадеттæ большевиччытæй æвзæрдæр кæй сты. Уый та мæнæ афтæмæй бамбæрста.

Цæвиттоны хъуыддагæй, Хъæндилæн рон нал уыдис. Йæ ус ын кæцæйдæр ссардта пулеметы ленты скъуыддзаг æмæ йын дзы рон скодта. Уый уыдис камарийы хуызæн. Хъæндил æй тынг нæ бауарзта, фæлæ йæ уæддæр дардта.

Иу изæр хъæумæ кадеттæ бырсын байдыдтой. Фыццаг гæрæхтæ куы фæцыдисты, уæд Хъæндил, йæ цард-цæрæнбонты дæр куыд никуы азгъордта, афтæ тагъд разгъордта хæдзарæй æмæ уæрммæ ныттылдис. Дыккаг бонмæ фæбадтис уым тæрсгæризгæйæ. Уалынмæ ныхъхъуыст ныхас:

– Басгарут ацы уæрм дæр.

Уыцы рæстæг уырдæм ныггæпп кодта иу салдат, йæ наган йæ къухы, афтæмæй. Къуымы лæг хуысгæ куы ауыдта, уæд дзы æфсæддон йæхæдæг дæр фæтарст. Йæхи къулмæ балхъывта, наган Хъæндилмæ фæдардта æмæ йыл фæхъæр ласта:

– Дæ къухтæ хæрдмæ сдар, змæлгæ дæр ма фæкæн.

– Фæлæуу... фæлæуу... ма мæ амар, дæ фыды мæрдтыстæн... – сбогъ-богъ кодта Хъæндил.

Нал æй ныццавта, фæлæ йæ уæрмæй сластой. Кадетты афицер ын йæ ронмæ лыстæг бакаст æмæ загъта:

– Ай-гъай! Ай хорз кæф куы у! Ракæнут-ма йæ.

Чысыл фæстæдæр Хъæндил бадтис сæрмагонд уаты хицауимæ.

– Дæ пулемет кæм ис? – бафарста йæ афицер.

– Цæй пулемет, мæ хуры чысыл? – дзуапп радта Хъæндил. – Æз мæ цард-цæрæнбонты мæ къухмæ хус гилдз дæр куы никуы райстон, дæ рынтæ бахæрон.

Уыцы рæстæг Хъæндилы гуыбын схъуыр-хъуыр кодта.

– Уый дын циу уæдæ? – бафарста афицер ронмæ амонгæйæ.

– Уый пулемет нæу, мæ хур, уый мæ гуыбын хъуыр-хъуыр кæны, – æфсæрмхуызæй æмæ тарстæй йæ мидбылты бахудт Хъæндил. – Уæрмы бирæ фæбадтæн æмæ дзы, æвæццæгæн, уазал бацыдис.

– Хорз лæг, дæхи æррайæ ма æвдис, – йæ маст тыххæй уромгæйæ, фæхъæр ласта афицер, – æз дæу хуызæттæ бирæ федтон æмæ мæ никуы афæлывтой...

– Æрра цæмæн дæн, дæ бæрзонддзинад? Иннæ адæмы хуызæн дæн æз дæр... Фæлæ фæливгæ никуы никæйы акодтон.

– Чи зоны, афæлывтай, фæлæ мæн нæ афæливдзынæ. Зæгъма, пулемет дæм ис, æви нæй?

– Нæй куы зæгъын æз.

– Уый мæхæдæг дæр зонын, фæлæ дæ къахгæ кæнын, кæд пулеметыл ныхас кæнгæйæ басæттис, фондзæхстон дæм кæй ис, ууыл. Дæ разы уый пулеметы лент нæу, фæлæ топпы хъатара у. Ныр ахæм хъатаратæ кæнын райдыдтой дæу хуызæттæ пулеметы лентытæй.

– Уый хъатара нæу, рон у.

– Банцай! – мæсты цъæхахст та фæласта афицер æмæ йæ бынатæй фесхъиудта. – Сикъунд ма дын дæттын ахъуыды кæнынæн, стæй...

Хъæндил тарстхуызæй каст æмæ не ‘мбæрста, афицер цæуыл мæсты схъиудтытæ кæны æмæ йæ цæуыл хъуыды кæнын кæны, уый.

Бирæ ма йæ фæфарста хицау. Йæ дæндæгтæ дæр ын цалдæр хатты маузеры бырынкъæй бакъуырдта. Тынг фæндыд Хъæндилы, иу-æртиссæдз пулеметы дæр æм куы уаид, уый. Уæд сæ иууылдæр кадеттæн раттид æмæ уыцы хъизæмарæй фервæзид.

Хъуыддаг ахицæн ууыл, æмæ дыккаг бон Хъæндилы æндæр æртæ лæгимæ ауындзынмæ ракодтой. Тынг тарсти, фæлæ йæ æнæ аххосæй æрцауындздзысты, уый йæ нæма уырныдта.

Уалынмæ бакастысты тæрхон...

Куыддæр ын йæ бæрзæйыл бæндæн баппæрстой, афтæ кæцæйдæр фæзынд сæхи хъæуккаг прапорщик.

– Уый та цы кодта? – бафарста сонтхуызæй.

– Уый большевиччытæн сæ тæккæ цъаммардæр у, ницæуыл сæтты.

– У-у-у, Барис, мæ хур, ма мæ бауадз марын хуыцауы рæстæй, – ныллæгъстæ кодта Хъæндил.

Кадетты хицау Барисæй æцæгдзинад куы базыдта, уæд хорзау нал уыд, æгады бынаты кæй бахаудта, уый бамбæрста. Цæмæй уыцы худинагæй фервæза, уый тыххæй уæддæр Хъæндилы æрцауындзынвæнд скодта, раст у, нæу, уый нæ нымайгæйæ.

Фæлæ Барисы фæрцы уæгъдгонд æрцыд Хъæндил. Æмæ йæхи цæстытæй федта, уый хуызæн раст лæгты дæр кæм æфхæрынц кадеттæ, уым æцæг цыдæр æвзæр кæй сты, уый.

## VI

Æмæ уыцы тарстæй фæстæмæ Хъæндил бынтондæр тæрсын байдыдта мæлæтæй. Хæрз цыбыр асинтыл цæугæйæ дæр къах иста хъавгæ, куыд нæ фæкæла, афтæ.

Афтæмæй фондз æмæ дыууиссæдз азы фæхъахъхъæдта йæ зынаргъ уд.

Йæ царды фæстаг сахат уыдис фæззыгон къæвда бон. Йæ зæрдæ уæлдай хъæлдзæг уыд Хъæндилæн, уымæн æмæ йæ ус колхозæй æрласта бирæ хор, мыд, дыргъ æмæ ма суанг хъуын дæр. Тынг бацин кодта Хъæндил къуымбилыл, ус ын дзы хъарм цъындатæ скæндзæн, зæгъгæ.

Адджынæн бахордта сихор. Уый фæстæ йæ бафæндыд иу

чысыл сæ дуармæ абадын. Æмæ рараст сындæггай æддæмæ. Фæлæ йæ ацы ран æрцахста стыр фыдбылыз.

Асинтыл куы æрцæйхызт, уæд къæпхæн йæ быны ныссаст, рахаудта æмæ...

Йæ ус уыдис колхозы правленийы. Рудзынгæй сыхæгты згъоргæ куы ауыдта, уæд уый дæр ратахти. Адæм сæ кæрты æмбырдтæ кæнынц, уый куы федта, уæд фæтарст, йæ къæхтæ йæ нал хастой. Уыцы рæстæджы йæ рæзты фæцæйуад чидæр.

Ус йæхи нал баурæдта æмæ йæ афарста:

– Цы æрцыдис, хорз лæг, дæлæ уыцы хæдзары?

– Нæ зонын, – загъта уый, – цавæрдæр хъæндилыл дзы асин рафæлдæхт.

Ус афæлурс æмæ тагъддæр азгъордта.

Лæг йæ фæдыл кæсгæ баззад æмæ дис кодтаг «Цымæ хъæндилы мардыл цæмæн афæлурс уыдаид?..»

# МÆЛÆТ

## I

Иу райсом раджы та фæцæйцыдтæн базары ‘рдæм, дзидза, зæгъын, алхæнон. Мæ рагон лымæн Гидо фыдуæйгæнæг у, куыстмæ кæй фæтагъд кæнын, уый зоны æмæ мæ рады лæууын никуы уадзы. Куыддæр мæ ауыны, афтæ цыма мæнмæ дæр нæ дзуры, уыйау:

– Цас?

Æндæрырдæм здæхтæй фæзæгъын æз дæр:

– Иу кило æмæ дзы æрдæг куы уаид...

Хуыздæр æм цы хай вæййы, уымæй абары, цас дзы фæкурын, уый бæрц. Чи зоны, иу цалдæр граммы йæ фæкъаддæр кæны, æмæ йын хæлар фæуæнт: æдзухæй æмпъызтытæ хæлафы цæуы æмæ йæм цы бахауы, уымæй кæд йæ уæлæ исты скæнид! Æз та кусæг лæг дæн, æмæ мæ базары радзур-бадзургæнаг сылгоймæгты фæстæ лæууын уæддæр нæ бахъæуы.

Гъемæ та иу райсом раджы рараст дæн. Мæ цыд комкоммæ Гидомæ уыдис. Куыддæр мæ, зæгъын, ауына, афтæ та иуварсмæ адзурдзæн: – «Цас? – «Иу кило дзы куы уаид», – æмæ та мын, зæгъын, рады лæуджыты сæрты радæтдзæн, хуыздæр æм цы фыдызгъæл уа, уымæй. Йæ аргъ ын куы афидон, уæд фæстæмæ

згъордзынæн, мæ куыстмæ куыннæ байрæджы кæнон, афтæ.

Цæуын æмæ уадидæгæн бынатмæ бахæстæг дæн. Кæсын æмæ Гидойы ауыдтон. Кæдæмдæр тагъд кодта. Йæ къухты урс къухмæрзæн дары æмæ та дзы йæ цæстытæ асæрфы.

Æнæ радæй мын дзидза ратдзæн, уый мæ хъуыдыйы дæр нал уыд, фæлæ куыддæр фæдæн. Цыма мын базонын хъуыд, ахсджиаг чидæр дзы кæй фæзиан, уый. Фæлæ Гидойы хуызæн æнцой лæг афтæ кæуыл батыхса, ахæм дзы хъуамæ чи амæла? Бинойнаг ын куы нæ ис, цот иннæ ахæм. Æз æй рагæй зонын, æмæ уæдæй нырмæ иунæгæй куы цæры.

Йе 'фсымæр Къост куы ацух уыдаид, уæд мæнæй æртæ хæдзары уæлдæр цæры, æмæ йæ æз нæ фехъуыстаин? Стæй тынг хъæрмуд дæр нæ уыдысты Гидоимæ æмæ йыл афтæ фæрисдзæн, уый мæ кæцæй бауырнындтаид?

Цалынмæ, цы уыдзæн, куыд уыдзæн, ууыл рахъуыды-бахъуыды кодтон, уæдмæ мæм йæхæдæг æрбахæццæ.

– Цæй тыхст дæ, зæгъын, Гидо, дæ цæссыг бауромын куынæуал фæразыс? Хуыцау бахизæд, фæлæ кæд дæ къабæзтæй исчи фæзиан?

– Фæци йæ цард нæхи Алхæст, – дзуапп мын радта.

– Рухсаг уæд! Æмæ йыл цы æрбамбæлд! Тæккæ знон дæр ма цардбарæг куы уыд.

– Дæлæмæ ныххауæд. Дысон, зæгъы, дзæбæхæй бахуыссыд æмæ нал райхъал. Кæд æй исчи ныххурх кодта, уæддæр æй чи зоны?

– Рухсаг уæд! Аздæхин демæ зианæн æгъдау раттынмæ, фæлæ сывæллæттæн иу чысыл исты куы нæ æрбаппарон, уæд æнæхъæн бон æххормагæй куыд уыдзысты? Кæд æй абон æвæрдзысты, уæд æз дæр æгъдаумæ фæзындзынæн, куыддæр мæ куыстæй феуæгъд уон, афтæ.

Гидо йæ къух мæсты риуыгъд акодта æмæ дарддæр тындзгæ апыд.

Иу чысыл ма йæ фæдыл джихæй кæсгæ аззадтæн æмæ мæхинымæры дис кодтон. Йæхи хуызæн мæм нал фæкаст ацы райсом Гидо. Цæуыл тыхсы? Алхæстыл? Нæ, ууыл афтæ тынг фæрисса Гидо, уый зын бауырнæн у. Стæй куыннæ: иуæй йыл тыхсы, иннæмæй та йæ, «дæлæмæ ныххауæд», зæгъгæ, æлгъитгæ кæны... Чи зоны, йæ тыхстæй дæр дзуры. Гидо йæ бирæ уарзта...

Мæнæн дардыл хъуыдытæ кæнынæн рæстæг нæ уыд, тагъд

кодтон базармæ, уырдыгæй хъæмæ, нæхицæй та мæ куыстмæ æмæ азгъордтон мæ фæндагыл.

Боны æмбисмæ фæдæн мæ куысты, æмæ уырдыгæй уыциу цыд акодтон зианмæ. Кæрты, дуары тæккæ бахизæны сæргуыбырæй, æнкъардæй лæууынц адæмы æхсæн Алхæсты дыууæ æфсымæры æмæ æрмæст бахъынцъым кæнынц, зианмæ кæугæ исчи куы бацæуы, уæд.

Фæлæ уромджытæ уромын нæ фæразынц Гидойы йе 'рдигæй, цыма дунейыл цы иунæг адæймагыл баст уыд йе 'ппæт уарзондзинад, уыцы адæймаг ын фæхъуыд, уыйау. Тыххæйамæлттæй йæ æрсабыр кæнынц йæ маройæ дзыллæ, æрыздæхынц æм Алхæсты æфсымæртæ сæхæдæг дæр. Æмæ ныхъхъус вæййы бæргæ, фæлæ хæрз чысыл рæстæг йеддæмæ нæ рауайы, афтæ йæ зæрдыл цыдæр æрбалæууы æмæ йæ фуртт-фуртт ссæуы, йæ къухтæ та æд фындзыкæлмæрзæн цæстытыл аныхæсынц.

## II

Бавæрдтой мæгуыр Алхæсты мард, уæдæ цы!

Цыфæнды хорзы, цыфæнды хæстæджы зиан дæр ферох кæнын кæны рæстæг. Зиан кæуыл æрцæуы, уымæн та йæ зæрдæйы хъæдгæмттæ байгас вæййынц.

Уæлдайдæр Алхæстыл иууылдæр райдианы тынг фæрыстысты. Фæлæ дзы уыцы æфснайæн чиныджы хабар куы райхъуыстис, уæд æм адæмы зæрдæ куыддæр фæуазал.

Куыд рабæрæг, афтæмæй Алхæстæн йæ амарды фæстæ баззадис æфснайæн кассæйы чиныг. Уымæй йæхи йеддæмæ æхца райсæн никæмæн уыдис. Кассæйы та йын æвæрд уыди къаддæруæддæр дæс æмæ авдыссæдз мин сомы.

«О, дæ ингæны дæлæмæ ныххауай. Уый бæрц дын кæд мулк æвæрд уыди кассæйы, уæд иунæгæй афтæ мæгуырæй цæмæн арвыстай дæ цард цавæрдæр къуындæг, æрдæг талынг къуымы», – мæрдтæм ын уайдзæфтæ æрвыстой бирæтæ. Гъемæ ма дзы адæмы зæрдыл лæууыди æрмæстдæр «Алхæсты æфснайæн чиныг». Хъазгæйæ-иу исчи искæмæн куы фидис кодта, уæд-иу ын дзырдта:

– Ард дæ хæдзары бацыди, дæ бирæ æхцатæ «Алхæсты æфснайæн чиныгмæ» цы калыс, фæлтау дæ разы дæ уæлæ исты дзæбæх дарæс скæн æмæ йæ куы «æхсай», уæд дзы махмæ дæр кæд фæйнæ æртахы æрхауид.

– Фæлæ цы фæуыдзысты, цы, Алхæстæн æфснайæн кассæйы чи баззад, уыцы дунейы мулк? – фарстой адæм кæрæдзи, цалынмæ æхца цы бауинаг уыдысты, уый баисты, уæдмæ.

Æмæ æниу цы бауинаг уыдысты? Алхæстæн йæ фæстæ баззадысты Бати æмæ Хъуыдæберд, йæхæдæг æфсымæртæ кæй хуыдта, иннæтæ дæр афтæ кæй хуыдтой, уыдон. Сæ хæлæрттæ сын дзырдтой:

– Цырд фæлæуут, уæ хорзæхæй, æмæ уе 'фсымæры бирæ бынтæ дзæгъæлы сæфын ма бауадзут, райсут сæ кассæйæ, кæнæ сæ уæхи номыл ныффыссут.

Бæргæ балæвæрдтой тæрхондонмæ. Фæлæ уым куы равзæрстой хъуыддаг, уæд рабæрæг, Бати æмæ Хъуыдæберд Алхæстæн йæ мадæй райгуырггæ кæй не сты, фæлæ йæ фыды хистæр æфсымæр Къæдзы фырттæ кæй сты. Уый та хæдзарæй байуæрста, цот дæр ын нæма уыд, афтæ, хохы ма куы цардысты, уæд. Ныртæккæ фырттæ сты цæрæг хæдзæрттæ, сæхицæн цот ис æмæ, Алхæстæй цы бынтæ баззад, уыдонмæ æддæрæгонæй уæлдай бардарæг не сты.

Бирæ фæцархайдта мæгуыр Гидо дæр, æхца йæ къухы куы бафтиккой, ууыл. Йæ фадæттæ æмæ амæлттæ цас уыдысты, уый бæрц фембырд кодта алыхуызон гæххæттытæ, æфсымæртау кæй уыдысты Алхæстимæ, «кæрдзыны къæбæр дæр сын уæрст кæй никуы уыдис», уый тыххæй бирæ æвдисæнтæ ссардта. Фæлæ Алхæстæн йæхи фыды хæрз æфсымæры фырттæн кæм ницы рауад сæ хъуыддагæй, уым йæ дард æрвад Гидо цы рамбылдтаид?

Æмæ уый дыккаг марды хуызæн нæ, фæлæ ноджы бирæ зындæр бакодта Гидойæн. Ныронджы хъæлдзæг, йæхицæй разыхуыз цæсгомыл æрбадтис уазал саумигъ æмæ-иу æхсæвыгæтты, цыма уыцы мигъæй уарыны æртæхтæ тагъдысты, афтæ йæ цæссыгтæ арæх хаудтой базмæ. Адæм фиппайдтой, фæлурсæй-фæлурсдæр кæй кæны, йæ цæсгомы æнцъылдтæ фылдæрæй-фылдæр кæнын кæй байдыдтой, уый æмæ дзырдтой:

– Алхæст ма йæхæдæг гъа, фæлæ йæ фæстæ йæ мæлæтæй амардта æвæджиау фыдуæйгæнæг Гидойы дæр. Уагæр ын цы бавæййы? Æгас ма куы уыдис, мæгуыр, Алхæст, уæд куы никуы зынд сæ хæстæгдзинад?

Йæ куыстмæ та цыди Гидо. Йæ тæккæ фæндагыл – æфснайæн кассæйы агъуыст. Æмæ адæмæй бирæтæ куыд фиппайдтой, афтæмæй-иу йæ размæ куы бахæццæ ис, уæд-иу уыциу каст фæкодта мæстыхуызæй æмæ-иу загъта:

– Дæлдæр ныххау, кæм дæ, уым. – Йæхæдæг-иу лидзæгау тагъд къахдзæфтæй базары ‘рдæм аивгъуыдта йæ фыдуæйгæнæн бынатмæ.

– Йарæбын, ацы Алхæсты мард Гидойыл куыд тынг фæзынд, ахæм диссаг æрцæугæ никуы уыдис. Бынтондæр йæ хуыз аивта æмæ куыд зыны, афтæмæй йæ зонд дæр цæуын байдыдта, – дзырдтой адæм. – Уый бæрц сдзæгъæл æмæ барæнтыл гир æрæвæры, фæлæ иннæрдыгæй дзидза не ‘рывæры, æмæ æлхæнæгæн фæзæгъы, айс, зæгъгæ.

Æндæр уавæрты адæм Гидойы рахониккой давæг. Фæлæ чи нæ зоны, цы уавæры ис, уый!

Алхæсты бынтæм бардарæг хæстæг кæй нæ баззад, уый тыххæй сæ афыстой æфснайæн кассæйæ æмæ сæ банкмæ бахастой, «паддзахады æнæнхъæлæджы æфтиагмæ», зæгъгæ. Уыцы хабар куы фехъуыста Гидо, уæд æртæ боны йæ куыстмæ дæр нал фæзынд.

Йæ рæстæджы ма бæргæ фæкуырдта æфснайæн кассæйы хицауæй, иу чысыл ма мын дзы раттут, кусæг лæг уыд Алхæст, йæ фæллойы капеччытæ фембырд кодта æмæ ма йæ ном куыд баззайа, афтæ йын цырт уæддæр сæвæрон, зæгъгæ, фæлæ закъонтæй иу дæр йæ фарс нæ рахæцыд æмæ йæ бирæ архайдæй ницы рауад.

## III

Иу райсом та мæхи рарæвдз кодтон базарæй сывæллæттæн исты хæринæгтæ æрбадавынмæ. Куыддæр хызын мæ къухмæ райстон æмæ цæуынмæ хъавыдтæн, афтæ нын нæ дуар æрбахостæуыд. Æз æм ракастæн.

Æддейы лæууыдис иу æрыгон лæппу, уынгæ йæ арæх фæкæнын, фæлæ чи у æмæ йæ ном цы хуыйны, уый нæ зонын. Фæдис кодтон, уыцы афон æй цæмæн бахъуыдаиккам, зæгъгæ.

– Бахатыр кæнут, афтæ раджы уæ кæй хъыгдарын, уый тыххæй, – дзуры мæм уыцы æфсæрмхуызæй,

– Дæ хорзæхæй, зæгъын, лæппу, нæ сæр дæ цæмæн бахъуыд, уымæн дын нывонд фæуæд. Ацы раджы нæм æнæ хъуыддагæй нæ фæзындаис.

– Дысон Гидо фæзиан æмæ дын уый фехъусын кæнон, зæгъгæ, мæ рарвыстой дæумæ.

– Гидо? Куыд фæзиан? Ау æмæ ма дзы тæккæ знон дæр дзидза куы балхæдтон!.. Æнкъард хаста фæстаг рæстæджы, фæлæ æнæуи цардбарæг куы уыд.

– Уый афтæ у, – зæгъы лæппу, – фæлæ куыд амард, уый бæрæг у. Дысон, дам, дзæбæхæй ныххуыссыд, фæлæ йæ райсомæй сыхæгтæ ссардтой мардæй... Цыма, дам, йæхæдæг йæхи...

– Астафыр-æллæх! Æмæ йæхæдæг йæхи куыд амардтаид? Уæд ын йæ хæцæнгарз уæддæр ссардтаиккой йæ разы. Уæдæ йæ исчи дæр цæмæн амардтаид?..

Ахæм рæстæг куыд æмбæлы, афтæ арфæтæ ракодтон лæппуйæн, æмæ уый ацыд. Фæлæ мæхæдæг сагъдауæй лæугæ аззадтæн æмæ ахъуыды кодтон, цы чындæуа дарддæр, ууыл. Мæ куыстмæ дæр мын байрæджы кæнæн нæй, ахæм зианыл дæр афоныл æнæ сæмбæлгæ хорз нæу. Йе ‘фсымæр мæ тæккæ сыхаг у, æмæ кæрæдзи кæд тынг-тынг нæ уарзтой, уæддæр æфсымæр æфсымæр у æмæ йæ зианы сахат йæ разы куы нæ балæууон, уæд куыд уыдзæн? Худинаг у.

– Æфсин, дæ хорзæхæй, дæхæдæг сфыдæбон кæн ацы райсом базармæ, уæлæ Гидо амард æмæ уырдæм ауайон.

Зианджын хæдзары адæм уый бæрц бирæ нæма уыдис. Æз ратæфæрфæс кодтон æфсымæртæн, стæй бацыдтæн Гидойы марды уæлхъусмæ. Марды хуызæн дæр нæ уыд, цыма фынæй баци, афтæ æнцад хуыссыд йæхицæн æмæ йæ ницыуал хъуыд, дунейыл цы хъæздыгдзинæдтæ æмæ рæсугъддзинæдтæ ис, уыдонæй. Цæмæн æй хъуыд, æз йæ цуры кæй лæууыдтæн, уый дæр, куынæуал мæ фендзæн, уæд? Йæхæдæг Алхæстæн цырт ныссадзыныл фæархайдта æмæ йын уымæй дæр ницы рауад. Фæлæ йын ныр йæхицæн цыфæнды цырт ныссадз, уæддæр æй цæмæн хъæуы? Чи зоны, йæ ном ма йын мысын кæндзæн, фæлæ йæ цæргæйæ хорзæй цы бакодта адæмæн, уый куы нæ уа, уæд æй цæмæн дардзысты сæ зæрдыл, арвмæ чи хæццæ кæна, ахæм цыртмæ куы кæсой, уæддæр?

Уыцы æнамонд хъуыдытæ мæ аластой сæ фæдыл æмæ куыстмæ куы ферæджы кæнон, уымæй дæр тæссаг уыдис. Уæдмæ æрбайхъуыст крахмалгæнæн заводы гудок.

Кæртмæ рахызтæн. Мæрддзыгой нæма фæзынд, æрмæст Гидойы æфсымæр Къосты фарсмæ лæууыдис Агыдæ. Бацыдтæн сæ размæ, цы чысыл рæстæг ма мын аззад куыстмæ цæуынмæ, уым сæ цуры алæууон, зæгъгæ. Уæддæр нæхимæ нал аздæхтаин.

Агыдæ æнæуи хуыцауы æлгъыст у, йе ‘взаг цыфæнды сæрдасæнæй цыргъдæр у, цы судзаггаг марды уæлхъус не схудын кæндзæн адæмы, ахæм ын нæй. Фæлæ уый дæр ныр зианджыны кæрты йæхи дардта æгъдауыл.

– Бахатыр кæн, дæ зæрдæ рыст у, фæлæ уæддæр цæй тыххæй йæхимæ систаид Гидо йæ къух? – бафарстон æфсымæры. – Махæн дæр дард нæ уыдис æмæ дæм уый тыххæй бауæндыдтæн. Уæлдайдæр нæ разы ничима ис мæнæ Агыдæ йеддæмæ æмæ уыимæ дæр æфсымæрæй хæстæгдæр цæрыс. Цæмæн амардтаид йæхи?

– Уый абон нæ, фæлæ раджы амардта йæхи, йæ алыварс адæмы уарзондзинад æмбырд кæныны бæсты уыцы æнамонд капеччытæ æмбырд кæныныл куы фæцис, уæд... – дзуапп радта æнкъардæй æфсымæр.

– Уыдон та цавæр капеччытæ сты?

Къост дард ныхæстыл нæ ахæцыд, фæлæ комкоммæ загъта:

– Иу изæр мæм æрцыд Гидо нæхимæ. Куыд нæ йыл бацин кодтаин, уæдæ ма æфсымæрæй тынгдæр кæуыл бацин кæна адæймаг? Фæлæ цавæрдæр сагъæсхуыз уыдис. Махмæ арæх нæ цыдис æмæ мæм исты хъуыддаджы тыххæй кæй фæзынд, уый мын цы æмбарын хъуыд? Æниу царды ныхæстыл фестæм, фæлæ мæм цæмæ æрцыд, уый кой нæ кæны. Æппынæрæджиау æрбаздæхт æмæ мæм дзуры:

– Йарæби, зæгъы, Къост, мæ мадæй райгуыргæ æфсымæр дæ æмæ мæ кæдæй-уæдæй дæ сæр бахъуыд.

– Мæ сæр дæ, зæгъын, кæд нывондæн хъæуы, уæддæр дын цæмæн бæззы, уымæн, табуафси...

– Иу чысыл мæм, зæгъы, æхца бамбырд, мах куыст афтæ у æмæ дзы адæймагмæ æнæ иу капекк пайда æрхаугæ нæй дзидзайы хицауæй дæр æмæ дзидза æлхæнæгæй дæр...

– Мæ мæрдтыстæн, – мæхи нал баурæдтон æз, – лæг йæхæдæг куы нæ архайа пайдайы капеччытæ æрбассивыныл, уæд капеччытæ дæр уæлдæфы дзæгъæл тахт нæ кæнынц.

– Уымæй раст зæгъыс... Фæлæ мæм, зæгъы, цыдæр капеччытæ æрæмбырд æмæ... адæм æвзæр сты, исчи сæ куы фæхъуыды дара, уæд куыд вæййы, цы вæййы. Æфснайæн кассæмæ лæвæрд куы æрцæуиккой, уæд æдасдæр уаид.

– Æмæ сæ, зæгъын, ратт, æндæр дыл цы цæуы?

– Æз дæр ууыл хъуыды кæнын, зæгъы, фæлæ сын мæхи

номыл раттæн нæй. Адæм æвзæр сты æмæ дзы чи цы фенхъæл уыдзæн, хуыцау æй зоны. Исчи фехъусын кæндзæн, уыдон æлхæнджыты хардзæй æрбассывта, æндæр æм уый бæрц æхца кæцæй æрцыд, зæгъгæ.

– Æмæ, зæгъын, афтæ бирæ сты, æфснайынмæ бахæссынмæ кæй хъавыс, уыдон?..

– Цанæбæрæг бирæ сты, исты дын къупецаг куы нæ дæн. Фæлæ уал дзы æфснайд куы æрцæуид æртындæс æмæ æхсæзыссæдз мины æмæ æрдæг, уæд адæймагæн йæ зæрдæйы катай фæсабырдæр уаид.

– Æртындæс æмæ æхсæзыссæдз мины! Уыдон чысыл æхца не сты.

– Уый бæрц чысыл æхца дæр не сты, дыууæ-æртæ суарийы куы уаиккой, уæд сæ мæхи номыл дæр цæвæрин... Фæлæ ды сабыр, æууæнкджын, кусæг лæг дæ æмæ дæу номыл æвæрд куы æрцæуиккой, уæд мæ фервæзын кæнис.

– Нæ, зæгъын, ме 'фсымæр дæ æмæ мын бахатыр кæн, фæлæ дын уыцы хъуыддаджы нæ бацæудзынæн. Дæхи загъдау, æууæнк уал мыл ис нырма, фæлæ здыйæ æвзист кæм хицæн кæнынц, уыцы ран кусын æмæ æвиппайды кассæмæ æртындæс æмæ æхсæзыссæдз мины куы бахæссон, уæд ме 'ууæнк цы бынаты абаддзæн, уый æмбарыс дæхæдæг?

– Гъе, бæллæх знагыл æрцæуа, йе йын ус куы нæ уыд, йе сывæллон, йе æндæр даринаг, уæд кæмæн æмбырд кодта уый бæрц æхца? – дисы бацыд Агыдæ.

– Кæй туг æм фæхæццæ, нæ зонын, мах – иннæ мады зæнæгæй ахæм ничи уыд, фæлæ чысылæй фæстæмæ дæр афтæ рахаста. Æз ын не сразы дæн æмæ мæм зæрдæйæ фæхæрам, æцæг зæгъгæ ницы кодта. Мæ фæстæ баздæхт Алхæстмæ æмæ йын уый сразы. Кусæг лæджы номыл адæмы цæсты къæм ныууагъта æмæ ма уый та куыд ссыгъдæг кæнон, нæ зонын, – загъта сагъæсхуызæй Къост.

Мах ын раарфæ кодтам ноджыдæр ма иу хатт, нæ куыстмæ нын æнæ тагъдгæнгæ кæй нæй, уый тыххæй дзы хатыр ракуырдтам, æмæ Къост йæхæдæг иунæгæй лæугæйæ баззад мæрдджыны дуармæ.

– Уæ хорзæхæй, нæхи æхсæн цы дзырдтам, уый адæмыл ма ахæлиу кæнут, ныгæнынмæ йæм уæддæр куыд æрцæуой, афтæ, – фехъуыстам ма Къосты ныхас.

Цъары фæрстыл:

*2. Чарльз Шелдон.* Эльза Фергюсоны сурæт.

*3, 4. Хесус Хэлтуэра.* Сылгоймæгты сурæттæ.

* * *


*Корректор* *Заира КАРАЦЕВА*
*Дизайн* *Залина ГУРИЕВА*
*Компьютерный набор* *Марина КИРГУЕВА*


* * *

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна,
уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

*Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны,*

*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 05.03.14. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 32.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 94. Цена свободная. Выход из печати 20 марта 2014г.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*


JESUS



Индекс 73247